- (e) kurambidzwa kweugari huii kweiremeredzwa ugaro ngekwakabve dzinza kana kunyoresa; uye
- (f) kudzadzisa zviri muChipauko chinechi.

43 Kungwarirwa kwekodzera yekuve mugari wenyika.

(1) Munthu uri hakwe wainge, zuwa rekuamba kushanda kweBumbeo risati raguma, ari mugari wemuZimbabwe unoramba arimugari wemuZimbabwe kana zuwaro radarika.

(2) Munthu uri hakwe wakabarirwa muZimbabwe zuwa rekuamba kushanda kweBumbeo unoramba ari mugari wemuZimbabwe ngekubarwa kana—

- (a) umwe kana veshe veabari vakwe vainga mugari wemunyika yakazoa nthengo yeSangano Remubatanidzwa weNyika dzekuChambhembe kweAfrica (SADC) kubudikidza ngechibvumirano chakabharirwa kuWindhoek kuNamibia zuwa ra17 Nyamavhuvhu 1992; uye
- (b) ainga eigara muZimbabwe pazuwa rekuamba kushanda kweBumbeo.

CHIPAUKO 4

KUZIISWA KWEKODZERO

CHIBIMVU 1

KUSHANDISWA NEKUKHUMUCHWA KWECHIPAUKO 4

44 Mushando wekuremeredza kodzera dzeanthu dzakakosha nerusununguko

Utongi hweNyika nemunthu weshe, kudhibanisira vanoemerera masangano, uye masangano eshe nemarupande eHurumende pamatantho eshe anosisa kuremeredza,

kungwarira, kumurudzira nekudzadzisa kodzero nesununguko zvakabekwa muChipauko chinechi.

45 Kushandiswa kweChipauko 4

(1) Chipauko chinechi chinosunga Utongi hweNyika neutungamiriri hwepadera hweshe, masangano ezvekugadzirwa kwemirawu nemasangano ezvekutongwa kwendaa nemarupande eHurumende pamatantho eshe.

(2) Chipauko chinechi chinosunga munthu weshe akadziemera nevakaemera masangano kugumira pakuti chinobekwa kwevari kwechipinimidzwa maemere ekodzero kana sununguko ingaapo uye zvingaa zviru zvinoningirirwa kuizwa pashi peChipauko chinechi.

(3) Vanthu vakaemerera masangano uye vanthu vakadziemera vane kodzero nesununguko yakatarwa muChipauko chinechi kuguma pakuti kodzerodzo nesununguko dzinokwededzwa kwevari zvakasisira.

46 Kukumuchwa kweChitsauko 4

(1) Kana kweikumuchwa Chipauko chinechi, dare rendaa, sangano rinoningira ngezvekutongwa kwendaa, kundhla yekuhleya ndaa kana sangano riri haro-

- (a) rinosisa kupe kudzadzisa kwakakwana kwekodzero nesununguko dziri muChipauko chinechi.
- (b) risosisa kumurudzira zvikoshwa neurongwa zviru hwaro hwentharaunda yejekerere zvechitsamira pakua pamphene, kutodzaniswa kuremeredzwa kweanthu, kuendzanirana nesununguko, uye, kakurutu, zvikoshwa neurongwa hwakatarwa muChibimvu 3;
- (c) rinosisa kukoshesa mirawu yepashi reshe nezvitenderano zveshe, nezviga zvakapindwa ngeZimbabwe;
- (d) rinosisa kukarakadza zviemeso zveshe zvebumbiro rineri, kakurutu, urongwa nebiningidzo zvakatarwa muChipauko 2; uye
- (e) rinosisa kupinimidza mirawu yenyika dzekubanze yakasisira, padera pekupinimidza zvimweni zveshe zvakakosha zvinotorwa pakukhumuchwa kweBumbiro reMirawu.

(2) Kana kweikumuchwa kubekwa kwemurawu, uye kana kweiumbwa murawu wentharaunda nemirawu yetsika, matare eshe, masangano anoningira zvekutongwa kwendaa, bandhla rekuhleya ndaa, kana sangano riri haro, anosisa kumurudzira nekutungamirirwa ngemipinimidzo nebiningidzo reChipauko chinechi.

47 Chipauko 4 achirambidzi kuapo kwedzimweni kodzero

Chipauko chinechi achishaishiri kuapo kwedzimweni kodzero nesununguko dzinokona kana kuhinwa ngemurawu, peshe pazvinoenderana neBumbiro reMurawu rineri.

CHIBIMVU 2

KODZERO DZEANTHU DZAKAKOSHA NESUNTHUNUKO

48 Kodzero yendaramo

(1) Munthu weshe une kodzero yendaramo.

(2) Murawu unokona kutendera mutongo werufu uhinwe kwegu kuti munthu auraya zveutsinye, uye—

- (a) murawu unosisa kutendera dare kua nesimba rekukona kupa kana kusapa mutongo werufu;
- (b) mutongo unokona kupuwa kwega zveienderana nemutongo unosisira kupuwa ngedare rinoremeredzwa.
- (c) mutongo ausisiri kupuwe kumunthu—
 - (i) une makore ari pasi pemakumi mairi nerimwe panguwa yekuparwa kwenda; kana
 - (ii) une makore anodarika makumi manomwe;
- (d) Mutongo ausisiri kupuwe kumadzimai; uye
- (e) munthu unopuwe mutongo unosisa kua nekodzero yekukumbira kurekererwa kana nekudzasirwa mutongo kubve kuMutungamiri weNyika.

(3) Mutrawu wePalamendi unosisa kungwarira ndaramo yeana asati abarwa, uye murawuwo unosisa kupe kuti mimba iduswe zviri pamurawu.

49 Kodzero yemunthu yekua nerusununguko

(1) Munthu weshe une kodzero yekua nerusununguko, urwo runokumanidzira kodzero—

- (a) yekusangwarirwa muusungwa asati atongwa; uye
- (b) yekusanyimwa rusununguko rwakwe pasina ndaa kana zvisina shwiro.

(2) Apana munthu ungabekwa muusungwa ngenda yekukorera kudzadzisa zvinosisa kuizwa pachitenderano.

50 Kodzero dzeasungwa neakangwarirwa muusungwa

(1) Munthu weshe ari muusungwa—

- (a) Unosisa kuronzerwa panguwa yaanosungwa ndaa yaasungirwa;
- (b) unosisa kutenderwa, ngekukasira—
 - (i) kweishandiswa zvishandiswa zveUtongi hweNyika, kuziisa mwamuna/mukadzi kana shamwari kana hama kana gqeta kana umweni hake waangazvikhetera; uye
 - (ii) kweishandiswa zvishandiswa zvakwe, kuzwa kubve kune gqeta rakadziemera kana chiremba waangazvidira; uye unosisa kuziiswa nekodzero iyi ngekukasira;

- (c) unosisa kubatwa zvine unthu uye ruremeredzo kuchireremera chake;
- (d) unosisa kusunungurwa pasina mubhadharo kana peiningirwa chiemo chakakodzera, kwakaemerwa mutongo kana kutongwa, basi kuti paine ndaa inosisire kuti arambe akangwarirwa muusungwa; uye
- (e) unosisa kutenderwa kupikisa kuti kusungwa kwake kuri pamurawu mudare uye unosisa kusunungurwa ngekukasira kana akasungwa zvisiri pamurawu.

(2) Munthu weshe hakwe unonga asungwa kana kungwarirwa muusungwa —

- (a) nebiningidzo reekumuendesa kudare rendaa; kana

- (b) kunda yaanofungidzirwa kuti akapara; uye asikazi kusunungurwa unosisa kuunzwa pamberi pedare rendaa ngekukasika uye asikagumi maawa anodarika makumi marongomuna nemaserere asungwa kana kukonyerwa;

zvingaa zviru hazvo, kungaa kuti mukuwo unopera ngemuGubera, Soto kana mazuwa ekudzorora.

(3) Munthu uri hakwe usikazi kuunzwa kudare rendaa mumaawa makumi marongomuna nemasere sezvaronzwa muchibimvu chidoko (2) unosisa kubudiswa muusungwa ngekukasika kubanze kwekuti kukonyerwa kwakwe kwadarisirwa mberi ngedare rendaa.

(4) Munthu uri hakwe wasungwa kana kukonyerwa ngenda yaanopumphwa ndiyo une kodzero

- (a) yekuramba akanyarara;
- (b) kuziiswa ngekukasira—
- (i) ngezvekodzero yakwe yekuramba akanyarara; uye
- (ii) zvinoitika sure kweturamba akanyarara uye kusaramba akanyarara;
- (c) yekusamanikidzwa kudura kana kutenda kuri hakwo; uye
- (d) pakuambe kuenda kudare rendaa kubva paakasungwa, kuti apuwe mutongo kana kuziiswa kuti ngei aisisira kuramba akakonyerwa muusungwa kana kusunungurwa.

(5) Munthu weshe wakonyerwa muusungwa, kukumanidzira apuwa mutongo, ane kodzero—

- (a) yekuziiswa ngekukasira kuti ngei ari muusungwa;
- (b) yekudzibhadharira, kubvunza pakafishika kugqeta raanzvikhetera, uye yekuziiswa nezvekodzero iyi nekukasira;
- (c) yekubhuya na-, kana kushanyirwa nge—
- (i) mwamuna/mukadzi kana mudikanwa;
- (ii) hama;
- (iii) mupangi wechitenderwa waanzvikhetera;
- (iv) gqeta reanzvikhetera;
- (v) chiremba weanzvikhetera; uye
- (vi) zveienderana nekuzwisika kwemiganu yakancondana nemashandire ematirongo kana ndau dzekukonyerwa kweasungwa, chero umweni weanzvikhetera;
- (d) yekungwarirwa ngenjira dzinoenderana nechiremerera chemunthu, kukumanidzira mukana wekuita zvinogwinyisa muiri uye, yekupuwa, zveibhadharwa ngeUtongi hweNyika, pekugara pakasisira, zvitororo, kushambidzika, kurya kunoaka muiri, zvakasisira zvekuerenga nekurapwa; uye
- (e) yekupikisa kungwarirwa muusungwa pachakwe pamberi padare rendaa uye, kuti kukonyerwa kwakwe muusungwa kusiri pamurawu asunthunurwe ngekuksaira.

(6) Munthu uri hake unonga akonyerwa muusungwa echiemera kutongwa kwenda yaanopumphwa ndiyo uye asikazi kutongwa ngemukuwo wakasisira anosisa kubudiswa mukukonyerwa, kungaa kuti pasina zveanoningirirwa kuita, kana zviga zvinozwisika kuitira kuti asunungurwa—

- (a) aende kootongwa
- (b) kuti asashaishire ufakazi hunozopuwa pakutongwa; uye
- (c) kuti asapare imweni ndaa kutongwa kusati kwaamba.

(7) Kana pane ufakazi hunozwisika kugonda kuti munthu akakonyerwa muusungwa zvisiri pamurawu kana zveinesa kubate gwinyiso rekune munthu wakakonyerwa muusungwa, munthu uri hake anokone kuende kuDare Guru rendaa koobeka chichemo—

- (a) kuti munthu unonga akangwarirwa muusungwa asunungurwa kana kuti aendeswe pamberi pedare rendaa kuti zvinisingirwe kuti kukonyerwa kwakwe muusungwa kuripamurawu ere, kana kukumbira kuziya kunenge kwakangwarirwa munthu; kana
- (b) kuti kudaidzirwe kuti kukonyerwa muusungwa akusi pamurawu uye kuite kuti asunugnurwe ngekukasira; uye Dare Guru rinokona kupa mutongo chero uri hawo wakasisira chiemo.

(8) Kusungwa kana kungwarirwa muusungwa kunopikisana nechibimvu chinechi kana zviemeso zviru muchikamu chinechi pashi pamurawu;

(9) Munthu uri hakwe unonga asungwa kana kukonyerwa muusungwa zvisiri pamurawu une kodzero yekuripwa ngemunthu unonga akonzereswa kusungwa kana kukonyerwa kwakwe muusungwa, asi murawu unokona kungwarira anthu anoteera vasabhadhariswe muripo pashi pachikamu chinechi—

- (a) mushandi wezvekutongwa kwenda unenge eiita mushando wakwe akaemerera zvekutongwa kwenda zvinozwisika mugwinyiso;
- (b) mushandi weveruzhinji uri hakwe, unenge eiita mushando wakwe zvinoreketeka, mugwinyiso uye asikakhombidzi kusaziya kana kutama hanya.

51 Kodzero yekua nechireremera

Munthu weshe ane chireremera chakwe pandaramo yaanodziponera uye yaanopona neamweni, uye ane kodzero yekuti chiremerera chake chiremeredzwe nekungwarirwa.

52 Kodzero yemunthu yekungwaririka

Munthu weshe anekodzero yekuremeredzwa kwemuiro nenxondo yakwe, zvinokumanidzira kodzero-

- (a) yekusununguka kubve kunjira dzeshe dzejichimiru, dzinobve kuruzhinji kana dzakafishika
- (b) zveienderana nemurawu uri hawo unopuwa muBumbiro reMirawu rineri, kuite mazano akancondana nezvekubara;
- (c) yekusapinzwa mutsvakurudzo yezveutano kana yezveSainzi, kana yekutorwa kana kushandiswa kwenyama yemuiro wakwe, pasina kuronzerwa zvakanwana nekupa mvumo.

53 Kusunthurika kubve mukurwadziwa kana utsinye, kudhaniswa nekurangwa zvisina unthu

Apana munthu anosiso kubekwa pakurwadziwa kwenyama kana nxondo kana utsinye, kana kubatwe zvisina unthu, kana zvinodhanisa kana kushwinyiswa.

54 Kusunthurika kubve muubochwa kana mishando yeubochwa

Apana munthu anosisa kubekwa muubochwa kana mishando yeubochwa.

55 Kusunthurika kubve mukundokonyedzwa

Apana munthu anosisa kuite mushando zvekundokonyedzwa kana mushando unozwi isisiro.

56 Kuedzanisa nekusakheta

(1) Anthu eshe akatodzana pamberi pemurawu uye anekodzero yekungwarirwa nekudetsereka zvakatodzana ngemurawu.

(2) Madzimai neaisa anekodzero yekubatwa zvakaedzana, kukumanidzira kodzero yekuoneswa mikana yakaedzana pane zvevatongerwe enyika, zveufumi, zvetsika nemagarire nezvemuntharaunda.

(3) Munthu weshe ane kodzero yekusabatwe zvine kupaurwa zvisina kuedzanirana ngendaa yenyika yaanobva, rudzi, ruara rweganda, dzinza, kwaakabarirwa, kwakabve dzinza, kana mwaakakurira, ndimi, ufumi, chitendero chakwe, bato reanotsigira, mikarakadzo, maitire, tsika nemagarire, uisa/udzimai, mishando yeuisa kana udzimai, kuroora/-rwa/kusaroora/-rwa, makore, mimba, urema kana chikundhla pane zveufumi kana mumagarire muntharaunda, kana kubarirwe mumuchadho kana kubanze kwemuchadho.

(4) Munthu anozwi abatwa zvine kukheta zveishandiswe muchibimvu (3) kana—

- (a) akaiswa pachimo chinomuganura kana kuremadza zvisikaitwi kune amweni anthu; kana
- (b) amweni anthu ahinwa, iwo pachawo kana ngedzimweni njira, detseredzo kana mukana wevasikazi kuhinwa.

(5) Kupaura ngenjira iri hayo yakaronzwa muchidimbu (3) kune kutsikirira, kubanze kwekuti zvaoneka kuti kupaura kwakhona kwakaedzanirana, kunozwisika nekuemerereka muntharaunda yejekerere inoitire zviro pamphene, kuedzanisirana, chireremera cheunthu, kuenzanirana, nesununguko.

(6) Utongi hweNyika hunosisa kutora matantho ezvemurawu anozwisika uye neamweni matantho kudetseredza kuepo kwekuedzanirana uye kungwarira kana kukhundidzira anthu kana mapoka eanthu vaiya vakarashikirwa ngezvavaisisa kuona ngendaa yekupaurwa kune kutsikirirwa, uye—

- (a) matantho aya anosisa kutorwa kunasirisa zviro zvemene zvinodiwa;
- (b) apana dantho rakadarokwo rinosisa kutorwa serekutsikirirwa, zvechiningirwa zviro muchidimbu (3).

57 Kodzero yekurambidza anthu kuti asapindire mune zvendaramo yemunthu

(1) Munthu weshe une kodzero yekufisha, zvinodhibanisira kodzero yekusa—

- (a) pindirwa pamphatso, pandau yakwe kana mudziyo pasina mvumo yakwe;
- (b) sechwa iye pazima, pamphatso, pandau yakwe kana mudziyo pasina mvumo yakwe.
- (c) torerwa zviro zvakwe;
- (d) sashaishirwa kufishika kwezveanonga echireketa neamweni anthu; kana
- (e) kufumurwa maemwero eutano hwakwe.

58 Kusunthurika kuite mbungano nekuhlongana neamweni

(1) Munthu weshe une kodzero yekua nerusununguko rwekuita mbungano nekuhambidzana neamweni, uye kodzero yekusaa nembungano nekuhambidzana neamweni.

(2) Apana munthu ungamanikidzwa kua umweni wembungano, kana kuenda kumuhlongano kana gungano.

59 Kusunthurika kukhombidzira nekubhuya zvitsinzwa

Munthu weshe ane kodzero yekukhomidzira nekubhuya zvitsinzwa, asi kodzero idzi dzinosisa kuizwa murunyararo.

60 Kusunthurika kupinimidza zvinode munthu

(1) Munthu weshe ane kodzero yerusunthuriko pakukarakadza zvaanoda, zveikumanidzira—

- (a) sunthuriko yepfungwa, maonere, chiterendero kana zvaanogonda mwezviri; uye
- (b) sunthuriko yekuteedza nekudzadzisa uye kupe pfungwa, maonere, chitendero kana zvaanogonda mwezviri, zvisinei kuti ari paruzhinji kana kuti uri pake ega, zvisinei kuti uri ega kana akabatana neamweni.

(2) Apana munthu anomanikidzwa kutore mphiko inopikisana nechitendero kana zvaanogonda mwezviri kana kutore mphiko ngenjira inopikisana nechitendero kana zvaanogonda mwezviri.

(3) Abari neangwariri eana adoko ane kodzero yekukheta zveienderana nezvaanogonda mwezviri tsika nechitendero chaanokudza ndicho ana ao, ndokunge asikashaishi kodzero dzinohinwa ana ao pashi peBumbiro reMirawu rineri, kukumanidzira kodzero dza dzekufunda, dzeutano, dzekungwaririka nendaramo yakanaka.

(4)Kundhla yechitendero chiri hacho inokone kuamba masangano anokona kufundise zvechitendero kunyangwe sangano iri rechipuwa rudetsero kana rudetsero rwemare kubve kuUtongi hweNyika.

61 Kusunthurika kureketa zveunoda nekusunthurika kwekuhambiswa kwemashoko

(1) Munthu weshe une kodzero yesunthuriko yekurekete zveaanoda, kudhibanisira—

- (a) sunthuriko yekutsvaka, kuashira, uye kubeka fungwa dzakwe kana amweni mashoko;
- (b) sunthuriko yekureketa zveanoda ngenjira dzekunyora, kuemba kana kutamba nezvimweni zvinobudisa chipo chemunthu uye rwekuite tsvakurudzo yezveSainzi nekunasirwa kwezviro; uye
- (c) sunthuriko yezvekufunda.

(2) Munthu weshe unosisa kua nesunthuriko yezvekuhambiswa kwemashoko, sunthuriko iyi inokumanidzira kungwarirwa kwekunobve nhau.

(3) Nhepfenyuro nedzimweni njira dzekubudiswa kwemashoko dzinoshandise muchini ane sunthunuko yekuemesa, zveienderana nenjira dzekupuwa malaisenzi neUtongi hweNyika basi—

- (a) akasisa kuti pamashandisirwe emasaisai kana dziweni njira dzekubate mwambarira wemasaisai.
- (b) akadziemera asingabhuirwi zvekuita nge Hurumende kana ngevezvematongerwe enyika, kana vemabhizinisi
- (4) Njira dzeshe dzekuhambisa mashoko dzeUtongi hweNyika dzinosisa—
 - (a) Kusunthurika kukheta dzakadziemera zvedzinobeka mukutepfenura kana njira dzimweni dzekutura mashoko.
 - (b) dzisina dii radzakarerekera; uye
 - (c) kupa mukana wakaedzanirana wekukurwa kwefungwa dzakapaukana nedzinopikisana.
- (5) Sunthuriko yekureketa zveunoda nesunthuriko yekuphahlangurwa kwenhau azvidhibanisiri—
 - (a) kukhundidzira jichimiru
 - (b) kumurudzira uzondo kana mashoko ekuzonda
 - (c) kushaisha chiemo chemunthu kana chechiremera; kana
 - (d) kushaishira kana kupinda zvisina mvumo kana mareketero kwezvakaflashika zveunthu.

62 Kuhanira mashoko

(1) Mugari weshe wemuZimbabwe kana mugari we zvamuchose kukumanidzira vanoemera masangano nemasangano emuZimbabwe enhau, ane kodzero yekuhanira mashoko ari hawo akangwarirwa ngeUtongi hweNyika kana ngesangano riri haro kana rupande rweHurumende pamatantho eshe, kana mashoko aya echidiwa pakuitira kutsanangura mahambisirwe akaizwa zviro kuruzhinji.

(2) Munthu weshe kukumanidzira masangano emuZimbabwe enhau, ane kodzero yekuhanira mashoko ari hawo akangwarirwa ngemunthu uri hakwe, kukumanidzira Utongi hweNyika, kana eidiwa kuitire kuonesa kana kungwarirwa kwekodzero.

(3) Munthu weshe ane kodzero yekunasirise mashoko abhuiwa zvisizvo kana kudusa mashoko ekunyepa, asiwo kana mashoko anorashisa, akangwarirwa ngeUtongi hweNyika kana sangano riri haro kana rupande rweHurumende pamatantho ari hawo, uye ane chekuita nemunthu-wo.

(4) Mirawu inosisa kubekwa inopa kuti kodzero iyi idzadziswe, asi uchikona kudzasira kuhanirwa kwemashoko kuitire kungwaririka kwenyika, kungwaririka kwevanthu kana kufishika kwezvakaflashika zveunthu kuguma pakuti kudzasira haniro uku kwakaedzanirana, kunozwisika, kwakasisa, kunoemerereka, muntharaunda yejekerere inoitira zviro pamphene, zvakaedzanirana, zvine chireremera chemunthu, kuedzanisirana nesununguko.

63 Mutauro netsika nemugarire

Munthu weshe ane kodzero—

- (a) yekushandise mutauro waanozvikhetera; uye
- (b) yekuponera muzvetsika nemagariro aanozvikhetera; asi apana munthu unoite kodzero idzi ungadziita ngenjira dzinopikisana nechibimvu chinechi

64 Kusunthurika kuita khosi, bizinisi kana mushando

Munthu weshe une kodzero yekukheta nekuita mushando uri hawo asi mashandire emishando anokona kuzwi ateedze murawu.

65 Kodzero dzeashandi

(1) Munthu weshe une kodzero yekua nemushandire wakaedzanirana uye kushanda akangwaririka uye zveiteera gwara nekubhadharwa zvakaedzanirana uye mubhadharo unoreketeka.

(2) Kubanze kwenthengo dzezvekungwarirwa kwenyika, munthu weshe une kodzero kuamba nekupinda mumasangano eashandi uye masangano evashandi nevashandirwi eanozvikhetera, uye kupinda mune zviniozwa zveasangano aya zviripamurawu.

(3) Kubanze kwenthengo dzezvekungwarirwa kwenyika, mushandi weshe une kodzero yekukhombidzira pamushando, kweikumanidzira kodzero dzeukuramwa basa, kugara pamushando usikaiti mushando, kuramba kushanda kana kutore matantho akaedzana neawawo asi murawu unokona kubeka zvinosisa kuizwa pashi pekodzero iyi kuitire kuti zvakakosha zvinosisa kuizwa zviizwe.

(4) Mushandi weshe unosisa kupuwe mukana wemashandire akaedzanirana, ane kuedzaniswa, uye anogutsa.

(5) Kubanze kwenthengo dzevekungwarirwa kwenyika, mushandi weshe, mushandirwi, sangano revashandi, uye sangano reashandi neashandirwi ane kodzero ye—

- (a) kubhura maererano nezvemare yemutuso;
- (b) kuhleya; uye
- (c) kuamba nekupinda mumubatanidzwa wamasangano aya.
- (6) Madzimai neaisa ane kodzero yekuhora mare yakaedzana pamushando wakaedzana.
- (7) Ashandi echikadzi ane kodzero yekubhadharwa mutuso wakadzara pamukuwo weanonge ari padzoro rekubara kwemwedzi inoguma kana kudarika mitatu.

66 Kusunthurika kuhamba nekugara pamadiro

(1) Mugari wemuZimbabwe weshe une—

- (a) kodzero yekupinda muZimbabwe
- (b) rungwariridzo rwekusamanikidzwa kubuda muZimbabwe; uye
- (c) kodzero yekua nePasipoti kana rimweni gwaro rekuhambisa.

(2) Mugari weshe wemuZimbabwe neweshe uri muZimbabwe zviripamurawu ane kodzero ye—

- (a) kuhamba zvakasunguka muZimbabwe;
- (b) kugara mundau iri hayo yemuZimbabwe; uye
- (c) kubuda muZimbabwe.

67 Kodzero munda dzematongerwe enyika

(1) Mugari weshe wemuZimbabwe une kodzero—

- (a) yekuoneswa rukheto rwakasunthurika, rwakaenzanirana rwechiizwa ngemukuwo wakatarwa, rwevanopinda pazvikundhla maererano neBumiro reMirawu rineri kana imweni mirawu iri hayo; uye
- (b) kuite kheto yezvematongerwe enyika yakasunthurika.

(2) Zvechiteedza zviru muBumiro reMirawu rineri, mugari weshe wemuZimbabwe une kodzero—

- (a) yekuamba, kuite nthengo kana kupinde muzviitiko zvebato rematongerwe enyika kana sangano raanzvikhetera;
- (b) kutsvaka rutsigiro rwebato rwematongerwe enyika kana rwezvimweni zviru akasunthurika, uye zvine runyararo;
- (c) kupinde muzviitiko zveematongerwe enyika zvine runyararo; uye
- (d) kupinde, ari ega kana sekundhla mumihlongano, mapoka, kana ngenjira iri hayo, muzviitiko zvine runyararo kukhundidzira, kuphikisa, kana kumurudzira murawu yeHurumende kana bato riri haro rezvematongerwe enyika kana chimweni chiro.

(3) Kweiteedzwa zviru muBumiro reMirawu rineri, mugari weshe wemuZimbabwe ane makore ekubarwa anoguma kana kudarika gumi nemasere, ane kodzero—

- (a) yekukheta mukheto dzeshe nemareferendamu eshe anohinwa ngeBumiro reMirawu rineri kana imweni mirawu iri hayo inoshanda, uye anosisa kuzviita mukufishika; uye
- (b) yekuema senthengo inokhetwa kupinda muchikundhla chezveruzhinji, uye kana akhetwa, kupinda pachikundhla ichi.

(4) Nebiningidzo rekumurudzira kuapo kwemapato ezvematongerwe enyika akawanda, murawu wePalamendi, unosisa kupe detsero yemare kumapato ezvematongerwe enyika.

68 Kodzero yekutongwa zvakanaka

(1) Munthu weshe ane kodzero yekubatwa nevarimuutungamiriri zviru pamurawu, zvine kukasika, ngemwazvo, zvinoreteteka, zvakarungana, zvisina dii rezvakarerekera, uye zvakaedzanirana mumaitire.

(2) Munthu weshe hakwe, une kodzero dzakwe, rusununguko, zvido kana ningiriro iri pamurawu inenge yashaiswa maningi ngemashandire evari muutungamiriri ane kodzero yekupuwe ngekukasika uye kana kunyora zvikonzero zvasakisa muitirewo.

(3) Murawu wePalamendi unosisa kudzadzisa kodzero idzi, uye unosisa—

- (a) kupa mushumo wezvaizwa ngeutungamiri zvitotoroswe ngeDare reNdaa kana zveibvira ngeDare reaTongi akadziemera, uye bandhla risina dii rarakarerekera.
- (b) kubeke jana kuUtongi hweNyika kudzadzisa zviru muChidimbu 1 ne2; uye
- (c) kumurudzira utungamiriri hunoshanda kahle.

69 Kodzero yekutongwa zvakaedzana

(1) Munthu weshe unonga eipumphwe ndaa une kodzero yekutongwe zvakaedzanirana uye pamphene, mukati mwemukuwo unoreteteka pamberi peDare reNdaa rakadziemera uye risina dii rarakarerekera.

(2) Mukutotorosa kodzero dzeanthu nezvinosisira kuizwa, munthu weshe ane kodzero yekutongwa zvakaedzanirana nekukasika uye pamphene, mukati mwemukuwo unoreketeka pamberi peDare reNdaa rakazveimera uye risina dii rarakarekera, kundhla yevayongi kana rimweni dare rinobekwa zviri pamurawu.

(3) Munthu weshe ane kodzero yekuoneswa mukana wekuenda kumatare endaa, kana rimweni dare reatongi kana dare rinoemeswa ngemurawu kuti ripedza jichimiru.

(4) Munthu weshe une kodzero, eizvibhadharira, yekukheta nekuemererwa ngegqeta pamberi peDare reNdaa, dare reatongi kana kundhla kana bandhla rinotonga ndaa.

70 Kodzero dzeanthu ari kupumphwa ndaa

(1) Munthu uri hwakwe uri kupumphwa ndaa une kodzero dzinoteera—

- (a) kuoneka seasina ndaa kuguma kwabatwa gwinyiso kuti ane ndaa;
- (b) kuziiswa ngekukasika ngezvendaa yaari kupumphwa ngemwazvo kuti akone kuzodzipingura;
- (c) kupuwe mukuwo wakakwana nezvakatodza kuti anasirire kudzipingurira;
- (d) kukheta gqeta uye eizvibhadharira, kuemererwa ngegqeta;
- (e) kuemererwa ngegqeta reanopuwa ngeUtongi hweNyika uye zveibhadharwa ngeUtongi hweNyika kana peikona kuizwe mutongo usina kuedzanisirana;
- (f) kuziiswa ngekukasika kodzero dzeanohinwa mundima (d) ne (e);
- (g) kuapo panguwa yaanonga eitongwa;
- (h) kupa kana kupikisa ufakazi;
- (i) kuramba akanyarara kana kusapa ufakazi kana kuramba kumanikidzwa kupa ufakazi hunomusungirira;
- (j) kuti kutongwa kukhomuchirwe mundimi yeanozwisisa;
- (k) kusaonekwa ane ndaa yekuita kana kusaita chimweni chiro change chisiri ndaa pamukuwowo;
- (l) kusaonekwa ane ndaa yekuita kana kusaita chimweni chiro chisisiri ndaa pamukuwowo;
- (m) kusatongwa ngendaa iri maererano nechiro chakaizwa kana chisikazi, chaainge akamborekererwa kudhaya, kana chaainge akambosunthurirwa kare kana paakaonekwa ane ndaa;
- (n) kupuwe mutongo uri pashi pakati peinenge yabekwa kana mutongo wendaa unenge wabekwa wachichwa pakati pemukuwo wekuperwa kwendaa neyekuhinwa mutongo;

(2) Pachibimvu chino panodikanwa kuti munthu apuwe mashoko—

- (a) mashoko anosisa kupuwe mundimi inozwisisika ngemunthu uyu; uye
- (b) kana munthu uyu asikakoni kuerenga nekunyora, gwaro riri haro rine mashoko, rinosisa kukhumuchwa ngenjira yekuti munthu uyu azwisise.

(3) Mukutongwa kwendaa iri hayo, ufakazi hunenge hwaonekwa ngenjira inogura murawu uri muChipauko chinechi unosisa kudaswa kana hwechitamise kuedzanisa pakutongwa kana kweishaisha kuoneswa kwehwehutongi hwakaedzana kana zvido zveruzhinji.

(4) Munthu uri hakwe unonga atongerwe ndaa une kodzero, sure kwekubhadhara muripo unoreketeka, wakaemeswa zviri pamurawu, kuti apuwe gwaro remahambisirwe akaizwa ndaa mumukuwo unoreketeka kana mutongo waturwa.

(5) Munthu uri hakwe unenge atongwa uye akaoneka ane ndaa ane kodzero, zveienderana nemiganu inoreketeka inohinwa ngemurawu,

- (a) kuti mutongo uningirwe zve ngeDare Guru rendaa; kana
- (b) kuendesha ndaa kuDare Guru weipikisa kupumphwa nemutongo.

71 Kodzero yekua nefuma

(1) Muchikamu chinechi—

“mare yephenjeni” zvinoronza mare inobhadharwa pagore, mare inopuwe munthu pakusiya mushando kana imweni mare inopuwa yakadarokwo—

- (a) kumunthu uri hake kubve muchikhwama chemuunganidzwa wemare;
- (b) zveienderana nekureba kwemukuwo waakashandire mushandirwi;
- (c) zveienderana nekurwara kana kukuwara; kana
- (d) zveienderana nekusiye mushando ngendaa yekukura kana kurwara, kana chimweni chikonzero;

uye kukumanidzira kuchichwa kwenjira inoshandiswe pakubhadharwa kwemare yephenjeni, mare inobhadharwa munthu pagore, mare inopuwe munthu pakusiye mushando kana imweni mare inobhadharwa munthu, uye mare inopetudzirwa munthu yaaibatirwa maereranano nemubhadharo wemare yephenjeni, mubhadharo wepagore, mubhadharo wekusiya mushando kana imweni mibhadharo;

“fuma” zvinoronza chiro chiri hacho uye kodzero iri hayo kana chido chekua nefuma.

(2) Zveienderana nezviri muChibimvu 72, munthu weshe une kodzero, mundau iri hayo yemuZimbabwe, yekutenga, kuona, kungwarira, kupinda, kushandise, kuchinja unikazi, kushandise sechibatiso pakuone chikwereti, kurojesa, kana kutengesa mhando dzeshe dzefuma, ari ega kana akabatana neamweni.

(3) Zveienderana nezviri muChibimvu chinechi uye zviri muchibimvu 72, apana munthu unokone kutorerwa fuma yakwe ngechisimba, kubanze kwekuti zvinoteera zvadzadziswa—

- (a) kutorerwe zvinoenderana nemurawu unoshandiswa;
- (b) kutorerwea kwakasisira ngendaa iri hayo pane inoteera—
 - (i) nebiningidzo rekudziirira anthu, kungwariririka kweruzhinji, runyararo rweruzhinji, unthu, utano hweruzhinji, kana kuhlewa kwemadhorobha nemakanyi; kana
 - (ii) kuitire kuti kumirudzirwe kana kushandiswe, kana imweni fuma iri hayo nebiningidzo rekudetsere ntharaunda;
- (c) murawu unomanikidza unotora fuma—
 - (i) vape chiziiso chinoreketeka chekude kutore fuma kumunthu weshe une chido kana kodzero yekua nefuma inokumanidzirwa nekutorwa kwefuma uku;
 - (ii) vabhadhare muripo wakaedzanirana uye wakakwana fuma isati yatorwa kana nemukuwo unoreketeka sure kwekutorwa kwefuma; uye
 - (iii) kana kutorwa kwefuma kweipikiswa vanyorere kuDare rendaa rine masimba akasisira fuma isati yatorwa, kana mukati mwemazuwa

asingadariki makumi matatu sure kwekutorwa kwefuma, kweikumbirwe gwaro rinokhombidza kuti fuma yatorwa;

- (d) murawu unopa kodzero kumunthu uri hakwe une fuma inenge yatorwa kuti anyorere kuDare rendaa rine masimba akasisira eikumbira kuti fuma yakwe ikotodzwe ngekukasika, ndokunge Dare rendaa risikazi kupa mvumo yekutorwa kwefumayo.
- (e) Murawu unopa kodzero munthu uri hakwe uri kukumbira kukotodzerwa fuma kuti anyorere kuDare rendaa rine masimba akasisira eikumbira kuti ritotorese—
 - (i) kuapo, maemero nekukosha kwechido chakwe maererano nefuma iri kuronzwa;
 - (ii) kuvapa murawu wekutorerwa fuma; uye
 - (iii) uwandu hwemuripo hwaaisisa kukotodzerwa;

uye kunyorere kuDare rendaa eikumbira kuti Dare rimanikidze kubhadharwa kwemuripo uri hawo ngekukasika.

(4) Kana munthu ane kodzero dzaanopuwa kana dziripo pamubhadharo wemare yephenjeni, murawu inoite kuti kodzero iyi isaapo kana kuti idzasirwe, inotorwa, zveienderana nechibimvu (3) semurawu unopa mvumo yesisiro yekutorwa kwefuma.

72 Kodzero yekua nemunda wekurima

(1) MuChibimvu chinechi—

“munda wekurima” zvinoronze munda unoshandiswe kana wakasisire kurimwa, kuronza kurima zvemiriwo nemaruwa, mazambiringa, kurimwa kwemimbhiti kana kungwarirwa kwezvemumvura kana kungwarirwa kuri hakwo kwezvirimwa kana zvifuwo, zvinodhibanisira—

- (a) kungwarira nekubariswa kwezvifuwo, mhuka dzemushango, huku, mphuka kana nyuchi; kana
- (b) kupa madhleyo kuzvifuwo kana mphuka dzemushango; asi azvikumanidziri minda yekumakanyi kana iri pashi pekanzuru dzemadhorobha kana pashi pendau dzemabhizinisi dzakaemeswa pashi pemuthetho une chekuita neurongwa hwekushandiswa kweminda yemadhorobha nemakanyi kana sekupahlanguwa mumurawu une chekuita nekubekwa kwemiganu paminda;

“munda” unokumanidzira chiri hacho kana chinomera pamunda; “chidimbu chemunda wekurima” zvinoronza chidimbu chemunda wekurima chakanyoreswa sechidimbu chemunda chakadziemera kurupande runonyoreswa unikazi hweminda.

(2) Kana munda wekurima, kana kodzero iri hayo kana pechidiwa munda, weidiwa kushandiswa neruzhinji, kukumanidzira-

- (a) kugariswa kune chekuita nezvekurima kana rimweni binigidzo;
- (b) kurongwazve kweminda, kurimwa kwemimbhiti, kungwarirwa kwentharaunda kana kushandiswa kwezvinopona mushango kana zvimweni zvionekwi; kana
- (c) kugariswazve kweanthu anonga akatorerwa minda yawo ngendaa yekushandiswa kweminda ngendaa yakaronzwa muNdima (a) kana (b);

munda uyu, kodzero kana chido chinokona kutorwa ngeHurumende zvesisiro kubudikidza ngekubeka chiziiso muGazeti rinokhombidza munda, kodzero kana chido, apo munda, kodzero kana chido zviri musimba reUtongi hweNyika neuridzi hwakadzara kubve pazuwa rinobudiswa chiziiso.

(3) Kana munda wekurima kana kodzero iri hayo kana chido nemunda, unosisa kutorwa zvesisiro ngebiningidzo raronzwa muchibimvu (2)—

- (a) zveienderana nechibimvu 295(1) ne(2), apana muripo uchabhadharwa pakutorwa kwawo, kubanze kwebudiriro yakaizwa peuri usati watorwa;
- (b) apana munthu unobeka chichemo kumatare endaa echikumbira kutotoroswa kwendaa yekuripwa, kubanze kwekuti muripo webudiriro yakaizwa pamunda uyu usati watorwa, uye apana Dare rnda rinokona kuashira ndaa dzakadai dziri hadzo; uye
- (c) kutorwa kweminda akukoni kupikiswa kweishandiswa njira dzine rupaura dzinopikisa zviri muchibimvu 56.

(4) Minda yeshe yekurima:

- (a) yakanyorwa muUrongwa 7 hweBumbiro reMirawu rekudhaya; kana
- (b) zuwa rekuamba kushanda kweBumbiro reMirawu risati raguma, zvakaronzwa maererano nechibimvu 16B(2)(a)(ii) kana (iii) yeBumbiro reMirawu rekudhaya;

inoramba iri yeUtongi hweNyika; uye apana muripo unobhadharwa pakutorwa kwayo, kubanze kwebudiriro yakaizwe peiri isati yatorwa.

(5) Ngekukasira kweshe kungakoneka sure kwekutorwa kwemunda wekurima ngesisiro zveienderana nechibimvu 2, mushandi une jana rekunyoresa unikazi hwemunda unosisa, pasina chiziisozve, kubeka zvinosisa kuteedzwa pakupa unikazi nekunyoresa mumagwaro ari hawo nebiningidzo rekudusa unikazi nekunyoresa unikazi hweUtongi hweNyika pamunda uyu.

(6) Murawu wePalamendi unokona kuite kuti ive ndaa, kune uri hakwe munthu, usina mvumo pamurawu, kutora nekugara pamunda wekurima yaronzwa muchibimvu chinechi kana imweni minda yeUtongi hweNyika.

(7) Maererano nekutorwa kwesisiro kweminda yekurima nebiningidzo rekugarisa anthu patsva zveienderana nechirongwa chekupuwa kweminda patsva, zvinoteera ndizvo zvinosisa kuitwa zveikarakadzwa sezvakakoshesesa kudarika zvimweni zveshe—

- (a) pashi peutongi hweupambefumi anthu eZimbabwe vakatorerwa minda yao nezvimwe zvionekwi pasina muripo;
- (b) anthu akazotora zvombo vakarwa kuitire kuti atore minda yawo nekudzitonga, uye izvi ndizvo zvazakounza rusununguko rwenyika yeZimbabwe mugore ra1980;
- (c) anthu emuZimbabwe anosisa kutenderwa kutorazve kodzero dzao uye kutorahe unikazi hweminda yawo

uye ngendaa yeizvozvo—

- (i) nyika yaitonga zveupambefumi inosisa kubadhara muripo weminda yakatorwa ngechisimba kuitire kugarise anthu patsva, kubudikidza ngechikhwama chakaringana chakaambwa kuitire binidingidzo; uye
- (ii) kana nyika yaitonga zveupambefumi ikakorera kubhadhara muripo kubudikidza ngechikhwama chakadai Hurumende yeZimbabwe ainingirirwi kubhadhara muripo weminda yakatorwa ngechisimba kuitire kugarisa anthu patsva.

(8) Chibimvu chinechi chinoshandiswe pasina kushaishwa zvinoningirirwa kuizwa ngeHurumende yaitonga zveupambefumi kuti ibhadhare muripo pamunda waronzwa ngezvawo muchibimvu chinechi, unenge watorwa ngebiningidzo rekugarisa anthu patsva.

73 Kodzero munda dzeventharaunda

(1) Munthu weshe ane kodzero—

- (a) yekua nentharaunda isikashaishi utano hwakwe kana ndaramo yakanaka; uye
- (b) yekua nentharaunda yakangwaririka kuitire kudetsereka kweanthu anyamashi neamangwani, kubudikidza ngemirawu inoreketeka uye nematantho amweni ano-
 - (i) dziirira kusvipiswa kwentharaunda uye kushaishwa kwezvinopona muntharaunda;
 - (ii) kumuridzira kungwariridzwa kwezviro; uye
 - (iii) kuite kuti kwe nebudiriro yegwinyiso muntharaunda uye kushandiswa kwezvionekeki kweikhundudzira budiriro mune zveufumi nendaramo.

(2) Utongi hweNyika hunosisa kutora mirawu inoreketeka neamweni matantho, zveihambirana nezvekushandisa zvinenge zviripo, kudadzisa kuapo kwekodzero dzinokhundudzira mberi dziri muChibimvu chinechi.

74 Kusuthurika kusadzingwa zvisina hlomuro

Apana munthu unokona kudzingwa pamphatso pakwe, kana kuputsirwa mphatso yakwe, pasina kushandiswa kwemasimba eDare rendaa anopuwe sure kwekutotoroswa kwezviro zveshe zvakanosha.

75 Kodzero yefundo

(1) Mugari uye mugari weshe usingazobudi zvachose muZimbabwe une kodzero;

- (a) yekua nefundo yegwaro repashi echibhadhariwa ngeUtongi hweNyika, kudhibanisira fundo yegwaro repashi yevanthu vakuru; uye
- (b) fundo yepadera, iyo Utongi hweNyika, kubudikidza ngemirawu inoreketeka kana amweni matantho, unosisa kuite kuti inge iripo yeihanirika.

(2) Munthu weshe une kodzero yekuemesa nekunasiridza, eishandise mare yakwe, zvikora zvakadziemera zvine maitire anoningirirwa, ndokunge zvisingapauri ngeiri hayo njira inorambidzwa ngeBumiro reMirawu rineri.

(3) Murawu unokona kupa kunyoreswa kwezvikora zvaronzwa muchibimvu 2 uye kukonywa kwezvikora zvisingateedzi zvinoningirirwa pakunyoreswa.

(4) Utongi hweNyika hunosisa kutora mirawu neamweni matantho, zveienderana nezvekushandisa zvinonga zviripo, kudadzisa kuapo kwekodzero dzinokhundudzira mberi zviri muchibimvu (1).

76 Kodzero yekurapwa

(1) Mugari uye mugari weshe usingazobudi zvachose muZimbabwe une kodzero yekuhanira detsero mune zveutano, kudhibanisira utano hwezvekubara.

(2) Munthu weshe une urwere hwakanyaya une kodzero yekuhaniriswa detsero yezveutano pairwere hwake.

(3) Apana munthu unonyimwa detsero yekurapwa pamukuwo wenjodzi muchibhedhlera chiri hacho.

(4) Utongi hweNyika hunosisa kutora murawu unoreketeka neamweni matantho, zveienderana nekuapo kwezvekushandisa, kudzadzisa kuapo kwekodzero dzinokundidzira mberi dziri muchibimvu chinechi.

77 Kodzero yezvekurya nemvura

Munthu weshe unekodzero yekua ne—

- (a) mvura isina ngozi, yakachena, inomwika; uye
- (b) kurya kwakakwana;

uye Utongi hweNyika hunosisa kutora murawu neamweni matantho, zveienderana nezvekushandisa zvinenge zviripo, kudzadzisa kuapo kwekodzero dzinokhundidzire mberi dziri muchibimvu chinechi

78 Kodzero munda dzekuroorana

(1) Munthu weshe aguma makore gumi nemasere ekubarwa ane kodzero yekuamba mphuri;

- (2) Apana munthu anomanikidzwa kupinda mune zvekuroorana iye asikadi;
- (3) Vaisa vega kana madzimai ega aatenderwi kuroorana.

CHIBIMVU 3

PHAHLANGURO YEDZIMWENI KODZERO

79 Mashandire eChibimvu 3

(1) Chibimvu chinechi chinophahlangura dzimweni kodzero nesununguko kuitire kuti pae negwinyiso remashandire ekodzero nesununguko idzi kumapoka eanthu edzakancondana nawo.

(2) Chibimvu chinechi achisisi kutorwa sechinodzasira udzamu hwekodzero kana sununguko dzakabekwa muChibimvu 2.

80 Kodzero dzemadzimai

(1) Mudzimai weshe une chireremera chakadzara uye chakaedzanirana neaisa uye izvi zvinokumanidzira mikana yakaedzana mune zvetongerwe enyika, zveufumi, nendaramo.

(2) Madzimai ane kodzero dzakaedzana nedzaaisa maererano nekungwarirwa kweana, asi murawu wePalamendi unokone kushandiswe pakuona kuti kodzerodzo, dzadzadziswa.

(3) Mirawu yeshe, tsika, magari, nemaponere eshe anoshaishire kodzero dzemadzimai dzapuwa ngeBumbiro reMirawu rineri aashandi basi eishashire kodzero idzi.

81 Kodzero dzeana

(1) Ndumure dzeshe, kuronza kuti arumbwana nendombi dzeshe dzaane makore ekubarwa gumi nemasere dzine kodzero—

- (a) yekubatwa zvakaedzana pamberi pemurawu, kukumanidzira kodzero yekuzwikwa;
- (b) yekupuwe zina nezina remphuri;
- (c) kana iri ndumure yaka—
 - (i) barwa muZimbabwe; kana
 - (ii) barwa kubanze kweZimbabwe uye iri mugari wemuZimbabwe kubudikidza ngedzinza; ipuwe gwaro rekubarwa ngekukasika;
- (d) yekungwarirwa mumpuri kana neabari, kana kungwarirwa kwakaedzana kana aduswa mumphuri;
- (e) kungwaririka kubve mukushandiswa mune zveufumi nezvapamanthi, kushandiswa kweana adoko pamushando, uye kubve mukubatwa zvakashata, kusangwarirwa kana kushungurudzwa kuri hakwo;
- (f) yekufunda, detsero mune zveutano, zvekurya zvinoaka muiri, nepakugara;
- (g) yekusapinzwa muzvikwata zvemagandanga kana kupinde muhondo kana amweni majichimiru;
- (h) yekusaangiridzwa kupinda muzviitiko zvemapato ematongerwe enyika ari hawo; uye
- (i) yekusakonyerwa muusungwa kubanze kwekuti apana zvimweni zvingaizwa, uye, kuti kana akonyerwa—
 - (i) akonyerwe kwekanguwa kafupi kakasisa
 - (ii) angwarirwe pakasiyana nepanokonyerwa anthu ane makore ekubarwa ari padera pegumi nemasere;
 - (iii) kuti abatwe ngenjira, uye angwarirwe muchiemo chinokarakadza zera reana adoko.

(2) Zvido zvaana adoko ndizvo zvinosisa kukosheswa pandaa ine chekuita naana adoko.

(3) Ana adoko anosisa puwe kungwaririka kwakakwana ngematara endaa, kakurutu ngeDare rendaa Guru semungwariri wao mukuru.

82 Kodzero dzeasharuka

Anthu ari padera pemakore makuni manomwe ane kodzero—

- (a) yekupuwe kungwarirwa nekupuwe rudetsero runozwisisika kubve kumbhuri dzao neUtongi hwenyika;
- (b) yekupuwe detsero mune zveutano nekurapwa kubve kuUtongi hweNyika; uye
- (c) yekupuwe detsero yemare ngenjira yechirongwa chekudetserwa kweanthu nekugara kwao kahle; uye Utongi hweNyika hunosisa kutore mirawu inozwisisika neamweni matantho, zveihambirana nezvekushandisa zvenenge zviripo kuitire kudzadzisa kuapo kwekodzero dzinokhundidzire mberi.

83 Kodzero dzeanthu akaremara

Utongi hweNyika hunosisa kutora matantho akakodzera zveienderana nezvekushandisa zvinenge zviripo, kuitire kuona kuti anthu ane urema akona kuita zveshe zvavangakona kuita ngefungwa nemuiri zvakadzara, kukumanidzira matantho—

- (a) ekuite kuti akone kudziriritira;
- (b) ekuite kuti akone kugara nemphuri dzao nekupinde muzviitiko zvendaramo, zvekunasira kana zvekutandara;
- (c) ekuvangwarira kubve mukushandiswa nekushungurudzwa kweshe;
- (d) ekupuwe mukana wekurapwa muiri, fungwa nemitezo;
- (e) ekuoneswa zvekushandisa zvakasisira pakufunda; uye
- (f) ekuoneswa fundo inobhadharwa ngeUtongi hweNyika kana kufundiswa peanonga eida detsero iyi.

84 Kodzero dzearwi ehondo yerusununguko

- (1) Arwi ehondo yerusununguko, zvechironze kuti
 - (a) aya akarwa muhondo yerusununguko;
 - (b) aya akadetsera arwi ehondo yerusununguko; uye
 - (c) aya akasungwa, kukonyerwa, kurambidzwa zvine chekuita nematongerwe enyika munguwa yehondo yerusununguko;

une kodzero yekureremedzwa kubudikidza ngemushando weakaita wekusunthura Zimbabwe, uye yekuoneswa zvekushandise mundaramo zvakasisira, semare yephenjeni nekuoneswa detsero mune zveutano.

(2) Murawu wePalamendi unosisa kupe arwi erusununguko kodzero dzavo dziri pashi pachibimvu (1).

CHIBIMVU 4

KUSHANDISWA KWEKODZERO DZAKAKOSHA DZEANTHU NESUNTHUNUKO

85 Kushandiswa kwekodzero dzakadzama dzeanthu nesununguko

- (1) Vanthu vari havo vanoteera, vanoti—
 - (a) munthu uri hakwe unodziitira zviro zvakwe;
 - (b) munthu uri hakwe unoitira umweni zviro usikakoni kudziitira;
 - (c) munthu uri hakwe unoita zviro senthengo kana muzvido, zveboka, kana kundhla yeanthu;
 - (d) munthu uri hakwe unoitira ruzhinji;
 - (e) sangano riri haro rinoite zviro muzvido zventhengo dzaro;

une kodzero dzekuguma kumatare endaa, eipumpha kuti kodzero nesununguko rwakadzama dziri muChipauko chinechi dziri ku- kana kuti dzingaparadzwa, uye Dare rendaa rinokona kupa detsero yakasisira, kukumanidzira mashoko anogwinyisa kodzero uye kubhadharwa kwemuripo.

(2) Zvekuti munthu ashaishe murawu azvimukoreresi kuhanira Dare rendaa kuti adetserwa pashi pechibimvu (1)

(3) Mirawu yeshe yeDare rendaa inosisa kupe zvinoteedzwa munda dzeanonga echitsvaka detsero pashi pechibimvu (1), uye mirawu iyi inosisa kubate gwinyiso kuti;

- (a) kodzero yekuhanire kuDare rendaa pashi pechibimvu (1) yaoneswa zvakadzara.
- (b) Zvinosisa kuteedzwa maererano nekutongwa kwenda, kudhibanisira kuamba kwayo anosisa kuita mashomani;

- (c) dare rendaa, perinenge reikarakadza mirawu yekuedzanisirwa, arisungirirwi zvisingazwisiki ngeurongwa hwemahambisirwe endaa; uye
 - (d) munthu une unyanzvi hwakatodza unokona, eitenderwa ngeDare rendaa, kuema seshamwari yeDare rendaa.
- (4) Kutamika kwemirawu yaronzwa muChibimvu (3) akukoresi kodzero yekuamba kutongwa pasi peChibimvu (1) uye kuti ndaa izikwe uye itotoroswe ngeDare rendaa

CHIBIMVU 5

KUPUNGURWA KWEKODZERO DZEANTHU DZINE UDZAMU NESUNUNGUKO

86 Kupungurwa kwekodzero nesununguko yeanthu

(1) Kodzero nesununguko zvakadzama dzapuwa muChipauko chinechi zvinosisa kushandiswa zvinozwisika uye zvechikarakadza kodzero nesununguko dzamweni anthu.

(2) Kodzero nesununguko dzakapuwa muChipauko chinechi dzinokona kurambidzwa basi kana kweiteedzwa murawu wezvaksiyana uye kuguma padantho rekuti kurambidzwa uku kwaedzanirana, kunozwisika, kunonigirirwa uye kunoemerereka muntharaunda yejekere inoitire zviro pamphene, zvakatodzana zvine chireremera cheanthu, zvine todzaniso nesununguko, kweitorwa zveshe zvakatodza, kukmanidzira—

- (a) maemero ekodzero kana sununguko yaronzwa;
- (b) binigidzo rekurambidza, kakurutu kana zvakasisira mubinigidzo rekudziirira, kungwaririka kweruzhinji, runyararo rweruzhinji, unthu hweruzhinji, utano hweruzhinji, urongwa hwemashandirwe ematunthu nemadhorobha kana zvido zveruzhinji;
- (c) maemero nepanogumira kurambidzwa;
- (d) chido chekubate gwinyiso kuti kushandiswa kwekodzero nesununguko ngemunthu uri hakwe akushaishiri kodzero nesununguko dzeamweni;
- (e) ukama huri pakati pekurambidzwa nechinangwa chiri hacho, kakurutu kungaa kurambidza kwakanyanya kwekodzero kana sununguko yaronzwa kudarika zvakasisira pakudzadzisa binigidzo rechiri hacho; uye
- (f) kungaa nedzimweni njira dzisikanyanyi kurambidza dzakudzadzisa binigidzo rekurambidzwa.

(3) Apana murawu unokona kurambidza kodzero dzinoteera dziri muChipauko chinechi, uye apana munthu unokona kudziparadza—

- (a) kodzero yendaramo, kubanze kwepanoenderana nezvakaronzwa muChibimvu 48;
- (b) kodzero dzeukuwa nechiremera semunthu;
- (c) kodzero yekusarwadziswa kana kusabatwa zvisina unthu, zvinobvisa chimo kana zvinodhanisa kana kurangwa;
- (d) kodzero yekusaiswa muubochwa kana mishando yeubochwa;
- (e) kodzero yekutongwa zvakaedzanirana;
- (f) kodzero yekupuwe gwaro rine masimba ekuti munthu akonyerwa muusungwa asunungurwe kana kuti aendeswe kuDare rendaa kuti zvioneke kuti kungwarirwa kwake kuri pamurawu ere, kana kuti kukumbira kuti

kunenge kwakakonyerwa munthu kuzikanwe sezvakapuwe muChibimvu 50(7)(a).

87 Kupungurwa kwekodzero panguwa yejichimiru

(1) Kututsira pamuganu inotenderwa neChibimvu 86, kodzero nesununguko dzkakosha dzinopuwe ngeChipauko chinechi dzinokona kudzasirwazve ngemurawu wakanyorwa unopa matantho anoshandiswe pakunasirisa zviro zvinomuruka panguwa yejichimiru, asi kuguma panotenderwa ngechibimvu chinechi neUrongwa hweChipiri.

(2) Murawu wakanyorwa waronzwa muChibimvu (1) uye rimweni dantho remurawu rinotorwa pashi pemurawu rinosisa kubudiswa muGazeti.

(3) Umwe muganu uri hawo waronzwa ngemurawu wakanyorwa muchibimvu (1) unosungira kodzero kana sununguko dzakadzama dziri muchipauko chinechi kuti adzisisi kudarika dzinotenderwa ngejichimiru.

(4) Apana murawu unopa masimba kuapo kwejichimiru, uye apana murawu kana rimweni dantho rinotorwa mukuitika kwejichimiruro, unga—

- (a) manikidza, kana kutendera kana kupa masimba kuti Utongi hweNyika kana masangano kana rupande reHurumende padantho riri haro, kana umweni munthu uri hakwe maererano nemuthetho usiri pamurawu uri hawo, kuti uripire kurashikirwa kweshe kunenge kwaitika; kana
- (b) kuganura kodzero iri hayo yaronzwa muChikanu 80(3), kana kupa masimba kana kutendera kodzerodzo dziri hadzo dzinoshaiswa.

CHIPAUKO 5

UTUNGAMIRI HWEPADERA HWENYIKA

CHIBIMVU 1

SIMBA REUTUNGAMIRIRI HWEPADERA HWENYIKA

88 Simba reutungamiriri hwepadera hwenyika

(1) Simba reUtungamiriri rinobve kuanthu emuZimbabwe uye rinosisa kushandiswa kweiteedzwa Bumbiro reMirawu rineri.

(2) Simba reUtongi hweZimbabwe riri muMutungamiriri hwenyika uyo unorishandisa, zvechienderana neBumbiro reMirawu rineri, kubudikidza ngeDare reMakurukota eHurumende.

CHIBIMVU 2

MUTUNGAMIRIRI WENYIKA NEATEEDZERI EMUTUNGAMIRIRI WENYIKA

89 Mutungamiriri weNyika

Mutungamiriri weNyika ndiye musoro weUtongi hweNyika neHurumende uye mukuru-mukuru weMasoja.

90 Mishando yeMutungamiriri weNyika

(1) Mutungamiriri weNyika unosisa kumurudzira, kudziirira, kuteerera nekuremeredza Bumbiro reMirawu rineri semurawu mukurutu weNyika uye Anosisa

kubate gwinyiso kuti Bumbiro reMirawu rineri neimweni mirawu zvateedzwa ngenwazvo.

(2) Mutungamiriri weNyika anosise—

- (a) kumurudzira kubatana nerunyararo munyika kuitire kuti zvidetsere uye kupa ndaramo yakanaka kuanthu eshe emuZimbabwe;
- (b) kukarakadza nekureremedza zviemuriro nebiningidzo nezvikoshwa zvehondo yerusununguko;
- (c) kubate gwinyiso rekungwarira kodzero dzeanthu nesununguko dzakakosha nekushanda kwemutrawu; uye
- (d) kuremeredza kupaukana kweanthu nentharaunda dzeZimbabwe.

91 Zvinodiwa kuti munthu akhetwe kua Mutungamiriri weNyika kana kua Muteedzeri weMutungamiriri weNyika

(1) Munthu akasisa kukhetwa seMutungamiriri weNyika kana Muteedzeri weMutungamiriri weNyika kana—

- (a) ari mugari wemuZimbabwe kubudikidza ngekubarwa kana ngedzinza;
- (b) agumisa makore ekubarwa makumi marongomuna;
- (c) echigara muZimbabwe; uye
- (d) akanyoresa kuvhota.

(2) Munthu aasisiri kukhetwa seMutungamiriri weNyika kana Muteedzeri weMutungamiriri weNyika kana akambotora chikundhla seMutungamiriri weNyika pashi peBumbiro reMirawu reneri kairi, kakateedzana kana kasikazi kuteedzana, uye sekuda kweChibimvu chinechi makore matatu kana kudarika ekushanda anotorwa sekoto yakadzara.

92 Kukhetwa kweMutungamiriri weNyika neateedzeri eMutungamiriri weNyika

(1) Kukhetwa kweMutungamiriri weNyika neateedzeri airi eMutungamiriri weNyika anosisa kuizwa mukati menguwa yakaronzwa muChibimvu 158.

(2) Weshe unenge echikwikwidza kuaMutungamiriri weNyika anosisa kukheta anthu airi vanoema pamwepo naye mukheto seateedzeri eMutungamiriri weNyika, uye anosisa kududza umwe wao seMuteedzeri weMutungamiriri weNyika wekutanga uye umweni seMuteedzeri weMutungamiriri weNyika wechipiri.

(3) Mutungamiriri weNyika neateedzeri eMutungamiriri weNyika anoketwa pamwepo ngeakheti akanyoresa kukheta muZimbabwe mweshe, uye zvinoteedzwa pakukhetwa kwao zvakabekwa mumurawu wekheto.

(4) Zvinodikanwa kuti munthu akone kunyoresa semukheti uye kukheta pakheto yeMutungamiriri weNyika neateedzeri eMutungamiriri weNyika, zvakabekwa muUrongwa hweChirongomuna.

(5) Kheto yeMutungamiriri weNyika neateedzeri eMutungamiriri weNyika inosisa kuizwa pamwepo nekheto huru dzenthengo dzePalamendi, makhanzuru ematunthu, nemakhanzuru entharaunda.

93 Kupikisa kukhetwa kweMutungamiriri weNyika

(1) Kweiteedzwa zviri muchibimvu chinechi unokwikwidza uri hakwe unokona kupikisa hugwinyiso hwekheto yeMutungamiriri weNyika kana ateedzeri eMutungamiriri.

weNyika ngenjira yekuedese gunun'uno kana kunyorera Dare rezveMirawu mumazuwa manomwe kubve pazuwa radainzirwa zvinenge zvabuda mukheto,

(2) Kheto yemuteedzeri weMutungamiriri weNyika inokone kuphikiswa basi kana kana akethwa wacho asina kuisira kukhetwa.

(3) Dare reMirawu rinosisa kuizwa uye kutotorosa gunun'uno kana gwaro regunun'uno zviri pasi peChibimvu (1) mukati memazuwa gumi nemarongomuna sure kwekugumiswa kwegunun'uno kana gwaro, uyehe zvinonga zvaronzwa ngeDare ndizvo zvinoteedzwa.

(4) Pakutotoroswa kwegunun'uno kana gwaro regunun'uno pasi peChibimvu (1), Dare reMirawu rinokona—

- (a) kududza mukundi wekheto;
- (b) kutamisa kheto mushando, kana zvararo kheto itsva inosisa kuizwa mukati mwemazuwa makumi matanthatu sure kwekutotoroswa;
- (c) kubeka umweni mutongo werinoona sewakaenzanirana uye wakasisira.

(5) Kana gunun'uno kana gwaro regunun'uno pasi peChibimvu (1)—

- (a) Dare reBumbiro reMirawu rinoise padii kheto yeMutungamiriri weNyika, kukhetwa kwevateedzeri airi eMutungamiriri weNyika kunobve kwarashwa pakarepo.
- (b) Dare reBumbiro reMirawu rinoise padii kheto yemuteedzeri wemutungamiriri wenyika kana veshe Mutungamiriri wenyika anosisa pasina kunonoka kuise munthu akasisira kana anthu akasisira, sezvinonga zviripo, kuti ae Muteedzeri weMutungamiriri weNyika kana ateedzeri emutungamiriri weNyika.

94 Kuamba kwemushando kweMutungamiri weNyika neateedzeri eMutungamiri weNyika

(1) Anthu anoketwe seMutungamiriri weNyika uye seateedzeri eMutungamiriri wenyika anoamba mushando kana atora mphiko, pamberi peMukuru weAtongi kana Mutongi mukuru anomuteedzera anonga aripo, mphiko yeMutungamiri weNyika neateedzeri eMutungamiri weNyika zveiteererana zvakadaro, sezvakabekwa mumagwaro ari muUrongwa hweChitatu, idzo mphiko dzevanosisira kutora—

- (a) pazuwa rechipfumbamwe sure kwekududzwa akhetwa; kana
- (b) zvaitika kuti pari kuphikiswa ugwiniso hwekheto mumaawa makumi marongomuna nemasere sure kwekududzwa kweakundi ngeDare reBumbiro reMirawu.

(2) Mutungamiriri weNyika unonga aripo anoramba ari pachikundhla kuguma kuamba mushando kweMutungamiriri weNyika unonga abva kukhetwa, kweiteedzwa Chibimvu (1).

- (1) Zveshe zvinoizwa ngeSeneti uye ngeBandhla reanoemese Mirawu zvinoteedze mirawu inoziikanwa seMirawu yeUrongwa iyo inonasirwa ngezvibimvu zvePalamendi zvakaema zvega kana kuti zvakahlongana kweiteedzerwa khundidzira yeKhomiti yeMirawu yeZvinoteedzwa ngeUrongwa.
- (2) Mirawu yeUrongwa inokone kushanda pa—
- (a) kuashira maBhiri;
 - (b) kuiswa nemishando yemaKhomiti nekuapa mishando yao;
 - (c) njira yemashandisirwe nekumurudzirwa kwemasimba, zvinoonwekwa nekungwaririka kwezvibimvu zvePalamendi;
 - (d) kubvunzurudza kweMakurukota eHurumende neateedzeri eMakurukota eHurumende ngenthengo dzePalamendi.
 - (e) gwara remirawu rinosisa kuteedzwa ngenthengo dzePalamendi;
 - (f) kushandise kodzero kweruzhinji rewanthu kubeke zvichemo kuPalamendi; uye
 - (g) pazveshe hazvo, mirawu negwara rakarongeka rekuite mushando nemihlongano mune pakati pezvibimvu zveMphatso dzePalamendi.
- (3) Mahambisirwe nezvinoizwa muPalamendi nemaKhomiti ayo, sezvakabekwa muMirawu yeUrongwa, anosisa kumurudzira kuitire zviro pamphene, inosisa kukhundidzira kupinda kwenthengo dzeshe dzematongerwe enyika muPalamendi uye ruzhinji rweanthu, uye inosisa kunga yakaenzanirana nekutodzanisirana.
- (4) Khomiti iri hayo inoemeswa nge kana pashi peMuthetho weUrongwa inosisotodzana padhuze nepadhuze sezvingakoneka, maemere ePaliyamendi kana

echikamu chePaliyamendi maererano nemapato ematongerwe enyika arimwo neuwandu hweaisa nekadzi arimwo.

140 Kureketa kuNyika nemishumo inopuwe Palamendi ngeMutungamiriri weNyika

(1) Mutungamiriri weNyika anokone panguwa yeshe hayo kureketa kungaa kuMphatso yePalamendi kana mukumanidzwa wemuhlongano wezvikuwa zveMphatso dzePalamendi.

(2) Mutungamiriri weNyika anokone kutumira mashoko kungaa kumphatso yePalamendi uye mashoko ari hawo akadaro anosisa kuerengwa ngeMuteedzeri weMutungamiriri weNyika kana Gurukota reHurumende kana ngemunthu unotungamira chibimvu chePalamendi ichocho.

(3) Mutungamiriri weNyika unokone kupinda muPalamendi kuti apingure mibvunzo padera pechiro chiri hacho sezvingapuwe muMirawu yeUrongwa.

(4) Kamwe kana kudarika pagore, Mutungamiriri weNyika unosisa kureketa kumuhlongano wemukumanidzwa wezvibimvu zveshe zvePalamendi padera pemaemere ezviro muNyika uye Mutungamiriri wePalamende neMutungamiriri weSeneti vanosisa kuronga kuti Palamendi izoyaeya mashoko eMutungamiriri weNyika aya.

141 Mukana wekupinda nekuve muzviitiko kweruzhinji muPalamendi

Palamendi inosisa—

- (a) kuite kuti ruzhinji ruve nechekuita peionasira mirawu uye zvimweni zveinoita kana zvinoizwa ngemaKhomiti ayo;
- (b) kubate gwinyiso kuti anthu ane chekuita nemaBhiri ari kutotoroswa ngePalamendi abvunzwa padera pao, kubanze kwekunge kubvunza uku kusikazi kutodza kana kusingaiti;
- (c) kuite mushando wayo ngenjira iri pamphene, uye kuite muhlongano yayo neyemaKhomiti ayo paruzhinji kunyangwe matantho echikona kutorwa—
 - (i) kuite kuti zviitiko zvePalamendi zvihambe zvakanaka
 - (ii) kuningira maonere eruzhinji kukumanidzira zvekuhambiswa kwemashoko, kupinde muPalamendi nemaKhomiti ayo;
 - (iii) kusapinze veruzhinji, kukumanidzira anohambise mashoko mumihlongano yemaKhomiti; uye
 - (iv) kuite kuti anthu asechwe uye, kana zvakatodza, kurambidza munthu kupinde muPalamendi kana kubudisa munthu uri hakwe muPalamendi;

asi matantho eshe aya anosisa kunga akatodzanirana, zvinozwisika nezvinoemerereka muntharaunda yejekerere ine zviro zvisikazi kufishika, kutodzanisira, chireremera cheunthu, kuenzanisira nesununguko.

142 Udzamu hwechiitiko muPalamendi

(1) Chikundhla chinenge chisina munthu munthengo dzeSeneti kana Bandhla revanoemese Mirawu yeNyika kana kuemeswa kwenthengo yePalamendi, azvikoreresi Seneti kana bandhla revanoemese mirawu yeNyika kuite mishando yawo.

(2) Kunyazwi munthu wainge asina kodzero yekugara nekukheta muSeneti kana Bandhla reanoemese Mirawu yeNyika akaita izvi, kana kuti akaita zvimweniwo zviro zvainge zveiizwa zveSeneti kana Bandhla reanoemese Mirawu yeNyika azvikoreresi zvinonga zveiizwa.

CHIBIMVU 8

NDARAMO, KUPUTSWA NEMIHLONGANO YEPALAMENDI

143 Ndaramo, kuputswa nekumboemeswa kwePalamendi

(1) Palamendi inoketwa kuti ishande kwemakore mashanu awo anobvira pazuwa rekubekwa nekuamba mushando kweMutungamiriri weNyika kweiteedzwa chibimvu 94(1)(a), uye Palamendi inonga yaparadzwa kubvira pakati peusiku hwezuwa riri sure rekutanga kwekheto huru dzinenge dzazwi dziizwe zvechiteedza chikbimvu 144.

(2) Mutungamiriri weNyika anosisa, ngemushumo, kuparadza Palamendi kana Seneti neBandhla reanoemese Mirawu yeNyika veigara vakaparadzana, ngeukhetwa hunotangira pazvibimvu zviiri kubve muzvitanu zventhengo dzechibimvu chimwe ngachimwe, dzaashira chigurwa chekuperadza.

(3) Mutungamiriri weNyika unokona, ngemushumo, kuparadza Palamendi kana Bandhla reanoemese Mirawu kana varamba zvisikazwisiki kuashira Bhiri reMurawu rekupuwa kwemare rinoronzwa ngezvaro muchibimvu 305.

(4) Fungwa yekuperadzwa kwePalamendi peiteedzwa zviri muchibimvu 3 inokone, ngekunyorera kwenthengo iri hayo yePalamendi, kuiswe padii kuti itoroswe ngeDare reBumbaro reMirawu.

(5) Kunyorera kwakancondana nekuti fungwa yekuperadzwa kwePalamendi kunosisa kuizwa neDare reBumbaro reMirawu mukati memazuwa manomwe sure kwekunga fungwa yaziiswa, uye—

- (a) Dare reBumbaro reMirawu rinosisa kuningira chikumbiro mukati mwemazuwa Gumi nemarongomuna sure kwekuashira chikumbiro ichi;
- (b) pakaemerwe zvichasungwa ngeDare reBumbaro reMirawu, fungwa yekuperadza Palamendi inomborekerwa.

144 Kukheta kukurutu kunoizwa sure kwekumoshwa kwePalamendi

(1) Kana Palamendi isikazi kubvira yebeka chigurwa chekuperadza kweiteedzwa chibimvu 143(2), Mutungamiriri weNyika inosisa kubeke mushumo wekudaidza nekubeke mazuwa ekheto huru dzichaizwe munguwa yakabekwa muchibimvu 158.

(2) Kana—

- (a) Palamendi yabeke chigurwa chekuperadza kweiteedzwa chibimvu 143(2) (b);
- (b) Mutungamiriri weNyika aparadza Palamendi kweiteedzwa chibimvu 143(3);
- (c) Mutungamiriri weNyika aparadza Palamendi zveiteera kheto yekutama gonda kweiteedzwa chibimvu 109(4); kana
- (d) Palamendi inoa yakaparadzika zveiteera kheto yekutama gonda; kweiteedzwa chibimvu 109(5).

Mutungamiriri weNyika anosisa, ngemushumo wekudainza nekubeke mazuwa ekheto huru dzichaizwe mumazuwa asikadariki makumi mapfumbamwe, sure kwekunge Palamendi yabeke chigurwa kana kuti Mutungamiriri weNyika aparadza kana Palamendi yaa yakaparadzika, sezvevingaa.

(3) Mazuwa ekheto huru inoizwa kweiteedzwa Chibimvu (1) kana (2) anosisa kuemeswa ngeMutungamiriri weNyika sure kwekubvunza Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe.

145 Muhlongano wekuamba wePalamendi sure kwekheto huru

(1) Muhlongano wekuamba kwePalamendi sure kwekheto huru unosisa kuizwa panguwa, ngezuwa rinobekwa ngeMutungamiriri weNyika, asi zuwaro arisiri kudarika mazuwa makumi matatu sure kwekunga Mutungamiriri weNyika akhetwa apinde pachikundhla kweiteedzwa chibimvu 94.

(2) Kuguma kheto yeMutungamiriri weSeneti kana Mutungamiriri wePalamende, sezvezingaa, muhlongano wekuamba Mphatso yePalamendi unosisa kutungamirwa ngeMubhari wePalamendi.

146 Muhlongano nemikuwo yekudzorora

Mbhatso yePalamendi yega yega inobeka nguwa nemukuwo yekuhkongana kwayo, kubanze kwemuhlongano wayo wekuamba, uye nguwa yekudzorora yawo, asi—

- (a) Mutungamiri weNyika unokone kudainza Paliyamendi panguwa chero iri hayo kuti iite mushado wakakosha;
- (b) mazuwa zana nemakumi masere aasisi kudarika pasina muhlongano waizwa ngechikamu chePaliyamendi.

147 Kupera kwemukuwo yemaBhiri, mukarakadzo unobekwe kubandhla, zvichemo nezvimweni zvinoizwa pakuparadzwa kwePalamendi

Pakuparadzwa kwePalamendi, zveshe zvinenge zvisati zvapeiswa panguwa iyoyo zvinoemeswa, Mabhiri eshe, mikarakadzo inobekwe kubandhla, zvichemo neimweni mushando inoema.

CHIBIMVU 9**ZVIMWENI ZVINE CHEKUITA NEPALAMENDI****148 Zvinopuwa, kungwarirwa nekuhlonipwa muPaliyamendi**

(1) Mutungamiri weSeneti, Mutungamiri wePalamende nenthengo dzePalamendi dzine sunthunuko yekureketa muPalamendi uye mumaKhomiti ePalamendi eshe uye, nyangwe veisiso kuteedza muthetho nemirawu yechikamu chine chekuita navo, avana chekuita pamahambisirwe ezvekugarisana kana kuparwa kwendaa, kusungwa kana kukonyerwa mujere kana chiri hacho chinenge chakuwadzwa charonzwa, chaunzwa pamberi kana chapuwe kuPalamendi kana Khomiti iri yayo iri hayo.

- (2) Murawu wePalamendi unokone—
 - (a) kupe zvimweni zviwanikwa, kungwaririka nemasimba ePalamendi nenthengo dzacho neashandi;
 - (b) kuphahlangura maitire angazwi ngekushoora Palamendi, angaa aizwa nenthengo dzePalamendi kana amweni anthu.
 - (c) kupe kodzero yekupingura, kubudikidza ngeMutungamiriri wePalamende kana Mutungamiri weSeneti, sezvingangoawapo, kuanthu unonga akuwadzwa zvisina shumo ngezvinenge zvareketwa padera pawo muPalamendi;

asi apana murawu unokone kutera Palamendi kana nthengo kana ashandi kuti ipe murango ngemuhlobo eandaa, kubanze kwekubhadhara mare yemuripo ngekuphungeya kungwarirwa kwao ngePalamendi nekushoora Palamendi.

149 Kodzero yekubeke zvichemo kuPalamendi

(1) Mugari weshe nemunthu weshe aakugara muZimbabwe ane kodzero yekubeke chichemo kuPalamendi kuti iningire ndaairi hayo yeine masimba padera payo kukumanidzira kubekwe, kunasiridza kana kudusa murawu.

(2) Magumisirwe anoizwe zvichemo kuPalamendi, uye maitire ePalamendi pakugumiswa kwechichemo kunosiso kunga kweiteedza Mirawu yeUrungwa.

150 Panohlongana Palamendi

Palamendi inokone kuhlongana pandau imweni isiri yeinonyanya kuhlongana, asi kwega, zveidetsere rizhinji, kungwaririka, kana zvirinyore kweiri.

151 Khomiti yeMirawu neUrongwa

(1) Palamendi inosiso kuise Khomiti inozwi Khomiti yeMirawu neUrongwa nebinidingidzo re—

- (a) kutotorosa mashandire ePalamendi;
- (b) kunasire Mirawu yeUrongwa;
- (c) kuningire nekuhleya ndaa dzeshe dzine chekuita nePalamendi; uye
- (d) kuite zvimweni zveshe zvinobekwe kuKhomiti ngeBumbeiro reMirawu rineri kana ngeMithetho yeurongwa kana umweni mutemi uri hawo.

(2) Khomiti yeMirawu neUrongwa inosisa kunge ine Mutungamiriri wePalamende neMutungamiri weSeneti uye nthengo dzinoteera dzePalamendi—

- (a) Muteedzeri weMutungamiriri wePalamende;
- (b) Muteedzeri weMutungamiri weSeneti;
- (c) Gurukota reHurumende rinoningira ngezvemare uye amweni Makurukota eHurumende mairi anobekwa ngeMutungamiri weNyika;
- (d) Mutungamiri weMushando weHurumende muchikamu chimwe ngachimwe;
- (e) Mutungamiri weBandhla rinopikisa muchikamu chimwe ngachimwe;
- (f) Muningiri mukuru wemapato ematongerwe enyika ungaemererwa muchikamu chimwe ngachimwe;
- (g) Mutungamiri weDare raana Mutape reNyika yeshe;
- (h) nthengo mbiri dzisiri makurukota eHurumende kana ateedzeri eMakurukota eHurumende umweni wakhona ari Seneta abekwa kuti apinde muKhomiti ngeMutungamiri weSeneti uye umweni ari nthengo yeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika abekwa ngeMutungamiri wePalamende; uye
- (i) nthengo sere dzisiri Makurukota eHurumende kana ateedzeri eMakurukota eHurumende, varongomuna vakhona vaketwa kuti vapinde muKhomiti ngeSeneti amweni arongomua ekiketwa ngenthengo dzeBandhla reanoemese Mirawu.

(3) Nthengo dzinosiso kubekwa kana kukhetwa kupinde muKhomiti zveiteedza Maitirwe nemaemeserwe ezviro ngekukasika sure kwemuhlongano wekuamba wezvikumuzveshe zvePalamendi, uye vanosisokhetwa kuti Khomiti itodzanise padhuze nepadhuze sezvingakoneka mapato ematongerwe enyika neaisa neakadzi ari muzvikamu zveMphatso dzeshe dzePalamendi;

(4) Khomiti yeMaitirwe neMaemeserwe ezviro inobekwa kwendaramo yeMphatso dzeshe dzePalamendi.

(5) Khomiti yeMaitirwe neMaemeserwe ezviro inotungamirirwa ngeMutungamiri wePalamende kana asipo, ngeMutungamiri weSeneti.

(6) Maitirwe anoteedzwa ngeKhomiti yeMaitire neMaemeserwe ezviro anosiso-nge akabewa muMirawu yeUrongwa.

(7) Peshe hapo panosara chikundhla chisina munthu muKhomiti yeMaitirwe nemaemeserwe ezviro nthengo inosisokhetwa kana kubekwa, sezvezvingangoa zviri, ngekukasika kungakoneka, kudzadzisa chikundhla ichi.

152 Khomiti inoningira ngezveMirawu muPalamendi

(1) Ngekukasika kungakoneka sure kwemuhlongano wekuamba wePalamendi, Khomiti yeMaitirwe neMaemeserwe ezviro inosisobeka Khomiti inozwi Khomiti yezveMirawu yePalamendi, inenge ine nthengo dzePalamendi dzinoguma nthatu dzisiri Makurukota eHurumende kana ateedzeri eMakurukota eHurumende.

(2) Nthengo zhinji dzeKhomiti inoningira ngezveMirawu yePalamendi dzinosiso kunga dziri anthu anokone kushanda kuZimbabwe semagweta kubanze kwekunge pasina anthu akadaro akawanda anokone kubekwe muKhomiti iyi.

(3) Khomiti yezvemirawu yePalamendi inosiso kutotorosa—

- (a) Bhiri reshe, risiri Biri reBumbari reMirawu, risati raashira kheto yekupeisira muSeneti kana Bandhla reanoemese Mirawu yeNyika;
- (b) Bhiri reshe rinenge ranadzurudzwa sure kwekutotoroswa ngeKhomiti, risati itirwa kheto yekupeisira muSeneti kana Bandhla reanoemese MirawuyeNyika.
- (c) Murawu weshe wakatsikiswa muGazeti;
- (d) Bhiri reshe rinenge ragumiswa kuKhomiti ngeMuteedzeri weMutungamiri weNyika kana Gurukota reHurumende; uye
- (e) Murawu weshe unenge wagumiswa kuKhomiti ngeane masimba ekunasire mirawu;

uye inosiso kuziise Palamendi kana Muteedzeri weMutungamiri weNyika, Gurukota reHurumende kana amweniwo ane masimba, sezingangoapo, kungaa kuti yakarakadza muthetho uri hawo muBhiri, muthetho kana muthetho weipikisa kana, kuti yaemeswa, inopikisa zviri muBumbari reMirawu rineri.

(4) Sure kwekutotorosa murawu kana gwaro remurawu Khomiti inoningira zveMirawu yePalamendi inosisiise kuPalamendi kana kuMuteedzeri weMutungamiri weNyika, Gurukota reHurumende kana ane masimba une chekuita nazvo, kungaa kuti yakarakadza murawu uri hawo mumurawu, kana wabekwa, uchazoa nesimba rinodarika remuthetho wePalamendi ere kana kuti basi.

(5) Murawu wePalamendi kana Mithetho Yeurongwa inokone kututsira mishando yeKhomiti inomingira ngezveMirawu yePalamendi.

153 Mutuso weMutungamiri weSeneti, Mutungamiri wePalamende, nenthengo dzePalamendi

(1) Mare inoashirwa ngeMutungamiri wePalamende uye Mutungamiri weSeneti—

- (a) inosisobekwa ngeMurawu wePalamendi, uye inobve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende;
- (b) aisisiri kudzasirwa peanonga ari pandau; uye
- (c) inosiso kuramba yeibhadharwa kweari sure kwekumoshwa kwePalamendi kuguma asisina chikundhla chakwe.

(2) Mare inoashirwa ngenhengo dzePaliyamendi inosisobekwe pashi pemurawu wePalamendi.

154 Mubhari wePalamendi neamweni ashandi

(1) Khomiti yeMaitirwe neMaemeserwe ezviro, ngemvumo yeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika inosiso kubeka mushandi anozwi Mubhari wePalamendi

kuti aite mushando, zveienderana neMirawu yeUrongwa uye kukutungamirirwa nekuningirwa ngeMutungamiri wePalamende, pamushando wezuwa ngezuwa we Palamendi.

(2) Mubhari wePalamendi unobekwe kwemukuwo wemakore matanthatu, uye unokone kubekwa zve kwenguwa imweni yakatodzana.

(3) Mubhari wePalamendi anosisosiye chikundhla chakwe—

- (a) kana, sure kwekuruziro yeKhomiti yeMaitirwe neMaemeserwe ezviro, nthengo dzayo dzinodzrika chikamu chapakati nepakati dzeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika dzatenderana kuti Mubhari anosiso kudaswa;
- (b) kana Mubhari einingirirwa kusiye chikundhla chakwe ngendaa yekuti aiye nthengo yePalamendi; kana
- (c) mukuitika kuri hako, sure kwekubate chikundhla seMubhari kweMakore gumi nemairi

(4) Khomiti yeMaitirwe neMaemeserwe ezviro inosisobeke amweni ashandi ePalamendi sezvakatodza.

(5) Mubhari wePalamendi neamweni ashandi ePalamendi—

- (a) anobekwa kweiteedzwa mahambisirwe emushando nguwa ngenguwa ngeKhomiti yeMaitirwe neMaemeserwe ezviro; uye
- (b) ashandi anoshanda neruzhinji rweanthu asi aasi ashandi eHurumende.

CHIPAUKO 7

KHETO

CHIBIMVU 1

URONGWA NEZVINOSISO KUTEEDZWA PAKHETO

155 Mithetho inoteedzwa pakheto

(1) Kheto, dzinosisoizwa nguwa ngenguwa, nema referenda, anoizwa kuweiteedzwa Bumburo reMirawu rineri dzinosisira

- (a) kuwa nerunyararo, dzakasunthunuka, uye dzakaenzanirana;
- (b) kuizwe munthu eikheta ngenjira yaka fishika;
- (c) kunge dziri dzeanthu eshe abve zera uyekuenzanirana kweakheti; uye
- (d) dzisina bongozonkana amweni maitire akashata mukheto.

(2) Utongi hweNyika hunosisitora matantho ehse akasisira, kukumanidzira matantho ezvemithetho, kuitire kubate gwinyiso kuti ukoshi unopuwe kumaitire akabekwe muchidimbu (1) uye, kakurutu, hunosiso—

- (a) kubate gwinyiso kuti agari eshe munyika, kuronza kuti agari emunyika anoronzwa ngezvawo muUrongwa hwechirongomuna vanyoreswa seakheti;
- (b) kubate gwinyiso kuti mugari wemunyika umwe ngaumwe anokone kukheta mukheto kana mureferendamu apuwe mukana wekukheta, uye inosiso detseredza kuti anthu ane urema neanode kudetserwa akheta;

- (c) kubate gwinyiso kuti mapato eshe ezvematongerwe enyika neanokwikwidza mukheto kana mumareferendamu awona zveshe zveanoda neruzivo rweshe runoite kuti akwikwidze zvinokoneka;
- (d) kupe mapato eshe ezvematongerwe enyika neanokwikwidza mukheto kana mumareferendamu mukana wakaenzana uye kuhanira kwakaenzanirana mukuambiswa kwemashoko epamphepo neekubharwa, zveruzhinii kana kana zvisiri;
- (e) kubate gwinyiso kuti makakava eshe akancondana nekheto anasiriswa ngekukasika.

156 Maitirwe ekheto nemareferendamu

Pakheto dzeshe nemareferenda, Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe, inosisobate gwinyiso kuti—

- (a) njira yeshe inoshandiswe pakukheta ainesi, inoshanda khahle, inokona kuita kuti zvakubuda zvitotoroswe, yakangwaririka uye inoitirwe pambhene.
- (b) zvakubuda mukheto kana mureferendamu zvinoziiswe ngekukasika sure kwekupera kwekheto;
- (c) matantho nenjira dzakasisira dzinobekwa—
 - (i) kuti pasae nebongozozo rekheto ne amweni maitire akashata ehketo;
 - (ii) kubate gwinyiso pakungwarire zvinoshandiswe pakukheta.

157 Mirawu yekheto

(1) Murawu wePalamendi iunosisoite kuti paizwe kheto nemareferenda peiteedzwa Bumbiro reMirawu rineri, uye kakurutu pane zviro zvinoteera—

- (a) kuganura kwemiganu panguwa dzakabekwe mundau dzekheto uye muganga kweiteedzwa chikamu 161;
- (b) kunyoresa kweakheti, uye zvinodiwa pakunyoresa kakurutu mumagwaro amabizo eakheti;
- (c) zvinosiso kuteedzwa ngemapato ezvematongerwe enyika, anokwikwidza uye amweniwo anonga ari mukheto kana mareferendamu;
- (d) njira yekheto yekuti uwandu waezvikhudhla zvinokwikwidzwa huenderane neuwandu hweanthu ari muzvikundhla pakukheta nthengo dze Seneti sezviri muchikamu 120(1) (a), uye zvhlayo zvakangwaririrwa anthukadzi zviri muBandhla reanoemese mirawu yeNyika zvaronzwa muchikamu 124(1)(b), uye urongwa hwekutsiye zvhlayo zvisina anthu, zvhlayoizvi zvinosiso garwe ngeanthu—
 - (i) vemapato ematongerwe enyika akatodzana neavo vainga vambori pazvihloayo izvi
 - (ii) zvakatodzana neavo vaimbova nezvhlayo izvi pakua muisa kana munthukadzi
- (e) kukhetwa kweaemereri eanthu aneurema pashi echikamu 120(1)(d);
- (f) kuizwa kwekheto dzemakanzuru ematunthu makuru, emadoropa, neemuntharaunda;
- (g) kupikiswa kunoizwa zvinenge zvakubude mukheto.

(2) Njira yekheto yekuti uwandu hwezvikhudhla zvinokwikwidzwa huenderane neuwandu hweanthu ari muzvikundhla zvakaronzwa muchidimbu 1(d) hunosisoona kuti akadzi aemererwa zvakaenzanirana neaisa pamaSeneti aronzwa muchikamu 120(1) (a);

(3) Murawu wekheto unosisoite kuti kududzwa kweachazokwikwidza mukheto iri hayo kuizwa mumazuwa gumi nemarongomuna sure kwekuziiswa kwekuizwa kwekheto. Kheto dzinosisoizwa pamazuwa makumi matatu sure kwekududzwa kweanokwiwkidza.

(4) Apana nadzurudzo dzinokone kuizwa pamurawu wekheto kana umweniwo murawu unenge unoubwa pashi pemurawu wekheto pamurawu uwowo, kubanze kwekuti Khomisheni inoningira ngezvekheto yemuZimbabwe yabvunzwa fungwa dzayo uye a chero iri hayo inenge yakurudzirwa ngeKhomisheni iyi yakoshweswa.

(5) Sure kwekuziiswa kwekheto, apana zvingachichwa pamurawu wekheto kana pane umweni murawu uri hawo unechekuita ekheto igakosheswa pakuizwa kwekheto iyi.

CHIBIMVU 2

NGUWA YEKHETO

158 Nguwa yekheto

(1) Kheto huru dzinosisoizwa kuitire kuti kukheta kusatora nguwa inodarika—

- (a) mazuwa makumi matatu kusati kwapera makore mashanu sezvakabekwe muchikamu 143;
- (b) kana Palamendi yatendera kumoshwa kweiteedzwa chikamu 143(2), mazuwa makumi mapfumbamwe kubve panonga patenderwa chiga chekupeisira; kana
- (c) kana Palamendi yamoshwa kweiteedzwa chikamu 109(4) kana (5) zveiteera kheto yekutama gonda, mazuwa makumi mapfumbamwe, kubve pakumoshwa.

(2) Kheto huru dzemakhanzuru entharaunda dzinosisoizwa pamwepo nedzeMutungamiri weNyika nedzePalamendi.

(3) Kheto dzekutsiye nthengo dzePalamendi nedzemakhanzeli entharaunda dzinosise kuizwa mumazuwa maukumi mapfumbamwe sure kwekuapo kwezvikhundhla kubanze kwekunge zvikundhla zvasara zvisina anthu mukati mwemwedzi mipfumbabwe yakaningirana nekheto huru, zveironza kuti zvikundhla zvinenge zvisina anthu zvinoramba zvakadarokwo kuguma kheto huru dzaizwa.

159 Kutsiye zvikundhla zvisisisina anthu

Peshe hapo panobouka chikundhla chemuHurumende chakaapo kubudikidza ngeBumbiro reMirawu rineri chisiri chehofisi inoronzwa muchikamu 158, bandhla rine mushando wekuronge zvekheto rinosisoite kuti kheto iizwe mumazuwa makumi mapfumbamwe kudzadzisa chikundhla ichi.

CHIBIMVU 3**KUGANURWA KWENDAU DZEAKHETI****160 Uwandu hwendau dzekukheta nemiganga**

(1) Nechinangwa chekukhete nthengo dzePalamendi, Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe inosiso ganura Zimbabwe kuti iye nendau dzekukheta mazana mairi negumi.

(2) Nechinangwa chekheto chenthengo dzinoemere makhanzuru entharaunda, Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe inosisoganura ndau dzakhanzeli dzentharaunda kunasire miganga zveienderana neuwandu hwenthengo dzino khetwa kuti dziemerere makhanzuru entharaunda idzodzo

161 Kuganurwa kwemiganga yevakheti

(1) Kamwe mumakore gumi, pazuwa kana mukuwo unobekwa, ngeKhomisheni kuti zviitike ngekukasika sure kwekuerengwa kweanthu munyika, Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe inosisoganura ndau dzekheto idzo Zimbabwe inoganurwa kwedziri.

(2) Kana kugurwa kwemiganu yekheto kwapedza kuizwa mumwedzi isingadariki mitanthatu, zuwa rekheto huru risati raguma, muganu yagurwa aishandi pakheto yo, uye migani yaishande kusati kwaizwa kuganurwa uku ndiyo inoshanda.

(3) Miganu yendau dzekukheta inosisonga, sezvingakoneka panguwa yekuganurwa kweuwandu hweakheti vakanyoresa hwakaenderana mundau dzekukheta muZimbabwe.

(4) Mugani yemiganga inosisonga, sezvingakoneka panguwa yekuganurwa kweuwandu hweakheti akanyiresa mumuganga umwe ngaumwe hwentharaunda yekhanzeli iyoyo.

(5) Mukugura—

- (a) miganu yemiganga, Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe inosisobate gwinyiso kuti apana muganga unopaurwa pakati pandau dzekhanzeli dzentharaunda mbiri kana kudarika;
- (b) miganu yendau dzekukheta, Khomisheni iningira ngezvekukheta muZimbabwe inosisobate gwinyiso kuti apana muganga unopaurwa pakati pendau dzekukheta mbiri kana kudarika.

(6) mukuganura Zimbabwe yeibekwa mumiganga nendau dzekukheta, Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe inosiso, yeiningira ndau iri hayo, kupe kutotorosa kwakasisira ku—

- (a) maemere endau iyi;
- (b) zvekuhambisa mashoko mundau iyi;
- (c) kupararira kwakaite anthu akabharise kukheta mundau iyi;
- (d) anthu ari hawo ane zveangada pakati pevakaabharisa kukheta;
- (e) kana kukaganurwa kweiteera kumweni kwakamboizwa, muganu iripo yendau dzekukheta; uye
- (f) uwandu hweanthu ari mundau iyi; uye kuti totoroso idze dzishande, komidheni inokone kusakoshesa ndaa yekuti ndau dzekukheta nemiganga dzinosisoa neuwandu hweanokheta akaenzanirana asi apana

ndau yekukheta kana muganga wekhanzeli yentharaunda irikuronzwa ngezvayo inokona kuane anthu akabharise kukheta akawanda kana kushomeka ngezvikamu makumi mairi kubve muzana kana zveienzaniswa nedzimweni ndau dzekukheta kana miganga.

(7) Sure kwekuganura miganga nendau dzekukheta, Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe, inosisoture mashoko kuMutungamiri weNyika unonga aine—

- (a) gwaro remiganga nendau dzekukheta nemiganga rine mazina anopuwe kumuganu umwe-ngaumwe uye nephahlanguro yakhona;
- (b) mepu kana mamepu anopangidzira miganga nendau dzekukheta; uye
- (c) zvimweniwo zvingandoda kuzikanwa kana zvimweni zviro zvingakosheswa ngeKhomisheni;

uye Mutungamiri weNyika anosiso kuite kuti mashoko ekuamba ekuganurwa kwemuganu abekwe pamberi pePalamendi mukati mwemazuwa manomwe.

(8) Mukati mwemazuwa gumi nemarongomuna sure kwekupangidza Paliyamendi mashoko ekuamba ekuganurwa kwemiganu—

- (a) Mutungamiri weNyika anokone kupetudza mashoko iwona kuKhomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe kuti itotorose zve dzimweni ndaa kana zviro zvingadiwa;
- (b) chingaa chezvikuve zvePalamendi, chinokone kubhuye kuti mashoko aya apetudzwe kuKhomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe kuti itotorose zve dzimweni ndaa kana zviro zvingadiwa, uye kana izvi zvaitika, Mutungamiri weNyika anosisopetudza mashoko aya kuKhomisheni kuti itotorose zve.

(9) Kana mashoko ekuamba apetudzwa kweiri pashi peChidimbu 8, Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe, inosisope kutotoroswa zve kwenda kana zviro zvingadiwa, asi kugura kweKhomisheni ndikwo kwekupeisira.

(10) Ngekukasika kweshe kungakoneka, sure kwekuteedza Chidimbu 7 ne9, Khomisheni inoningira ngezvekheto inosisotura mashoko ekuganura kwekupeisira kuMutungamiri weNyika.

(11) Mukati mwemazuwa gumi nemarongomuna kubve pakuashira mashoko ekugura kwekupeisira kuKhomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe, Mutungamiri weNyika anosisobudisa chiziiso muGazeti, echironza mazina nemiganu yemiganga nendau dzekukheta sekuganurwa kwezvinenge zvaizwa ngeKhomisheni.

(12) Kana paine kusaawirirana pakati pephahlanguro yemiganu yemiganga kana ndau yekukheta iri hayo, uye mepu kana mamepu unonga anasirwa ngeKhomisheni inoningira ngezvekheyo muZimbabwe, pahlanguro ndiyo inososo kukosheswa.

CHIPAUKO 8

UTONGI NEMATARE ENDAA

CHIKAMU 1

MASHANDIRE EMATARE ENDAA

162 Masimba nemishando yeatongi

Masimba eatongi anobve kuanthu emuZimbabwe, uye anoshandiswe kubudikidze ngematare endaa anoti—

- (a) Dare reBumbiro reMirawu;
- (b) Dare Gurutu rendaa
- (c) Dare Guru rendaa
- (d) Dare rezvendaa dzeAshandi neAshandirwi;
- (e) Dare rezvendaa dzeUtungamiri;
- (f) matare endaa enoshanda nema mejasitiriti;
- (g) matare endaa yezvemirawu yechianthu; uye
- (h) amweni matare endaa akaemeswa nge kana pathi pemurawu wePalamendi.

163 Atongi endaa

(1) Utongi hwemuZimbabwe hunodhibanisira—

- (a) Mukuru weAtongi, Muteedzeri weMukuru weAtongi neamweni atongi eDare reBumbiro reMithetho;
- (b) Atongi eDare Gurutu rendaa;
- (c) Mutungamiri weAtongi eDare Guru rendaa neamweni atongi eDare ro;
- (d) Mutungamiri weAtongi eDare rezvendaa dzeAshandi neAshandirwi neamweni atongi eDare ro;
- (e) Mutungamiri weAtongi eDare rendaa rezveutungamiri nemweni atongi eDare ro; uye
- (f) anthu anotungamira matare endaa anoshanda nema mejasitiriti, matare endaa dzezve mithetho dzechianthu neamweni matare akaemeswa nge kana pathi pemurawu wePalamendi.

(2) Mukuru weAtongi ndiro hloko remushando wezveutongi uye ndiye unoningira ngezveDare reBumbiro reMirawu ne Dare Gurutu rendaa.

(3) Mutungamiri weAtongi eDare Guru rendaa ndiye unoningira ngezveDare ro.

(4) Mutungamiri weAtongi eDare rendaa rezveashandi neashandirwi ndiye unoningira ngezveDarero.

(5) Mutungamiri weAtongi eDare rendaa rezveutungamiri ndiye unoningira ngezveDarero.

164 Kudziemera kweatongi endaa

(1) Matare endaa akadziemera uye anoteedza Bumbiro reMirawu rineri basi nemuthetho weanosisira kushandise asina kweakarerekerera ngekukasika uye asikathyi, dzvene kana kufokomesa amweni.

(2) Kudziemera, kushanda pasina kweakarerekera nekushande kahle kwamatare endaa, ndiro dziko rekushande zvakanaka kwemurawu uye Utongi hunokoshesa kodzero dzeanthu, uye ngeizvozvo—

- (a) Utongi hweNyika, kana masangano kana neaemereri eHurumende pamatantho eshe, uye akuna umweni munthu unokone kukangaidza mashandire ematare endaa;
- (b) Utongi hweNyika, kubudikidza nemuthetho kana amweni matantho, anosisodetsera ngekungwarira matare endaa kuti akone kudziemera, kushande asina kweakarerekera, ane chiremerera, agumirike, nekushande kahle uye kubate gwinyiso kuti ateedza zvinosisoizwa zvakabekwa muchikamu 165.

(3) Murawu kana chigurwa cheDare rendaa chinosingira Utongi hweNyika neanthu eshe uye masangano nemapazi eHurumende anoenderana nao, uye anosisoteedzerwa nao.

(4) Apana muchikamu chinechi chinosisotorwa sekuti kushaishise muthetho wePaliyamendi kupe nthengo yeutongi umweni mushando usiri wekuhina mutongo, ndokunge kuite mushando uyu kusikashaishisi kudziemera kwenthengo iyoyo pakuite mushando wayo wekuhina mitongo uye kuizwa kwemushando uyu kusingashaishiriwo kudziemerera kwemushando wezveutongi weshe.

165 Mithetho inosisa kuteedzwa ngeatongi endaa

(1) Pakushandise masimba eutongi, nthengo dzeutongi dzinosisotungamirwa ngeurongwa hunoteera—

- (a) kuedzanisa kunosisa kuoneswa kune veshe, zvisina ndaa nechihlayo chao mundaramo;
- (b) kuedzanisa akusisiri kunonoswa, uye ngend yeizvozvo nthengo dzeutongi dzinosioite mishandowadzo kahle uye nekukasika kunozwisika;
- (c) mushando unoizwa ngematare endaa wakakosha yaambho mukungwarira kodzero dzeanthu nesunthunuko dzao uye kuteedzwa kwemurawu.

(2) Nthengo dzeutongi ungangamirwa kana ari pamwepo, anosisoremeredza kana kukoshesa chikundhla chao segondiso kuru zhinji mwevari, uye anosisoedza kukhundidzira kudziemera kwao kuti ruzhinji rwue negonda mumashandire eatongi.

(3) Pakupe mutongo, nthengo yeutongi inosioite izvi yakasunthunuka uye pasina kushaishiswa kana kusundwa zvisina tsarukano.

(4) Nthengo dzeutongi adzisisiri—

- (a) kupinde munezvatongerwe enyika ari hawo;
- (b) kutore chikundhla kana kuite nthengo yesangano rezvatongerwe enyika riri haro;
- (c) kutsvaka mare kana kubvise mare yeidusirwa kusanganorezvatongerwe enyika riri haro; kana
- (d) kuenda kumihlongano yezvatongerwe enyika.

(5) Nthengo dzeutongi adzisisiri kutsvake mare kana kuashira chipo, zvimweni zveangopuwa, chikwereti kana dakariro inokone kupiringisha mishando wao weutongi kana kupe zvinokhombidza ungangamirwa atongi aashandi kahle.

(6) Nthengo dzeatongi dzinosisoremeredza mushando wadzo weutongi kudaika zvimweni zviro zvingaizwa, uye adzisi kuita zviro zvino shaishira kana kupiringisha mushando wadzo.

(7) Nthengo dzeutongi dzinosisotora matantho anozwisika ekungwarira nekukhondzira riziwo rwadzo rwemushando, mashandire awo neunthu hwawo, uye kakurutu dzinosisogara dzeziya zviro zvitsva zvinenge zveitika mumurawu wenyika newepashi reshe.

166 Dare reBumbaro reMirawu

(1) Dare reBumbaro reMirawu ndiro Dare rendaa Guru padera peeshe, uye rinoubwa nge;

- (a) Mukuru weatongi neMuteedzeri weMukuru weAtongi; uye
- (b) amweni atongi ashanu edare reBumbaro reMirawu.

(2) Kana peidikanwa mutongo anombofana kubate chihlayo muDare reBumbaro reMirawu kwemukuwo mudoodori, mukuru weatongi anokone kuibeke mutongi kana aimbowa mutongi kuti ashande semutongi weDare reBumbaro reMirawu kwemukuwo uwowo.

(3) Ndaa dzinounzwa kuDare reBumbaro reMirawu

- (a) dziri maererano nekushaishe kwekodzero dzeanthu kana sunthunuko dzakapuwa muChitsauko 4, kana maererano nekukhetwa kweMutungamiri weNyika kana muteedzeri weMutungamiri weNyika, dzinososozwikwa ngeatongi eshe eDare ro;
- (b) dzimweni ndaa dzirisi dzaronzwa mundima (a) dzinososozwikwa ngeatongi eDarero anogume atatu kana kudarika;

asi Murawu wePalamendi kana Mirawu yeDare inokone kuite kuti ndaa dzinenge dzeide kudzasirwa mutongo dzizwikwe ngemutongi umwe kana kudarika weDarero.

(4) Atongi kana aimbowa atongi anobekwe kuti ashande pashi pechidimbu (2) anokone kuramba eishanda mudare reBumbaro reMirawu sure kwemukuwo waakazwi ashande wadarika ngebiningidzo rekupeisa ndaa dzaakaamba pamukuwo weinge aine chihlayo.

167 Mishando nemasimba eDare reBumbaro reMirawu

(1) Dare reBumbaro reMirawu—

- (a) ndiro Dare rekupeisira pandaa dzeshe dzine chekuita neBumbaro reMirawu, uye zverinoranza pandaa idzi zvinosunga amweni matare endaa eshe;
- (b) rinope mutongo pandaa dzeBumbaro reMirawu basi kana dzimweniwo dzakarerekera kuBumbaro reMirawu kakurutu zvinenge zvaunzwa KuDarero pashi pechikamu 131 (8)(b) nendima 9(2) yeUrongwa hweshanu; uye
- (c) ndiro rinope mutongo wekupeisira wepadera pekuti ndaa ine chekuita neBumbaro reMirawu ere kana kuti inopindirana ere nemutongo une chekuita neBumbaro reMirawu.

(2) Kweiteedzwa Bumbaro reMirawu rineri, Dare reBumbaro reMirawu basi ndiro rinokone—

- (a) Kupanga ngezvemurawu uri hawo uri kunasirwa ku t i unoenderana neBumbaro reMirawu ere kana kuti kwete, asi rinokone kuite izvi basi kana murawu waendeswe kweriri kweiteedzwa Bumbaro reMirawu rineri;
- (b) kuzwa nekupe mutongo pamakakava ane chekuita nekukhetwa pakupinde pachikundhla cheutungamiri wenyika;

- (c) kuzwa nekupe mutongo pamakakava ane chekuite nekuti munthu anokodzera ere kubate chikundhla cheMuteedzeri weMutungamiri weNyika kana kuti kwete;
- (d) kuone kuti Palamendi kana Mutungamiri weNyika akorera kudzadzise mushando wakwe sezveanoningirirwa ngeBumbiro reMirawu ere kana kuti kwete.

(3) Dare reBumbiro reMirawu ndiro rinope chigurwa chekupeisira pakuti murawu wePalamendi kana kuti zvaizwa ngeMutungamiri weNyika kana Palamendi zvinoenderana ere nezviri muBumbiro reMirawu, uye rinosisotsigira chirevo chekusashanda kweumweni urongwa husiri maererana neBumbiro reMirawu chinoizwa ngerimweni Dare urongwa ho husati hwashanda.

(4) Murawu wePalamendi unokone kuite kuti Dare reBumbiro reMirawu rishandise masimba aro eutongi nechinangwa ichi rinokone kupe Darero, simba rekunasire murawu yeDare.

(5) Mirawu yeDare reBumbiro reMirawu inosisotendedza munthu, kana zvakanakira pakuenzaniswa kweanthu, kana asina mvumo yeDare reBumbiro reMirawu—

- (a) kuunza ndaa ine chekuita neBumbiro reMirawu kuDare reBumbiro reMirawu;
- (b) kuendese ndaa yake iri iningirwe ngerimweni Dare kuDare reBumbiro reMirawu;
- (c) kuema seshamwari yeDare rendaa.

168 Dare Gurutu

(1) Dare rendaa Gurutu ndiro Dare Guru paneeshe uye rinokumanidzira—

- (a) Mukuru weAtongi nemuteedzeri wemukuru weatongi;
- (b) atongi asiri pashi peairi eDare Gurutu; uye
- (c) amweni atongi aro hawo anobekwe pashi pachidimbu (2).

(2) Kana peidikanwe kuti umweni mutongi atustirwe kuti amboshande kwemukuwo mudoondori muDare Gurutu, Mukuru weAtongi unokone kubeke mutongi weDare Guru kana aimbove mutongi weDare Gurutu kwemukuwo uwowo.

(3) Atongi kana aombowa atongi aonobekwe kuti ashande kweiteedzwa Chidimbu (2), anoone kuramba eishande muDare rendaa Gurutu sure kwekupera kwemukuwo waakazwi ashande nechinangwa chekupeise ndaa dzakaamba pamukuwo waainge ari pachihlayo.

169 Mishando nemasimba eDare Gurutu

(1) Dare Gurutu rendaa ndiro Dare Gurutu rekupeisira muZimbabwe kubanze kwekuti ndaa dziri kutongwa dzinosisira kutongwa ngeDare reBumbiro reMirawu.

(2) Kweiteedzwa chidimbu (1), murawu wePalamendi unokone kutustira masimba ekutonga kuDare rendaa Gurutu.

(3) Murawu wePalamendi unokone kuite kuti Dare rendaa Gurutu rishandise masimba aro eutongi, uye, nechinangwa ichocho anokone kupe Darero, simba rekunasire mirawu yeDare.

(4) Mirawu yeDare rendaa inokone kupe Mubhari weDare rendaa Gurutu mishando nemasimba chero ari hawo eDarero pandaa dzine chekuite nekushaishirana mundaramo—

- (a) kubhuye zvinosisoizwa munda dzinenge dzisikakwikwidzwi, kubanze kwekunge kuite izvi kweishashire ndau nekungwarirwa kweana;
- (b) kupe mutongo pandaa idzi kuamba kana dzinenge dzeide kudzasirwe mutongo idzo dzisati dzapera kutongwa, kudhibanisira ndaa dzeshe dzakaendesweyo, asi basi ndaa dzinokorerese sunthunuko dzemunthu uri hakwe.

asi mirawu inosisope munthu uri hakwe unenge ane chekuita nezvinenge zveironzwa ngemuBhari weDare mukana wekuti ndaa yakwe iningirwe ngemutongi weDare reNdaa Gurutu uwo unokone kuzvitsigira, kuzvinasirisa kana kumbozviise padii kana kupe umweni mutongo wathlabanga kuti wakasisira.

170 Dare Guru

- (1) Dare Guru rendaa ndiro Dare Guru reNdaa uye rinokumanidzira—
 - (a) Mukuru weatongi, ateedzeri emukuru weatongi neMutongi weDare Guru;
 - (b) amweni atongi eDare reNdaa Guru anobekwe nguwa ngenguwa.

171 Mishando nemasimba eDare Guru

- (1) Dare reNdaa Guru—
 - (a) ndiro Dare rinotonga ndaa dzeshe dzevanonga veinesana nedzeavo vanonga vapara ndaa munyika yeshe yeZimbabwe;
 - (b) rine masimba ekutotorose mashandire ematare anoshande nema mejasitiriri neamweniwo matare madoko, uye kutotorose mitongo inenge yabekwa ngematare akhona;
 - (c) rinokone kutonga ndaa dzine chekuita neBumiro reMirawu kusiye kwedzinosisotonhwa ngeDare reBumiro reMirawu basi; uye
 - (d) rine simba rekuchicha mitongo inenge yapiwa ngeamweni matare sezvinoningirirwa kuizwa ngeMurawu wePalamendi.
- (2) Murawu wePalamendi unokone kuite kuti Dare reNdaa Guru rishandise masimba aro, uye nedonzo iroro, rinokone kupe Darero simba rekunasire Mirawu yeDare.

(3) Murawu wePalamendi unokone kuite kuti Dare reNdaa Guru ripaurwe kuite zvikamu zvakawanda zvinoningira ndaa dzakapaukana ngeushasha, asi chikamu chimwe ngachimwe chinenge chaumbwa chinosisoshandise masimba anonoshandiswawo ngeDare Guru pandaa iri hayo inenge yaunzwa kuchikamu.

(4) Mirawu yeDare reNdaa inokone kupe muBhari weDare rendaa Guru simba pandaa dzine chekuita nekushashirana mundaramo—

- (a) ekureketa zvinosiso kuizwa pandaa dzinenge dzisikakwikwidzwi, kubanze kwengunge kuite izvi kweikoreresha ndau nekungwarirwa kweana.
- (b) kupe mutongo panda dziri kuamba kana dzinenge dzeide kudzasirwe mitongo idzo dzisati dzapera kutongwa, kukumanidzira ndaa dzeshe dzakabekwe kweriri kuti ritonge, asi basi ndaa dzinoshaishire sunthunuko dzemuthu uri hakwe;

asi mirawu inosisope munthu uri hakwe une chekuita nezvinenge zveiizwa ngemuBhari weDare, mukana wekuti ndaa yakwe iningirwe ngemutongi weDare rendaa Guru uwo onokonde kuzvitsigira, kuzvinadzurdza, kumbozviise padii kana kupe umweni mutongo weanothlabanga kuti wakasisira.

172 Dare reAshandi neAshandirwi

(1) Dare reAshandi neAshandirwi ndiro Dare rekakosha uye rinokumanidzira—

- (a) mutongi mukuru; uye.
- (b) amweni atongi eDare reAshandi neAshandirwi seangangobekwa nguwa ngenguwa.

[Chikamu chidoko chakanasiriswa ngechikamu 3 cheMurawu 10 wa2017]

(2) Dare reAshandi neAshandirwi rine simba padera pendaa dzeashandi neashandirwi, uye dzemashandire sekuhinwa masimba kwerinoizwa ngemurawu wePalamendi.

(3) Murawu wePalamendi unokone kuite kuti Dare rendaa dzeAshandi neAshandirwi rishandise masimba aro eutongi uye, nechinangwa ichocho rinokone kupe Dare iri simba rekunasire mirawu yedare.

173 Dare rezveutungamiri

(1) Dare rezveutungamiri idare rakakosha, uye rinokumanidzire—

- (a) mutongi mukuru; uye.
- (b) amweni atongi eDare rezveutungamiri seangangobekwa nguwa ngenguwa.

[Chikamu chidoko chakanasiriswa ngechikamu 4 cheMurawu 10 wa2017]

(2) Dare rezveutungamiri rine simba pader pendaa dzeutungamiri sekuhimwa masimba kwerinoizwa ngemuthetho wePalamendi.

(3) Murawu wePalamendi unokone kuite kuti Dare rezveutungamiri rishandise masimba aro eutongi, uye, nechinangwa ichocho rinokone kupe Dare simba rekunasire mirawu yeDare.

174 Amweni matare nehumweniwo urongwa hwekutonga ndaa

(1) Murawu wePalamendi unokone kupe zvekuumbwa, anthu anoshandire, uye utongi hwe—

- (a) matare endaa emamejasitiriri, kuti atonge ndaa dzeanonesana pakupona neanopare ndaa;
- (b) matare endaa anoningira nezvemithetho yechianthu ane mushando unoningira zvemashandire emithetho yechianthu;
- (c) amweni matare endaa ari pashi peDare rendaa Guru; uye
- (d) amweniwo matare endaa madoko anotonga nekutotorosa ndaa nedzimweni njira dzekuyanana.

(2) Zveienderana nechikamu 188(4) cheBumbaro reMithetho, mihoro, dzimweni mare dzekushanda kana zvimweniwo zvingapuwe atongi eDare reAshandi neAshandirwi uye Dare reUtungamiri ari pazvihlayo izvi kana akafana kubata zvihlayo izvi pazuwa rekuthlaya kushandiswa kweBumbaro reMithetho rineri aizodzasirwi.

[Chikamu chidoko chakatutsirwa ngechikamu 5 cheMurawu 10 wa2017]

175 Masimba ematare munda dzezveBumbaro reMirawu

(1) Kana Dare ragura kuti kutemo uri hawo kana kuti zvinenge zvaizwa zviri hazvo ngeMutungamiri weNyika kana Palamendi azvienderani neBumbaro reMirawu zverinonga rabhuya izvozvo azvina simba kuguma zvatsigirwa ngeDare reBumbaro reMirawu.

(2) Dare rendaa rinobhuye kuti zvimweni zviro azvisi pamuthetho kweiteedzwa chidimbu (1) rinokone kufanopa mutongo kana kumbosunthunura ari kupumbwa ndaa, kana kumboemesa kutongwa kwendaa, reiemera zvinozoronzwa ngeDare reBumbiro reMirawu padera pemashandire emithetho kana zvimweni zvinenge zveida kutotoroswa.

(3) Munthu uri hakwe unokone kunyunyuta kana kukumbire Dare reBumbiro reMirawu kuti ritsigire kana kupikisa zvinenge zveizwi azvienderani neBumbiro reMirawu kweiteedzwa Chidimbu (1).

(4) Kana paite chiro chine chekuita neBumbiro reMirawu muDare rendaa, unenge eitungamira kutongwa kwendaa yakhona unokone, iye wakhona kana kuti akumburwa ngeane chekuita ne ndaa iyi, kuti aendese ndaa iyi kuDare reBumbiro reMirawu, kubanze kwekuti eiona kuti chikumbiro chaizwa achina shwiwo kana ngechemakurakura.

(5) Murawu wePalamendi kana mithetho yematara inosiso kuite kuti cheshe chinenge chazwi ngerimweni Dare risiri Dare reBumbiro reMirawu achienderani neBumbiro reMirawu kweiteedzwa Chidimbu 91) chaningirwa ngeDare reBumbiro reMirawu.

(6) Pakutonga ndaa ine chekuite neBumbiro reMirawu yerine simba rekutonga, Dare rinokone—

- (a) kuronza kuti murawu uri hawo kana chimweni chiitiko chisikaenderani neBumbiro reMirawu azvishandi zveienderana nekuti zvinopikisana zvakadini neBumbiro reMirawu;
- (b) kubeke mutongo wakatodzanirana nekuenzanirana, kukumanidzira mutongo wekuti nguwa iyo chiro chisokaenderani neBumbiro reMirawu chakaamba kusaenderana naro, inoambira pari uye kubeke murawu unomboemese kushanda kwechiro ichi peikosheswe kana kusakosheswe zvimweni zviro kuitire kuti aneruzivo rwakadzara padera pechiro ichi kana murawu uyu awone mukuwo wekunasirisa.

176 Masimba ari muDare rezveBumbiro reMirawu, Dare Gurutu neDare Guru

Dare reBumbiro reMirawu, Dare Gurutu neDare Guru rendaa ane masimba agara aripo uye asikachichi ekungwarira nekuhambise mushando wao uye ekunasire muthetho unoshande munyika kana wechianthu, peikosheswe ndaa yekuti pae neruenzaniso nemirawu iri muBumbiro reMirawu.

CHIBIMVU 2

KUBEKWA NEMUKUWO WENTHENO DZEUTONGI

177 Zvinodiwa kuti munthu aite Mutongi weDare reBumbiro reMirawu

(1) Munthu unosisiri kubekwa semutongi weDare reBumbiro reMirawu kana ari mugari wemuZimbabwe ane makore ekubarwa makumi marongomuna kana kudarika uye einasa kuzwisisa mirawu yakancondana neBumbiro reMirawu, uye padera pazvo ae nezvitoteera—

- (a) anosisonga ari kana akambowa mutongi wedare rinokone kutonga ndaa dzeshe dzekunesana kweanthu nekuparwa kwendaa munyika inoshandise Murawu wehiRoma nechiDhachi, kana weChiyungu, uye Chiyungu ndiwo mutauro unoshandise zviri pamuthetho kana;

- (b) kwemakore anogume kana kudarika gumi nemairi akateedzana kana asina, eisisire kushande segweta;
 - (i) muZimbabwe; kana
 - (ii) munyika inoshandise Murawu weChiRoma neChiDhachi kana weChiyungu uye chiyungu uri mutauro unoshandiswe zviri pamurawu;

uye panguwayo eisisira kuwa gweta

(2) Kuti aiswe semutongi weDare reBumbaro reMirawu, munthu inosiso ngeakasisira nekutodza kubate chikundhla chemutongi.

178 Zvinodiwa kuti munthu aite Mutongi weDare Gurutu

(1) Munthu anokone kubekwa semutongi weDare Gurutu rendaa kana ari mugari wemuZimbabwe uye ane makore ekubarwa makumi marongomuna kana kudarika, uyezve—

- (a) ari kana kuti aimbova mutongi weDare rinokone kutonga ndaa dzeshe dzekukakavadzana kweanthu nekuparwa kwendaa munyika kweishandiswe Murawu wechiRoma nechiDhachi kana weChiyungu uye, Chiyungu uri mutauro unoshandiswe zviri pamurawu;
- (b) kwemakore anohuma kana kudarika gumi akateedzana kana asina, ange eisisira kushande segweta;
 - (i) muZimbabwe;
 - (ii) munyika inoshandise Murawu weChiRoma neChiDhachi kana weChiyungu uye Chiyungu chiri ndimi inoshandiswe zviri pamurawu;

uye panguwayo eisisira kuwa gqeta.

(2) Kuti abekwe semutongi weDare Gurutu rendaa munthu inosiso kunge akasisira nekutodza kubate chikundhla chemutongi.

179 Zvinodiwa kuti munthu aite mutongi weDare Guru, Dare reAshandi neAshandirwi, neDare reUtungamiri

(1) Munthu anokone kubekwa semutongi weDare Guru rendaa, Dare rendaa rinoniningra ngezveashandi neashandirwi kana Dare rendaa rinoningira nezveUtungamiriri kana ane makore ekubarwa makumi marongomuna kana kudarika, padera –

- (a) ari kana kuti akambova mutongi weDare rinokone kutonga ndaa dzeshe dekunesana kweanthu nekupara ndaa munyika rinoshandise murawu weChiRoma neChiDhachi kana weChirungu uye Chirungu uri mutauro unoshandiswe zviri pamuthetho, kana;
- (b) kwemakore anoguma kana kudarika manomwe akateedzana kana asina kuteedzana, ange akasisa kushanda segweta
 - (i) muZimbamwe; kana
 - (ii) munyika inoshandise murawu weChiRoma neChiDhachi kana Chiyungu uye Chiyungu chiri ndimi unoshandiswe zviri pamurawu;
 - (iii) ari mugari wemuZimbabwe, ari munyika inoshandise murawu weChiRoma, neChiDhachi kana weChiyungu uye Chiyungu chiri ndimi inoshandiswe zviri pamurawu; uye panguwayo eisisira kua gqeta.

(2) Kuti abekwe semutongi weDare guru, Dare reashandi neashandirwi kana Dare rezveUtungamiri munthu anosisonga akasisira nekutodza kubate chikundhla chemutongi.

180 Kubekwa kweatongi

(1) Mukuru-mukuru weAtongi, Muteedzeri weMukuru-mukuru weMutongi neMutungamiri weAtongi weDare Guru uye amweni atongi eshe anobekwa ngeMutungamiri weNyika kweiteedzwa chikamu chinechi.

(2) Mukuru-mukuru weAtongi, Muteedzeri weMukuru-mukuru weAtongi, Mutungamiri weAtongi eDare Guru anobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekuzwa fungwa dzeKhomisheni inoona ngezvemashandire ematare endaa.

(3) Kana kubekwa kweMukuru-mukuru weAtongi, Muteedzeri weMukuru-mukuru weAtongi, Mutungamiri weDare Guru kusingaenderani nezvinotsigirwa ngeKhomisheni inoona ngezvemashandire eMatare endaa, zveienderana nechidimbu (2), Mutungamiri weNyika uchaite kuti Seneti iziiswe ngekukasika kungakoneka.

Kuti pasaa nekugunun'una, zvinoemeswa kuti zvinenge zvaronzwa ngeMutungamiri weNyika azvikoni kuwa neanozophikisa.

(4) Peshe pakasisira kubeke mutongi asiri Mukuru-mukuru weAtongi, Muteedzeri weMukuru-mukuru weAtongi kana Mutungamiri weAtongi eDare Guru, Khomisheni inoona ngezvemashandire eMatare endaa inosiso—

- (a) kushambadza chikundhla ichi; uye
- (b) kukoke Mutungamiri weNyika neruzhinji kuti adudze anthu eanokarakadza kuti akasisira; uye
- (c) kubvunza mibvunzo yekupinde mishando kuanthu anenge adudzwa awa; uye
- (d) kubhara pasi mazina eanthu atatu anenge anyisa kubve paanthu anenge adudzwa kuti apinde pachihlayo; uye
- (e) kutumire mazina aya kuMutungamiri weNyika, uye zveienderana nezvakapuwa muchidimbu (5), Mutungamiri weNyika unosisobeka munthu umwe kuti apinde pachihlayo cho.

(5) Kana Mutungamiri weNyika aona kuti pamazina eanthu aanenge apuwa zveienderana nechidimbu (4)(e) apana unenge akasisira kupinde pachihlayo ichi, Mutungamiri weNyika unozokumbira kuti Khomisheni inoona ngezvemashandire eMatare endaa iunze amwenizve mazina eanthu atatu akasisira, apo Mutungamiri weNyika unosisobeka umwe wawo pachihlayo ichi.

(6) Mutungamiri weNyika unosisokonzera kuziiswa kweumwe ngaumwe wabekwa pasi pechikamu chinechi chinobudiswa muGazeti.

(7) Zvihlayo zveMutongi mukuru weDare reAshandi neAshandirwi nemutongi mukuru weDare reUtungamiri zvinosisotsiwa ngeumweni Mutongi kana umweni ungatutsira kana kana unofana kubate chihlayo cheMutongi sezvingangowapo, kudare rakakona, uye anthu vanobekwa ngeMukuru-mukuru weatongi sure kwekubvunze Khomisheni inoona ngezvemashandire eMatare endaa.

[Chikamu chakatorerwe ndau ngechikamu 6 cheMurawu 10 wa2017]

181 Kubekwa kweanosisire kumbobata zvikundhla zveutongi

(1) Kana chihlayo cheMutongi Mukuru chisina munthu kana kuti anosisonga ari pachikundhla ichi asikakoni kuite mushando wakwe, muteedzweri wemukuru

weatongi ndiye anofana kubate chikundhla chakwe, asi kana zvikundhla zveairi aya zvisina anthu kana kuti anosisonga ari pachikundhla ichi asikakoni kuite mushando wakwe, mutongi mukuru weDare reBumbiro reMirawu ndiye anofana kubate chihlayo chemukuru weatongi.

(2) Kana chihlayo che—

- (a) Mutongi Mukuru weDare Guru;
- (b) mutongi mukuru weDare reAshandi neAshandirwi; uye
- (c) mutongi mukuru weDare rezveUtungamiriri;

chisina munthu kana anosisonga aripazvikundhla izvi vasikakoni kuite mushando wao, Mutongi Mukuru pane veshe mumatare aya ndiye unofane kubate chihlayo seMutongi Mukuru.

[Chikamu chidoko chakanasiriswa ngechikamu 7 cheMurawu 10 wa2017]

(3) Kana peidikanwe umweni zveutongi adetsere kwechinguwa chidoko muDare Guru, Dare reAshandi neAshandirwi kana Dare rezveUtungamiri Mutungamiri weNyika eiteedza zvinenge zvakaronzwa neKhomisheni inoningira ngezveUtongi unokone kuise waimboa mutongi kuti ashande semutongi weDare ro kwanguwa kwenguwa isikadariki mwedzi gumi nemiiri, uye unokone kuzwi ashande zve kwenguwa imwecheteyo.

(4) Munthu unenge abekwa kuti ashande kweiteedzwa chidimbu (3) unokona kuramba eishanda semutongi nguwa yakazwi ashande yadarika ngechinangwa chekupeise ndaa dzakaamba panguwa yainga akambobate chikundhla.

182 Kubekwa kwemamejasitiriti nedzimweni nthengo dzeutongi

Murawu wePalamendi unosisoite kuti paiswe maMejasitiriti nevamweniwo vanoite zveutongi vasiri vatongi, asi—

- (a) mamejasitiriti anosisobekwa ngeKhomisheni inoningira ngezveutongi;
- (b) vanoite ngezveutongi asi asiri maMejasitiriti kana atongi anosiso bekwa kweiteedzwa kundidzira yeKhomisheni inoningira ngezveutongi;
- (c) kubekwa kweanthu aya kunosisoizwa zviripambhene uye pasine kutya, tsveta, dzvene, kana dii rezvakarerekera.

183 Atongi aasisiri kubekwa mumatare anodarika rimwe

Kubanze kwekuti pasinganingirwi zvakapuwa muBumbiro reMirawu rineri, munthu aasisiri kubekwe kuti aemutongi weMatatare anodarika rimwe.

184 Kubekwa kweatongi kunosisa kukhombidza maemere entharaunda

Kubekwa kweatongi kunosisokhombidza kupaukana-paukana kweanthu emuZimbabwe pamwepo neuwanda hwekadzi neaisa.

185 Mphiko yekuamba mushando

(1) Asati aamba mushando wakwe, mukuru weatongi uye Muteedzeri weMukuru weatongi anosisoite mbhiko yemushando pamberi peMutungamiri weNyika kana umweni munthu unenge wapuwe mvumo ngeMutungamiri weNyika sezvakabekwa muUrongwa hweChitatu.

(2) Asati aamba mushando mutongi usiri mukuru weatongi kana Muteedzeri wemukuru weatongi anosisoite mhiko yemushando pamberi pamukuru weatongi kana umweni mutongi mukuru unenge uripo sezvakabekwa muurongwa hwetatu.

(3) Mirawu yePalamendi inoite kuti maMejasitiriri neamweni ahandi ezveutongi, awo asiri atongi abekwe inosisonasire mbhiko inoizwa ngenthengo dzeutongi idzodzo.

186 Mukuwo wechikundhla weatongi

(1) Atongi eDare reBumiro reMirawu anobekwa kwemakore asikazotutsirwi kudarika gumi nemashanu, asi—

- (a) anosisosiye mushando kana agume makore makumi manomwe; uye
- (b) sure kwekupedze mukuwo wakwe, anokone kubekwe seatongi kuDare Gurutu kana Dare Guru, kana veida havo, kana veisisira kuite mushandowo.

(2) Atongi eDare Gurutu, Dare Guru, neamweni atongi anoshande kubve pazuwa reanobekwa pachihlayo kugume aanemakore makumi manomwe, apo anosisira kuti adzorore.

(3) Munthu anokone kubekwa semutongi weDare Gurutu, Dare Guru neamweni matare kwenguwa yakatarwa, asi kana munthu aiswa, kusiri kwekumbobata hao chihlayo, anobve angorekera kua mutongi kana aguma makore makumi manomwe, nyangwe mukuwo wakwe wekushanda usati wapera.

(4) Kunyange hazvo mutongi echinge asiya mushando kana kuti agume makore makumi manomwe kana kuti sezvinoningirirwa kumutongi weDare weBumiro reMirawu kana mutongi aronzwa muChidimbu (3) aguma kumagumo kwemukuwo weanosira kushanda, mutongi uyu unokone kuramba eiite mushando wakwe nechinangwa chekupeise ndaa dzakaunzwa a mutongi.

(5) Mutongi unokone kusiya chikundhla chakwe panguwa chero iri hayo kubudikudza ngekubhare tsamba yeziiso kuMutungamiri weNyika iyo inoendeswe kweari ngeKhomisheni inoningira ngezveutongi.

(6) Chikundhla chemutongi achisisiri kuparadzwa panguwa yeanonga ari pamushando.

187 Kuduswa kweatongi pazvikundhla

- (1) Mutongi unokona basi kuduswa pachikundhla chakwe ngenda ye—
 - (a) kushaishe kuite mushando ngenda yekurwara kana kngangaidzika fungwa;
 - (b) kushaishe mushando ngekusatokona kushando; kana
 - (c) kuite zvisikaningirirwi pamushando

uye mutongi aakoni kuduswa pachikundhla kubanze kwekuti eiduswa zvinoenderane nechikamu chinechi.

(2) Kana Mutungamiri weNyika aone kuti ndaa yekuti mukuru weatongi aduswe pachikundhla inosisotoroswa, Mutungamiri weNyika unosisoumba Dare rinoningira ndaa iyi.

(3) Kana Khomisheni inoningire ngezveUtongi yakurudzira Mutungamiri weNyika kuti ndaa yekuti mukuru weatongi aduswe pachikundhla itotoroswe, Mutungamiri anosisoumba Dare rinoningira ndaa iyi.

(4) Dare rinoubwa pashi pechikamu chinechi rinosisonga rine nthengo dzinoguma kana kudarika nthatu dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika, uye panthengo dzakona—

- (a) umwe wadzo kana kudarika anosisonga ari munthu—
- (i) akamboe mutongi weDare Gurutu kana weDare Guru muZimbabwe; kana
 - (ii) ari kana akambowa mutongi weDare rinokone kutonga ndaa dzeshe dzekunesana kweanthu nekuparwa kwendaa munyika inoshanise muthetho weChiRoma neChiDhachi kana weChiyungu uye chiyungu uru mutauro unoshandiswe zviri pamurawu.
- (b) umwe wavo kana kudarika unosisokhetwa kubve pamazina eanthu matatu kana kudarika aanemakore manomwe kana kudarika ari magweta uye anenga akhetwe nge sanagano rinoumbwa pashi pemurawu wePalamendi, rinoemerera magweta emuZimbabwe.
- (5) Sangano rinoronzwa ngezvaro muchidimbu 4(b) rinosisobuda nemazina anoronzwa ngezvao muChidimbu ichi kana ratumwa ngeMutungamiri weNyika kuita izvozvo.
- (6) Mutungamiri weNyika anosisokheta nthengo imwe inodomwa pashi pachikamu chinechi kuti atungamire Dare ro
- (7) Dare rinoumbwa pashi peChidimbu (2) kana (3) rinosisototorosa ndaa yekuti mutongi aduswe pachikundhla ere uye, sure kwekuite izvozvo, rinosiso –ziise Mutungamiri weNyika zverinenge rafunga, robhuya kuti mutongi anosisoduswa ere kana kuti kwete.
- (8) Murungamiri weNyika anosisoite kuti zvinenge zvakurudzirwa ngeDare ro, kweiteedzwa chidimbu (7).
- (9) Dare rinoumbwa pashi pechikamu chinechi rindori nekodzero nemasimba akatodzana neenthengo dzinokhetwa pashi peMurawu weKhomisheni inototorose ndaa [*Chitsauko 10:07*] kana umweniwo murawu unotsiye uyu.
- (10) Kana ndaa yekuduswe kwemutongi pachikundhla yaendeswe kuDare rinoningira sezvakabekwe muchikamu chinechi, mutongi wakhona unomboemeswe mushando kuguma Mutungamiri weNyika akurudzirwa ngeDare omupetudze pamushando kana kuti omudusa zvamuchobodo.
- (11) Murawu wePalamendi inokone kupe Khomisheni inoningira ngezveutongi kana Dare renoumbwa pashi pechikamu chinechi masimba ekuti mutongi chero uri hakwe aunze matsamba ekutotoroswa utano ngebandhla rinoumbirwa izvozvo, kuitire kuona kuti utano hwakwe hwenyama nehwe fungwa hwakaema sei.

188 Mashandire nemukuwo pachikundhla enthengo dzeutongi

- (1) Atongi anosisowaniswe mutuso, dzimweni mare dzekushanda kwao nezvimweniwo uye izvi zveshe zvinobekwa zvinobekwa ngeKhomisheni inoninhgira ngezveutongi uye yapuwe mvumo ngeMutungamiri weNyika uye zvakurudzirwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemare.
- (2) Murawu wePalamendi unosisoronza ngezvemashandire uye muripo weanoite zveutongi asi asiri atongi, uye unosisoona kuti kukwidziridzwa, kuchichwa ndau yekushandira uye kuduswa pamushando kana amweni matantho ekurangwa anotorwe kweari zvinoitika—
- (a) zveiteera mvumo yeKhomisheni inoningira ngezve Utongi; uye
 - (b) ngenjira isina tsvete, uye iripambhene uye pasina kutya, chiziyano kana kukhetana.
- (3) Mutuso, imweniwo mare, nezvimweniwo zvinowanika ngeatongi zvinobwe muChikhwama cheMuunganidzwa weMare yeHurumende.

(4) Mutuso, imweni mare nezvimweni zvinowanikwa ngeatongi azvisisiri kudzasirwa paanonga a pachihlayo.

CHIBIMVU 3

KHOMISHENI YEZVEATONGI

189 Kuemeswa kwenthengo dzeKhomisheni yezveatongi

- (1) Kune Khomisheni inoningira ngezveatongi inokumanidzira—
 - (a) Mukuru weAtongi;
 - (b) Muteedzeri weMukuru weAtongi;
 - (c) Mutongi mukuru weDare Guru;
 - (d) mutongi umwe unokhetwa ngeDare reBumiro reMirawu, Dare Gurutu, Dare Guru, Dare reAshandi neAshandirwi neDare rezveUtungamiri;
 - (e) Gqeta Guru reHurumende;
 - (f) mukuru wemamejasitiriri;
 - (g) sachihlayo weKhomisheni yezveAshandi eHurumende;
 - (h) magqeta matatu anoemera anthu uye aanemakore manomwe kana kudarika ari magqeta uyezve anonga aketwa ngesangano rinenge raumbwa pashi peMurawu wePalamendi rinoemerera magqeta emuZimbabwe;
 - (i) muzvinafundo umwe kana mudzidzisi mukuru wezverawu unoketwa ngesangano rinoemerera ruzhinji rweadzidzisi emurawu yemaYunivesiti emuZimbabwe kana, kusina sangano rakadaro, vanonga vaketwa ngeMutungamiri weNyika;
 - (j) munthu umwe aanemakore manomwe kana kudarika eishanda semunthu unoningira ngezvekuhambiswa kwemare pakambani kana muHurumende, uyo unokhetwa ngesangano rinoubwa pashi peMurawu wePalamendi, rinoemerera anthu awawo; uye
 - (k) munthu umwe wane makore manomwe kana kudarika eiite mushando wakathlondana neashandi epakambani kana Hurumende, unoketwa ngeMutungamiri weNyika.

(2) Mukuru weAtongi kana peanenga asipo, Muteedzeri weMukuru weAtongi ndiye unotungamire mihlongano yeshe yeKhomisheni yezveUtongi, uye kana veshe vasipo pamuhlongano uru hawo, unenge aripo unokhetwa umwe wao kuti atungamire muhlongano uwowo.

(3) Nthengo dzeKhomisheni yezveUtongi dzaronzwa ngezvadzo mundina (d), (h), (i), (j), ne(k) dzeChidimbu (1) dzinobekwe kuti dzishande kwemakore matanthatu basi pasina umweni mukana wekuti dzikhetwe zve kuti dzishandezve.

190 Mishando yeKhomisheni yeZveatongi

(1) Khomisheni yezveutongi inokone kupe Hurumende mazano padera pechiro chiri hacho chine chekuite neutongi kana kutongwa zviri pambhene kweanthu, uye Hurumende inosiso kukoshesa zveinenge yeronzerwa.

(2) Khomisheni yezveutongi inosisokurudzira nekuite kuti pae nekudziemerera uye kuashira kutsanangura mashandire eutongi kuti pae nekutonga kwakanaka, kwakakwana, uye kuri pambhene muZimbabwe, uye ine masimba eshe anodikanwa pakuite kuti zveshe izvi zviepo.

(3) Khomisheni yezveutongi, sure mekuhinwa mvumo ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemithetho, inokone kunasire mirawu nebiningidzo chero riri haro rakabekwe muchikamu chinechi.

(4) Murawu wePalamendi unokone kupe Khomisheni yezveutongi mishando yakancondana nekupinze mishando, kuranga nekuone muripo nemashandire eanthu vanoshandire Dare reBumbaro reMirawu, Dare Gurutu, Dare Guru, Dare reashandi neashandirwi, Dare rezveutungamiri neamweni matare.

191 Kushanda zvakaringana zviri pamphene kweKhomisheni yezveutongi

Khomisheni yezveutongi inosisoite mushando wayo ngenjira yakaenzanirana, isina tsvete uye iri pamphene.

CHIBIMVU 4

ZVIMWENI

192 Murawu unosisa kushandiswa

Murawu unosisa kushandiswa ngematara muZimbabwe murawu wakaamba kushande pazuwa wawakazwi waakushanda peiningirwe zve kunasiriswa kwakazoizwa.

193 Matongerwe endaa dzinenge dzaparwa

Matara endaa anoteera ndiwo basi anokone kutenderwa kutonga ndaa dzinenge dzaparwa—

- (a) Dare rezveBumbaro reMirawu, Dare Gurutu, Dare Guru, uye matara anoshanda nemaMejastiriti
- (b) Dare kana bandhla rinotonge ndaa pasi pemurawu wekuranga anthu, zveiguma pakatodza kuti munthu arangwa zveienderana nemurango waanosisopuwa.

CHIPAUKO 9

URONGWA HWEKUTUNGAMIRA NEKUTUNGAMIRIRWA KWERUZHINJI

194 Zvakakosha nemirawu inoshandiswa kutonga nekutungamirira ruzhinji

(1) Kutungamirira kweruzhinji rweanthu padantho riri haro reHurumende kukumanidzira masangano nemarupande eUtongi hweNyika uye mapoka ari pasi peHurumende neamweni marupande ezveruzhinji, anosisotungamirira kweikosheswe kodzero dzeruzhinji dzakabekwe muBumbaro reMirawu rineri kukumanidzira urongwa hunoteera—

- (a) mashandire akanaka epadera anosisokurudzirwa uye nekuizwa nguwa dzeshe;
- (b) kushandiswe kwemara neamweni ifumi ngenjira yakanaka, pasina kupfachura uye zvinonasa kubudisa shanduko kunosiso kukhundidzirwa;
- (c) kutungamirira kweruzhinji kunosisoe nebiningidzo rekuunza budiriro;
- (d) zvinosisowaniswa ruzhinji zvinosisowaniswe ngenjira isikarerereri dii rimwe basi, yakaenzanirana uye isikadzvanyiriri amweni anthu;

- (e) zvido zveruzhinji zvinosisonasiriswa ngenguwa yakatodza uye ruzhinji rweanthu runosisokurudzirwe kuti rie nechekuita pakunasirwa kwemirawu inosisoteedzwa;
- (f) kutungamirwa kweruzhinji kunosisotsanangurwa kuPalamendi neruzhinji;
- (g) masangano nemarupande rweHurumende padantho riri haro, anosiso kushandire pamwepo;
- (h) kuiteire zviro pambhene kunosisokurudzirwa kubudikidza ngekuonese ruzhinji mashoko neruziwo zvinozwisika uye mugwingiso ngenguwa yakatodza;
- (i) kushande zvakanaka neashandi uye mweya wekuakwidziridza pamushando wao, kuti anase kushanda nepashe peanokona ndipo, zvinosisokurudzirwa;
- (j) kutungamirirwe kweruzhinji rweanthu kunosisoemerera anthu akapaukana-paukana emuZimbabwe;
- (k) kupinzwe, kufundiswa nekukwidziridza pamushando kunosisoizwa kweiningirwe kukona kwemunthu nendhlondo zvisina tsvete, zvine ruenzaniso pakati peaisa nekadzi uye kunosisokumanidzira anthu ane urema.

uye Utongi hweNyika hunosisotore matanho kukumanidzira ezvemirawu ekukurudzira zveshe zvinokosha neurongwa.

(2) Kubekwe pachihlayo pamatantho eshe eHurumende kukumanidzire masangano nemapazi anoningirwa ngeHurumende uye mapoka ari pathi peHurumende neamweni mapoka ezveruzhinji anosisoizwa peiningirwe unyanzi hweanthu aa.

195 Mabhizinisi anotungamirirwa ngeHurumende

(1) Makambani kana amweni mabhizinisi eHurumende kana anotungamirirwa ngeUtongi hweNyika anosiso, padera pekuteedze urongwa hwakabekwe muchikamu 194(1), oite mushando wao ngenjira inoite kuti arambe eishanda kahle, uye eiteedze mithetho yekushande zvakanaka kwamakhambani.

(2) Makhambani neamweni mabhizinisi anoronzwe chidimbu (1) anosiso kuambe njira yekutenga ndiyo zviro yakajeka, iri pamhene uye inotenderwa pakukwikwidzana.

196 Mishando yeashandi eHurumende nemirawu yeutungamiri

(1) Simba rinohinwe mushandi weHurumende rinokhombidza gonda yeruzhinji meariuye rinosisoshandiswe ngenjira—

- (a) inoenderane nezvinangwa zveBumiro reMirawu rineri;
- (b) inokhombidze kukosheswa kweanthu uye chido chekuadetsera kwete kuatonga;
- (c) inokwidziridza gonda reanthu pachihlayo chinoshandire mushandi wo.

(2) Ashandi eHurumende anosisozvibata peanonga eiite mushando uye paanonga asikaiti mishando kuitire kuti pasaa nekunesana pakati pezvaanoite mundaramo yao nezveanoite pamushando wao, uye haasisiri kuite zvinoshooresa zvikundhla zvao.

(3) Ashandi eHurumende anotungamira amweni anosisoite urongwa hweutungamiri hunoteera;

- (a) kukoshesa fungwa dzeamweni nekusarerekera dii rimwe basi pakutotorose zviro;

- (b) kugondeka pakuite zveanoningirirwa kuitire ruzhinji;
- (c) kubvunzika ngeruzhinji zvakathlondana nemashandire nekukhete zvekuite; uye
- (d) kuteedze mithetho nekudziemerapira pakushanda neruzhinji.

197 Zvigurwa zveakuru ezvikundhla mumabhizinisi eHurumende

Murawu wePalamendi unosiso tare kureba kwemukuwo wekua pachihlayo kweakuru kana atungamiri emapoka ari pashi peHurumende neamweni makhambani enyika kana anoningirwa ngeUtongi hweNyika.

198 Mirawu yekuitisa zviru muChipauko 9

Murawu wePalamendi unosisope matanho ekuti zviru muchipauko chinechi zviitike kudhibanisira matanho—

- (a) anoite kuti ashandi eHurumende abhuye kuti ufumi hwayo nezveanazvo zvakaema sei;
- (b) unobeke zvinosisoteedzwa ngeashandi eHurumende pakusahnda kwao;
- (c) unopahlangura mashandire akanaka emakambani, awo anosisoteedzwa nemakhambani anoningirwa ngeHurumende uye makhambani amweni eUtongi hweNyika kana anotungamirirwe ngeUtongi hweNyika;
- (d) unope kurangwa kunoite anthu anodarika mithetho yakabekwe muChipauko chinechi kana zvimweni zvinosisoteedzwa kana zvakabekwe mundima (b).

CHIPAUKO 10

ASHANDI EHURUMENDE

199 Ashandi eHurumende

(1) Pane bandhla rimwe reashandi eHurumende rinoite mushando wekuningira matungamirirwe eZimbabwe.

(2) Ashandi eHurumende anokumanidzira anthu anoshandire Urongi hweNyika, kubanzwe kwe—

- (a) nthengo dzezvikamu zvinongwarire nyika uye zvimweni zvinokone kuumbwa;
- (b) atongi, maMejasitiriti, neanthu anotungamirire matare endaa anobekwe ngeumuthetho wePaliyamendi;
- (c) nthengo dzemaKhomisheni anoumbwa pashi peBumbiro reMirawu rineri;
- (d) ashandi ePalamendi; uye
- (e) umweni munthu chero uri hakwe wekuti chihlayo kana mushando wakwe wakabekwa, ngeBumbiro reMirawu rineri kana Murawu wePalamendi, kuti asaa chikamu cheashandi eHurumende.

(3) Murawu wePalamendi unosiso kupe maemere, utungamiri, mirawu, unthu, uye zveienderana nechikamu 203, mashandire enthengo dzeashandi eHurumende.

200 Mashandire eashandi eHurumende

(1) Nthengo dzeashandi eHurumende dzinosisoshanda dzeiteedza bumbiro reMirawu rineri neimweni mirawu.

(2) Apana nthengo yeashandi eHurumende inokone kuyayeya kuurongwa usiri pamurawu.

(3) Apana nthengo yeashandi eHurumende inokone, pakuite mushando wayo—

- (a) kuite zviro zvinenge zvakarerekera dii;
- (b) kukhundidzira zvido zvebato rematongerwe enyika riri haro kana zvimweni zvido;
- (c) kushaishira zvido zvebato rematongerwe enyika kana ndaa iri hayo; kana
- (d) kushaishira kodzero dzakakosha kana sunthunuko yemunthu uri hakwe.

(4) Nthengo dzeashandi eHurumende adzisisi kua abati ezvikundhla zvepatato ematongerwe enyika ari hawo.

(5) Murawu wePaliyamendi unosisoita kuti ashandi eHurumende asaa nebato rezvematongerwe enyika reanotsigira.

201 Gurukota reashandi eHurumende

Mutungamiri weNyika anosiso kuise Gurukota rinoningira ngezveashandi eHurumende.

202 Kuiswa nekuemeswa kwenthengo dzeKhomisheni yeashandi eHurumende

(1) Kune Khomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende inokumanidzira—

- (a) sachihlayo nemuteedzeri wasachihlayo; uye
- (b) dzimweni nthengo dzisisi pashi pembiri kana dzisikadariki shanu; dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika.

(2) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende dzinosisokhetwa kubudikidza ngeruziwo rwadzo neunyanzi hwekutungamira kana kuonese ruzhinji rweanthu zverwunoda.

203 Mishando yeKhomisheni yeashandi eHurumende

(1) Khomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende inoite zvinoteera—

- (a) kupinze mishando ashandi eHurumende akasisira uye anokone kushande muHurumende;
- (b) zveienderane nezviri muchikamu 65(5), kuemese mithetho yakancondana nemashandire eashandi eHurumende, kukumanidzira mare yeanohora nezvimweni zveanoona nekuripwa;
- (c) kuningira mashandire anoite masimba ekuranga ashandi eHurumende;
- (d) kutotorose nekunasirise zvitsinzwa zeashandi eHurumende zviri maererano nezvimweni zviitiko kana zviro zvinenge zvisito kuizwa;
- (e) kutore matanho ekubate gwinyiso kuti mashandire nendaramo yeashandi eHurumende zvakanaka;
- (f) kuone kuti ashandi eHurumende aite mushando wao kahle uye zvisizi kurerekere dii rimwe;

- (g) kuziise Mutungamiri weNyika neGurukota reHurumende nezvenda chero iri hayo inoenderane neashandi eHurumende;
- (h) kukurudzira ashandi eHurumende eshe kuti ateedze zvakasisira zvinosisoizwa zviri muBumbiro reMurawu rineri;
- (i) kuite zvimweni zveshe kuashandi eHurumende zvinozwi Khomisheni iite ngeBumbiro reMirawu rineri kana neMurawu wePalamendi.

(2) Khomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende, ngemvumo inohinwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezveashandi eHurumende, rinokone kuemese mithetho yakathlondana ne chiri hacho chakabekwe muChidimbu (1).

(3) Khomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende inosisoite mushando wayo yeitedze mithetho yeshe yakabharwa, yeinopuwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezveashandi eHurumende.

(4) Pakuemese mare inohorwa, zvimwenizveanoona nekuripwa nthengo dzeashandi eHurumende, Khomisheni inoningira ngezveashandi inosiso ite izvi ngemvumo yeinohinwa ngeMutungamiri weNyika, yaunzwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezveMare uye sure mekuzwawo zvinofungwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezveashandi eHurumende.

204 Anoemerera Zimbabwe kune dzimweni nyika

Mutungamiri weNyika unokone kubeka anthu kuti ea aemererei kana amweni aemereri pazviro zvakakosha mune dzimweni nyika kana kana kubekwe mumasangano enyika dzepashi reshe uye anokone panguwa iri hayo kudusa anthu awawo pazvihlayo izvi.

205 Abhari akurutu enthayi dzeHurumende

(1) Abhari akurutu enthayi dzeHurumende anobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekunge areketa neKhomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende.

(2) Mukuwo unokone kunge mubhari mukurutu ari pachikundhla makore mashanu uye abhari aya anokone kuzwi ashande zve kwenguwa iyoyo kamwe basi, ndokunge eikone mushando, eishande kahle uye kweionekwe zveanobudisa.

CHIPAUKO 11

MISHANDO YEZVEKUNGWARIRWA KWENYIKA

CHIBIMVU 1

MIRAWU YEMASHANDIRE

206 Kungwarirwa kwenyika

(1) Mabiningidzo ekungwarirwa kwenyika anosiso kukhombidze zvido zveZimbabwe uye chido chekugara zvakaenzanirana, murunyararo nemukuwirirana, pasine kutya uye mukubudirira.

(2) Kungwarirwa kwenyika yeZimbabwe kunosisooneswa ngenjira inoenderane neBumbiro reMirawu uye nemurawu wenyika.

(3) Kakurutu, kungwaririka kwekungwarirwa kwenyika kunosisoteedzwa peikosheswa—

- (a) kodzero dzakakosha nesunthunuko uye zveshe zvinokhundidzira zvido zveruzhinji zvirimuBumbiro reMirawu rineri; uye
- (b) kuteedzwa kwemirawu.

207 Mishando yezvekungwarirwa kwenyika

- (1) Vanoningira ngezvekungwarirwa kwenyika yeZimbabwe vanokumanidzira
 - (a) Masoja;
 - (b) Mapurisa;
 - (c) vanoite utikitivha zvakafishika;
 - (d) Vanoningira ngezvekungwarirwa nekutsiurwa kweapari endaa; uye
 - (e) kundhla iri hayo rezvekungwarirwa kweNyika rakaemeswa kweiteedzwa murawu wePalamendi.
- (2) Anoningira ngezvekungwarirwa kweNyika anoshande kweiteedzwe zvinoningirirwa ngeBumbiro reMirawu rineri, Mutungamiri weNyika neDare remakurukota eHurumende uye anonongirwa ngePalamendi.
- (3) Nthengo dzinoningira ngezvekungwarirwa kwenyika dzinosisopangidza kupaukana kwakaite anthu eZimbabwe.

208 Mushandire weanoningira ngezvekungwarirwa kwenyika

- (1) Nthengo dzeanoningire ngezvekungwarirwa kwenyika dzinosisoite mushando wadzo dzeiteedze Bumbiro reMirawu rineri uye murawu wenyika.
- (2) Anoningira ngezvekungwarirwa kwenyika asisiri kuite zvinoteera pamishando yao—
 - (a) kuite mushando eipangidze kurerekera dii;
 - (b) kukhundidzire zvido zvebato rematongerwe enyika kana ndaa iri hayo;
 - (c) kushaishira zvido zvebato rematongerwe enyika kana zviri hazvo; kana
 - (d) kushaishire kodzero dzakakosha nerusunthunuko remunthu chero uri hakwe.
- (3) Nthengo dzeanoningira ngezvekungwarirwa kwenyika adzisisiri kua nthengo dzinoema-ema kana kutore zvikundhla zvbato kana sangano rezvematongerwe enyika chero riri haro.
- (4) Nthengo dzezviku zvinoningira ngezvekungwarirwa kwenyika adzisisiri kushandira mundau dzinoshandirwa ngeruzhinji kubanze kwekuti iri nguwa yekusaema zvakanaka munyika.

209 Bandhla rekungwarirwa kwenyika

- (1) Kune bandhla rinoningira ngezvekungwarirwa kwenyika rinokumanidzire Mutungamiri weNyika sasachihlayo, Muteedzeri weMutungamiri weNyika, uye makurukota eHurumende nenthengo dzinoningira ngezvakungwarirwa kwenyika, uye amweni anthu anokone kukhetwa muMurawu wePalamendi.
- (2) Mishando yebandhla rinoningira ngezvekungwarirwa kwenyika inoti—
 - (a) kunasira gwara rekungwarirwa kwenyika yeZimbabwe;
 - (b) kubhura nekupanga Mutungamiri weNyika ngendaa dzekungwarirwa kwenyika; uya
 - (c) kuite imweni mishando chero iri hayo inokone kuhinwa ngeMurawu

wePalamendi.

(3) Atungamiri ezvikamu ozvinoningira ngezvekungwarirwa kwenyika anosisobhuire bandhla rinoningora ngezvekungwarirwa kwenyika ngezvemaemero ekungwarirwa kweZimbabwe peshe apo bandhla iri rinenge reida kuziye nezvezviro izvi.

210 Njira dzakadziemera dzekubeke zvichemo

Murawu wePalamendi unosiso kuita kuti pae nenjira isina kweyakarerekera yekuashira nekutotorose zvichemo zveruzhinii maererano nezvakashata zvinenge zvaizwa ngenhengo dzezvikamu zvinoningira ngezvekungwarirwa kwenyika, uye kunasirise kushata kweshe kunoapo ngenda yezvinenge izvaizwa ngenhengo idzi.

CHIBIMVU 2

MASOJA

211 Masoja

(1) Masoja eZimbabwe anokumanidzira anoshandise zvombo ari pasi, anoshandise zvombo ari mudenga, uye amweni mapoka anokone kuumbwa ari hawo, pasi peMurawu wePalamendi.

(2) Masoja eZimbabwe ndiwo basi Masoja anoshande zviri pamurawu muZimbabwe.

(3) Maouto anosisokoshesa kodzero nesununguko dzeanthu eshe hawo uye kusarerekere dii, kude nyika, kwe nerudo nenyika, kushande mishando kahle uye kudziise pasi pehurumende yenyika inoemeswe kweiteedzwe Bumbiro reMirawu rineri.

(4) Masoja anosisozvininipisa uye kuteedze mithetho nguwa dzeshe.

(5) Murawu wePalamendi unosisope maemere, mashandire, utungamiri, murawu, kudzibata kwakasisira nekukwidziridzwe pamushando uye kudzaswa kweashandi nedzimweni nthengo uye, zveienderane nechibimvu 218, mashandire enthengo dzeMasoja.

212 Mishando yeMasoja

Mushando weMasoja ngewekungwarire Zimbabwe, anthu ayo, kungwaririka kwayo nezvido zvayo ne miganu yayo nedzimweni nyika nekukoshesa Bumbiro reMirawu rineri.

213 Kutumwa kweMasoja

(1) Kweiteedzwa Bumbiro reMirawu rineri, Mutungamiri weNyika basi semukuru weMasoja, ndiye une simba—

- (a) rekubhuire Masoja mushando wekuita; kana
- (b) rekuemese mashandire eMasoja;

(2) zveiteere mvumo yeMutungamiri weNyika, Masoja anokone kuhinwa mushando muZimbabwe.

- (a) wekudziirire Zimbabwe;

- (b) kudetsere mapusisa pakuite kuti ruzhinji rungwarire murawu; kana
- (c) kudetsere mapurisa neamweni anoningira ngezveruzhinji kana peinge paitika njodzi kana jichimiru.
- (3) Zveiteera mvumo yeMutungamiri weNyika, Masoja anokone kuhinwa mushando kubanze kweZimbabwe—
 - (a) wekungwarire runyararo mune dzimweni nyika pashi pesangano remubatanidzwa wenyika dzepashi reshe kana amweni masangano epashi reshe kana emudunthu rinooneke Zimbabwe iri nthengo;
 - (b) wekudziirire miganu yedzimweni nyika;
 - (c) wekudzadzisa zvinoningirirwa kunyika yeZimbabwe nedzimweni nyika dzepashi reshe;
 - (d) kungwarira nyika yeZimbabwe kana zvido zvayo.
- (4) Zveiteera chiga chezvikamu zviiri kubve muzvitatu zventhengo dzeshe dzePalamendi, pamuhlongano wemubatanidzwa we Seneti neBandhla revanoemese Mirawu yeNyika, Palamendi inokone kubhuye kuti kutumirwe kubanze kweZimbabwe Masoja kuemeswe.
- (5) Kana Palamendi yabhuya kuti kutumirwe kubanze kweZimbabwe kweMasoja kuemeswe, Mutungamiri weNyika anosisotore matantho eshe anokoneka ekupetudza Masoja munyika, eikoshese kungwaririka kweMasoja nezvombo zveZimbabwe.

214 Zvinoningirirwa kuizwa ngeanotuma Masoja kudai ngezvematomongerwe enyika

Kana Masoja atumwa mushando

- (a) muZimbabwe kuti adetsere pakungwaririka kweMurawu; kana
- (b) kubanze kweZimbabwe;

Mutungamiri weNyika anosisoitse kuti Palamendi iziiswe ngekukasika uye yeironzerwa zveshe zvakakosha, zvikonzero zvekutuma Masoja uye—

- (i) kana atumwa mushano muZimbabwe, ndau yeari kushandira
- (ii) kana atumwa mushando kubanze kweZimbabwe, nyika yeari kushandira.

215 Gurukota rinoningira ngezveMasoja

Mutungamiri weNyika anosisobeka Gurukota reHurmende rinoningira ngezveMasoja.

216 Kutungamirirwa kweMasoja

(1) Murawu wePalamendi unokone kuite kuti—

- (a) Masoja atungamirirwe pashi pemutungamiri weMasoja umwe; kana
- (b) chikamu chimwe ngachimwe cheMasoja kana zviiri kana kudarika zviripamwepo, zviiswe pashi peutungamiri hwaka paukana.

(2) Mutungamiri weMasoja umwe ngaumwe, uye mutungamiri wechikamu cheMasoja chiri chiri hacho anobekwe ngeMutungamiri weNyika sure kwekuzwa fungwa dzeGurukota reHurumende rinoningira ngezveMasoja.

(3) Atungamiri eMasoja neatungamiri ezvikamu zveMasoja anokone kubekwe

kwemukuwo usikadariki makore mashanu uye munthu aasisiri kubate chikundhla ichi kanodarika kairi.

(4) Munthu unenge amboshanda semutungamiri wechikamu cheMasoja anokona kubekwa zve semutungamiri weMasoja, asi munthu unenge amboshanda semutungamiri weMasoja asisiri kushanda zve semutungamiri wechikamu cheMasoja, kana kutungamirira chimweni chikamu chero chiri hacho chinoningira ngezvekungwarirwa kwenyika.

(5) Mutungamiri weMasoja umwe ngaumwe, uye mutungamiri wechikamu cheMasoja umwe ngaumwe unosisira kuite utungamiri hwakwe eiteedza gwara rakabharwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezveMasoja reiteedza zvinenga zvareketwa ngeMutungamiri weNyika.

217 Kuemeswa nenthengo dzeKhomisheni yeMasoja

(1) Kune Khomisheni inoningira ngezveMasoja inokumanidzira sachihlayo uyo anosisira kunge ari sachihlayo weKhomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende uye dzimweni nthengo dzisiri pashi pembiri asi dzisikadariki nthanthatu dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika.

(2) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezveMasoja dzinosisokhetwa ngendaa yeruzivo rwadzo kana unyanzvi hweutungamiri, kuona zveashandi kwadzo, zvakathlondana nekurwisana, matsamba adzo emushando, kana kuti kusisira kuti dziketwe; uye

- (a) chikamu chepakati nepakati chenthengo idzi chinosisonga cheanthu asiri kana asizi kumboa Masoja;
- (b) umwe basi kana kudarika anosisonga akambenge ane chikundhla chikuru cheMasoja kamwe kana kudarika uye kwenguwa inoguma makore mashanu.

218 Mishando yeKhomisheni yeMasoja

(1) Khomisheni inoningira ngezveMasoja inoite zvinoteera—

- (a) kupinze mushando anthu akafundira mushando uye anokone kuti atore mishando kana zvikundhla muchiuto;
- (b) kuemese nekunasire mithetho yemashandire enthengo dzeMasoja, kukumanidzira muhora, dzimweni mare dzeanoashira nezvimweni zveanopuwa;
- (c) kubate gwinyiso kuti maponere neutungamiri hweMasoja zvakaema sei uye kuti Masoja arambwe eite mushando kahle uye zvemphando yepadera;
- (d) kubate gwinyiso kuti nthengo dzeMasoja dzaite zvinoenderane nechikamu 208;
- (e) kuite kuti paenekuryidzana nekuzwisana pakati peMasoja neruzhinji rweanthu;
- (f) kupangire Mutungamiri weNyika uye Gurukota reHurumende mazano ane chekuita nendaa chero iri hayo ine chekuita neMasoja; uye
- (g) kuite umweni mushando weshe unohinwa Khomisheni iyi ngeBumbiro reMirawu rineri kana neMurawu wePalamendi.

(2) Khomisheni inoningira ngezveMasoja, yahinwa mvumo ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezveMasoja, inokone kuemese mirawu nebiningidzo ripi haro rakabekwe muChidimbu (1).

(3) Pakuemesese mituso, dzimweni mare nezvimweni zvinopuwa zvevanowana seMasoja, Khomisheni inoningira ngezveMasoja inosisoite izvi yahinwa mvumo ngeMutungamiri weNyika, iyewo aronzwerwa zvekuita ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemare, uye sure kwekuzwawo zvinofungwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezveMasoja.

CHIBIMVU 3

MUSHANDO WEMAPURISA

219 Mushandire nemushando wemapurisa

- (1) Kune mapurisa anoite zvinoteera—
 - (a) kuferefeta, kutotorosa nekudziirire ndaa;
 - (b) kuone zvekungwaririka kwenyika yeZimbabwe;
 - (c) kungwarira nekungwariridza ndaramo neufumi zveanthu;
 - (d) kuite kuti paenekuteedzwa kwemuthetho; uye
 - (e) kumurudzira Bumbiro reMirawu rineni nekushandise murawu pasina kutya kana tsvete.
- (2) Mapurisa anosiso kuite mushando wawo eishande pamwepo ne—
 - (a) chikamu cheshe cheutikitivha chinoubwa ngemurawu;
 - (b) bandhla riri haro rinoubwa ngemurawu nebiningidzo rekuferefeta, kutotorosa kana kudziirire imweni mihlobo yendaa; uye
 - (c) kundhla dzemudunthu nedzephashi reshe dzinoubwa kuti dzipedze kuparwa kwendaa.

(3) Mapurisa anosisonga asine dii reakarerekera, eishanda nenyika yeshe ane rudo nenyika, eishande mushando kahle uye eizviise pashi pehurumende yenyika inoemeswa kweiteedzwa Bumbiro reMirawu rineri.

(4) Murawu wePalamendi unosiso maemero, mashandire, utungamiri, mirawu, kudzibata zvine unthu uye kukwidziridzwa kana kudzasirwa pamushando kwemapurisa zveienderane nechibimvu 223, mashandire emapurisa

220 Gurukota rinoningira ngezvemushando wemapurisa

Mutungamiriri weNyika unosiso kubeke Gurukota reHurumende rinoningira ngezvemapurisa.

221 Mukuru-mukuru wemapurisa

(1) Mapurisa anotungamirirwa ngemukuru-mukuru wemapurisa unobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekuzwe fungwa dzeGurukota rinoningire ngezveMapurisa.

(2) Mukuru-mukuru wemapurisa unobekwa kuti ashande kwemakore mashanu, awo anokone kututsirwa kamwe.

(3) Munthu unenge akamboshanda semukuru-mukuru wemapurisa aakoni kubekwa zve kuti atungamire chimweni chikamu chero chiri hacho chinoningira ngezvekungwaririka kwenyika.

(4) Mukuru-mukuru wemapurisa anosisoite kuti utungamiri hwakwe huteedze gwara rakabharwa ngeGurukote reHurumende rinoningira ngezvemapusira reiteedzere zvinenge zvaronzwa ngeMutungamiri weNyika.

222 Kuiswa nekuemeswa kwenthengo dzeKhomisheni yemapurisa

(1) Kune Khomisheni inoningira ngezvemapurisa inokumanidzira sachihlayo uyo anosisonga ari sachihlayo weKhomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende uye dzimweni nthengo dzisiri pashi pembiri asi dzisikadariki nthanthatu dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika.

(2) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezve mapurisa dzinosisokhetwa ngendaa yeruziwo rwadzo kana unyanzvi pane zvekungwaririka kwemurawu, utungamiri hwadzo, kana matsamba adzo emushando kana kusisira kuti dzikhetwe; uye—

- (a) chikamu chepakati nepakati chenthengo idzi chinosisonga cheanthu asiri kana asizi kumboa mapurisa;
- (b) umwe basi kana kudaika wenthengo idzi anosisonga akambenge ane chikundhla chikuru muchipurisa kamwe kana kudarika uye kwemukuwo unoguma makore mashanu.

223 Mishando yeKhomisheni yemapurisa

(1) Khomisheni inoningira ngezve mapurisa inoite zvinoteera—

- (a) kubeka anthu akafundire mushando uye anokone kuti atore mishando kana zvikundhla muchipurisa;
- (b) kuemese nekunasire mithetho nemashandire enthengo dzemapurisa, kukumanidzira mihoro, dzimweni mare dzeanoashira, nezvimweni zveanopuwa;
- (c) kubate gwinyiso kuti ndaramo neutungamiri hwemapurisa ozvakaema sei uye kuite kuti arambe eiite mushando kahle uye zvebhando yepadera;
- (d) kubate gwinyiso kuti nthengo dzemapurisa dzaite zvinoenderane nechikamu 208;
- (e) kuite kuti pae nekuryidzana nekuzwisana pakati pemapurisa neruzhinji rweanthu;
- (f) kuziise Mutungamiri weNyika uye Gurukota reHurumende nezvendaa chero iri hayo ine chekuite nemapurisa; uye
- (g) kuite umweni mushando weshe unopuwa Khomisheni iyi ngeBumbiro reMirawu rineri kana neMurawu wePalamendi.

(2) Khomisheni inoningira ngezvemapusisa, yahunwa mvumo ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemapurisa inokone kuemese mirawu nebinigidzo rakabekwe muChidimbu (1).

(3) Pakuemense mituso, dzimweni mare dzeanoashira uye zvimweniwo zveanopuwa nekuripwa, Khomisheni inoningira ngezvemapurisa inosisoite izvi yapuwe mvumo ngeMutungamiri weNyika, ena aronzerwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemare, uye sure kwekuzwa zvinofungwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemapurisa.

CHIBIMVU 4

USORI

224 Kuemeswa kwemishando yezveusori

(1) Mishando yezveusori yeUtongi hweNyika, isiri bandhla rezveusori reMasoja kana mapusira, rinosisoumbwa nemuthetho kana kuti zvabve kuMutungamiri weNyika kana Dare reMakurukota eHurumende.

(2) Mushando yezveusori yeUtongi hweNyika inosiso kunga isika rerekeri, yeishande nenyika yeshe iine rudo nenyika yeishande mushando kahle uye yeizvibeka pashi pehurumende yenyika inoemeswa ngeBumbiro reMirawu rineri.

225 Gurukota rinoningira ngezvemishando yeusori munyika

Mutungamiri weNyika anosisobeka Gurukota reHurumende rinoningira ngezveusori munyika.

226 Kutungamirirwa kwemishando yeusori munyika

(1) Mishando yeusori munyika inosiso kunga yeitungamirirwa ngemukuru weanoite mushando weusori munyika uyo anosisobekwa ngeMutungamiri weNyika kuti ashande kwemakore mashanu uye anokone kuzwi ashande zve kwenguwa iyi kamwe.

(2) Mukuru-mukuru weanoite mushando wezveusori anosiso kuite utungamiri hwakwe eiteedza zvakabharwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemishando yeusori, eiteedzere zvinenge zvaronzwa ngeMutungamiri weNyika.

(3) Munthu unenge akamoshande semukuru-mukuru weanoite mushando weusori asisiri kukhetwa zve kuti atungamire chimweni chikamu chero chiri hacho chinoningira ngezvekungwaririka kwenyika.

CHIBIMVU 5

MATIRONGO NEMISHANDO YEKUNASIRISA UNTHU

227 Mishando yematirongo nemishando yekunasirisa unthu

(1) Kune mishano yematirongo nekupanwa inoningira ngezvekungwaririka nekunasirise unthu hweapari endaa sezvinoteera—

- (a) kungwaririka kweruzhinji rweanthu kubve kuapari endaa, kubudikidza ngekuabeke muusungwa uye kuumba patsva unenge abatwa ngendaa neamweni anosisa kubekwe muusungwa zviri pamurawu uye nekuapetudzazve munyika kuti agarisane neamweni;
- (b) kutungamira ndau dzematirongo nekupangwa kweanthu.

(2) Mishando yematirongo nekupangwa kweapari endaa inosisonga isina dii reyakarerekera yeishanda nenyika yeshe, iine rudo nenyika, yeishande mushando kahle uye iri pashi pehurumende yenyika inokhetwa kweiteedzwa Bumbiro reMirawu rineri.

(3) Murawu wePalamendi unosisope maemere, mashandire, utungamiri, mirawu, kudzibata zvine unthu uye kukwidziridzwa kana kudzasirwa pamushando kweanoningira ngezvekungwarirwa nekupangwa kweapari endaa, uye zveienderane nechikamu 231, mashandire eanoningira ngezvekungwarirwa nekupangwa kweapari endaa.

228 Gurukota rinoningira ngezvematirongo nemishando yekunasirisa unthu

Mutungairi wenyika unosisobeka Gurukota reHurumende rinoningira ngezvematirongo nekupangwa kweapari endaa.

229 Mukuru-mukuru wematirongo nemishando yekunasirisa unthu

(1) Mushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa kunotungamirwa ngemukuru-mukuru wematirongo nekupangwa kweapari endaa unobekwa ngeMutungamiri weNyika sure mwekuzwa fungwa dzeGurukota rinoningira ngezvematirongo nekupangwa kweapari endaa.

(2) Mukuru-mukuru weMatirongo nekupangwa kweapari endaa unobekwa kuti ashande kwemakore mashanu uye eikone kuzwi ashande zve kwenguwa iyi kamwe.

(3) Munthu unenge amboshanda semukuru-mukuru wematirongo nekupangwa kweapari endaa aasisiri kukhetwa zve kuti atungamire chimweni chikamu chiri hacho chinoningira ngezvekungwaririka kwenyika.

(4) Mukuru-mukuru wematirongo nekupangwa kweapari endaa unosisoite utungamiri hwakwe eiteedza zvakabharwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvematirongo nekupangwa kweapari endaa eiteedza zvinenge zvaronzwa ngeMutungamiri weNyika.

230 Kuemeswa kwenthengo dzeKhomisheni yematirongo nemishando yekunasirisa unthu

(1) Kune Khomisheni inoningira ngezvematirongo nekupangwa kweapari endaa inokumanidzira sachihlayo, uyo unosisonga ari sachihlayo weKhomisheni inoningira ngezveashandi eHurumende, uye dzimweni nthengo dzisisi pashi pembiri asi dzisikadariki nthanthatu dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika.

(2) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezvematirongo nekupangwa kweapari endaa dzinosisokhetwa ngendaa yeruziwo rwadzo kana unyanzvi panezvekungwarirwa kwemurawu, utungamiri hwadzo kana matsamba adzo emushando kana kuisira kuti dzikhetwe kwadzo, uye—

- (a) chikamu chepakati nepakati chenthengo idzi chinosisonga cheanthu asiri uye asizi kumboa nthengo dzamushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa;
- (b) umwe kana kudarika wenthengo idzi unosisonga akambo ane chikundhla ckikuru mumushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa kamwe kana kudarika uye kwenguwa inoguma makore mashanu.

231 Mishando yeKhomisheni yematirongo nemishando yekunasirisa unthu

(1) Khomisheni inoningira hgezvematirongo nekupangwa kweapari endaa inoite zvinoteera—

- (a) kuise anthu akafundire mushando uye anokone kuti atore mishando kana zvikundhla mumushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa;
- (b) kuemesa nekunasira mirawu yemashandire enthengo dzemushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa, kukumanidzira mituso, dzimweni mare dzeanoashira nezvimweni zveanopuwa;
- (c) kubate gwinyiso kuti ndaramo neutungamiri hweanoshande mumatirongo nekupange apari endaa hwakaema zvakadini uye kuite kuti arambe eiite mushando kahle uye zvemphando yepadera;

- (d) kubate gwinyiso kuti nthengo dzemushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa dziite zvinoenderane nezviri muchikamu 208;
- (e) kuite kuti pae nekuryidzana nekuzwisana pakati pemushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa neruzhinji rwaanhu;
- (f) kuziise Mutungamiri weNyika uye Gurukota reHurumende nezvenda iri hayo ine chekuita nemushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa; uye
- (g) kuite umweni mushando weshe unopuwe Khomisheni iyi ngeBumbiro reMirawu rineri kana ngeMurawu wePalamendi.

(2) Khomisheni inoningira ngezvematurongo nekupangwa kweapari endaa inohinwa mvumo ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa inokone kuemese mirawu nechinangwa chekuite zvakabekwa muChidimbu (1).

(3) Pakuemese mituso nedzimweni mare dzeanoashira, nezvimweni zveanopuwa nekuripwa, Khomisheni inoningira ngezvemushando wematirongo nekupangwa kweapari endaa inosisoite izvi yahinwa mvumo ngeMutungamiri weNyika ena aronzerwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvemare iye azwawo zvinofungwa ngeGurukota reHurumende rinoningira ngezvematurongo nekunasiriswa kweunthu hweapari endaa.

CHIPAUKO 12

MAKHOMISHENI AKADZIEMERA ANOTSIGIRA ZVIEMO ZVEJEKERERE

CHIBIMVU 1

ZVIMWENI

232 MaKhomisheni akadziemera

MaKhomisheni akadziemera ngeanoteera—

- (a) Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe;
- (b) Khomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanhu muZimbabwe;
- (c) Khomisheni inoningira ngezve aisa neanthukadzi muZimbabwe;
- (d) Khomisheni inoningira ngezvekuhambiswa kwemashoko muZimbabwe; uye
- (e) Khomisheni inoningira ngezverunyararo nekuyanana munyika.

233 Biningidzo remaKhomisheni akadziemera ega

MaKhomisheni akadziemera ane mabiningidzo anoteera padera pezvinotutsiridzwa nezvimweni zveanohinwa zvakancondana ne Khomisheni yega yega—

- (a) kukurudzira nekusimbisa kodzero dzeanhu nezvido zveruzhinji;
- (b) kungwarira kudzitonga nezvido zveanhu;
- (c) kukurudzira kushandiswa kwe mithetho iri muBumbiro reMirawu;
- (d) kukurudzira kuite zviro pambhene nekuizwa kwemushando kahle mumabandhla eHurumende;

- (e) kungwariridza kuteedzwa kwezvido zveruzhinji zveanthu neUtongi hweNyika uye nemasangano eshe nemapazi eHurumende uye mapoka anoshanda ari pasi peHurumende; uye
- (f) kubate gwinyiso kuti zvakashata zvinoitirwe anthu zvanasiriswa.

234 Ashandi emaKhomisheni akadziemera ega

MaKhomisheni akadziemera ane simba rekupinze anthu mushando, zveienderana nemurawu, nekubeke mithetho yakancondana nemashandire awo.

235 Kudziemera kwemaKhomisheni

(1) MaKhomisheni akadziemera—

- (a) akadziemera uye aatungamirwi kana kurairwa naani hakwe;
- (b) anosiso kuite mushando wawo eiteedze Bumbiro reMirawu rineri; uye
- (c) Anosiso kuite mushando wawo zvisina kutya, tsvete kana ruvengo; kunyazwi zvazvo eisisope phahlanguro yemashandire ayo kuPalamendi.

(2) Utongi hweNyika nemasangano eshe nemapazi eHurumende pamatantho ari hawo, kubudikidza ngemirawu neamweni matantho anosiso kudetsera maKhomisheni akadziemera uye anosiso kuangwarira rusunthunuko rwawo, kusarerekera dii, cnechiemo chakanaka nekuite mushando kahle.

(3) Akuna munthu anoningirirwa kupiringisha mashandire emaKhomisheni akadziemera.

236 Nthengo dzemaKhomisheni akazveiemera aasisi kupinde mune zvevatongerwe enyika

(1) Nthengo dzemaKhomisheni akadziemera adzisisiri, mukuite mushando kwadzo—

- (a) kurerekere dii;
- (b) kukhundidzira zvido zvebato rezvevatongerwe enyika kana ndaa iri hayo;
- (c) kushaishe zvido zvebato rezvevatongerwe enyika riri haro riri pamurawu; kana
- (d) kushaishire kodzero dzakakosha nerusunthunuko rwemunthu uri hakwe.

(2) Anthu ari nthengo dzematongerwe enyika kana masangano pedzinopinde mumushando wemaKhomisheni akadziemera dzinosisiye unthengo ngekukasika uye kunyazwi zvadidini anosisiye unthengo uhu mukati mwemazuwa makumi matatu ekupinde mushando.

(3) Kana nthengo yeKhomisheni yakazveiemera—

- (a) ikae nthengo yebato kana sangano rezvevatongerwe enyika; kana
- (b) munthu wainga ari nthengo yebato kana sangano rezvevatongerwe enyika pakupinde mushando muKhomisheni akaramba ari nthengo, bato kana sangano iri kwemazuwa makumi matatu ukunge apinde mushando;

anobve ango rekera kua nthengo yeKhomisheni iyi.

237 Kubekwa nekuduswa pachikundhla kwenthengo dzemaKhomisheni akadziemera

(1) Ngechinangwa chekukhetwa kweanthu anokone kubekwa senthengo dzeKhomisheni yakadziemera iri hayo, Khomiti inoningira ngezve Mithetho neUrongwa inosiso kuite—

- (a) kushambadzira chikundhla ichi;
 - (b) kudainzira veruzhinji kuti akhete mazina eanthu anokone kutore chikundhla ichi;
 - (c) kubvunzurudza anonga eida kutore chikundhla ichi ruzhinji rweanthu rweizwa;
 - (d) kunasira gwaro rine uwandu hune mazina eanthu anodikanwa kuti akhetwe pachikundhla ichi; uye
 - (e) kuendese gwaro remazina akhona kuMutungamiri weNyika
- (2) Nthengo yeKhomisheni yakadziemera inokone kuduswa pachikundhla ngendaa yeizvi basi—
- (a) kushaishe kuite mushando wayo ngendaa yekurwara kwemui kana kushaishike fungwa;
 - (b) kushaishe mushando maningi;
 - (c) kubatwe ngendaa yekuite zvisikaningirirwi zvachose pamushando wayo;
 - (d) kunge asikasisiri kuhinwa chikundhla muKhomisheni inenge yeironzwa ngezvayo.
- (3) Zvinoteedzwa pakuduswa kweatongi pachikundhla ndozvo zvinoteedzwawo pakuduswa pachikundhla kwenthengo yeKhomisheni yakadziemera.

CHIBIMVU 2

KHOMISHENI YEZVEKUKHETA YEZIMBABWE

238 Kuemeswa nenthengo dzeKhomisheni yezvekukheta muZimbabwe

- (1) Kune Khomisheni inozokanwa seKhomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe inokumanidzira—
- (a) sachihlayo unobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekubvunza fungwa dzeKhomisheni inoningira ngezveUtongi neKhomiti inoningira ngezveMirawu neUrongwa; uye
 - (b) dzimweni nthengo sere dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika kubve pamazina asiri pashi pegumi nemairi eanthu anokhetwa neKhomiti inoningira ngezveMirawu neUrongwa.
- (2) Sachihlayo weKhomiti inonihira ngezvekheto muZimbabwe anosisonga ari mutongi kana akamboshando semutongi kana kuti ari munthu akasisira kue mutongi.
- (3) Kana kukhetwa kwasachihlayo weKhomisheni anoningira ngezvekheto kusika wirirani nemaonero eKhomisheni inoningira ngezveUtongi, Mutungamiri weNyika anosisoite kuti veKhomiti inoningira ngezveMirawu neUrongwa aziiswe ngekukasika.
- (4) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe dzinosisonga dziri agari emuZimbabwe uye dzinosisogondeka, nekue nemakore akawanda pamushando uye ngendaa yekukona kwao mushando muHurumende kana mumaKambani akadziemera.
- (5) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezveKheto muZimbabwe, dzinosisohinwa mushando kwemakore matanthatu, uye dzikone kupetudzwa pamushando kwemakore matanthatu asi akuna munthu unotenderwa kushandire Khomisheni kana akamboite nthengo kwemakore gumi nemairi akateedzana kana asina kuteedzana.

239 Mishando yeKhomisheni yekukheta yeZimbabwe

Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe inoite mishando inoteera—

- (a) kunasirira, kuitisa nekutungamirire kuizwa kwe—
 - (i) kheto dzekutsvake Mutungamiri weNyika nenthengo dzePalamendi;
 - (ii) kheto dzemakhanzuru ematunthu makuru makhanzuru emadhobha nemakhanzuru ekumakanyi neentaraunda;
 - (iii) kheto dzenhengo dzeBandhla raanaMutape sezvakapuwa ngechikamu 237; uye
 - (iv) mareferendamu;

uye kuningire kuti kheto idzi nemareferenda zvaizwa ngekukasika, zvakasunthunuka, zvakaenzanirana, zviri pamphene uye kweiteedzwe zviri pamurawu.

- (b) kutungamire kheto dzemutungamiri weSeneti nedzeMutungamiriri wePalamende uye kuningire kuti kheto idzi dzaizwa ngekukasika uye kweiteedzwe zviri pamurawu;
- (c) kubharise anthu achakheta;
- (d) kubharise mazina mumagwaro eakheti kana kutotorose mishando yekuunganidzwa kwemazina.
- (e) kubate gwinyiso kuti gwaror remazina evakheti rakangwaririka;
- (f) kuemesa miganu yematunthu ekheto, miganga, neimweni miganu inodikanwa pakuizwa kwekheto;
- (g) kunasire, kudhonda, kuendesa kundau dzakapaukana mabepa ekukhetesa, kutotorosa rudzi rwemabhokisi ekukheta achashandiswa, kutenga mabhokisi ekukheta, kuhambisa mishando pandau dzekukheta;
- (h) kufundise anthu maererano nezvekukheta nekutungamira kuizwa kwemishando; uye
- (i) kubharise anoningira ngezvekuhambiswa kwekheto nema referendamu;
- (j) kubhuira anthu anoshandire Hurumende kana makhanzuru maitirwe emushando kuitire kuti kheto kana mareferendamu zviizwe ngekukasika, nenjira kwayo, yakasunthunuka, yakaenzanirana uye iri pamphene;
- (k) kuashira nekutotorose zvichemo zvinobve kuruzhinji reanthu iye kutore matantho padera pezvichemo ngenjira yakasisira.

240 Zvinokoreresa kua nthengo yeKhomisheni yezvekukheta muZimbabwe

Padera peanthu akaronzwa ngezvawo muchikamu 220(3), anthu anoteera aatenderwi kuhinwa mushando muKhomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe—

- (a) ashandi eHurumende, kusiye kweatongi;
- (b) ashandi emakhanzeli ematunthu makuru nemakhanzuru emadoropa nemakhanzeli entaraunda;
- (c) nthengo neashandi emapoka ezvemirawu nemapoka anoshande ari pashi peHurumende.

241 Khomisheni yezvekukheta inosiso kupe mishumo panda dzekukheta nemareferendamu

Padera pemishumo, inosiso kana kuteedza zviri muchikamu 323, Khomisheni inoningira ngezvekheto inosiso, ngekukasika, uye kubudikidza ngeGurukota rakasisira, kupe mishumo kuPaliyamendi maererano nekheto kana referendamu imwe ngaimwe.

CHIBIMVU 3**KHOMISHENI YEKODZERO DZEANTHU MUZIMBABWE****242 Kuemeswa nenthengo dzeKhomisheni yekodzero dzeanthu muZimbabwe**

(1) Kune Khomisheni ichazikanwa seKhomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanthu muZimbabwe, inokumanidzire—

- (a) sachihlayo unobekwe ngeMutungamiri weNyika, sure kwekubvunze fungwa dzeKhomisheni inoningira ngezveUtongi neKhomiti inoningira ngezveMirawu neUrongwa; uye
- (b) dzimweni nthengo sere dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika kubve pamazina asiri pashi pegumi nemairi eanthu akhetwa ngeKhomiti inoningira ngezve Mithetho neUrongwa.

(2) Sachihlayo weKhomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanthu muZimbabwe anosisona ari munthu aanemakore manomwe kana kudarika akasisira kushanda segweta muZimbabwe.

(3) Kana kukhetwa kwasachihlayo weKhomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanthu muZimbabwe kusikawirirani nemaonere eKhomisheni inoningira ngezveutongi, Mutungamiri weNyika anosisoite kuti veKhomiti inoningire ngezveMirawu neUrongwa aziiswe ngekukasika.

(4) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanthu muZimbabwe, dzinosisokheterwa kugondeka, ruzivo nekuzwisise zvekodzero nemakore mazhinji ekushande mune zvekukurudzire kodzero dzeanthu.

243 Mishando yeKhomisheni yekodzero dzeanthu muZimbabwe

(1) Khomisheni inoningira gezvekodzero dzeanthu muZimbabwe inoite mishando inoteera—

- (a) kukuremeredzwa kwekodzero dzeanthu nesunthunuko pamatantho eshe munyika;
- (b) kukurudzire kungwaririka, kuvandudzwa nekuoneswa kwekodzero dzeanthu nesunthunuko;
- (c) kutotoroswa, kuningirisa nekubate gwinyiso kuti kodzero dzeanthu nesunthunuko zviri kuteedzwa;
- (d) kuashira nekutotorose zvichemo zvinobve kuruzhinji uye kutore matantho anoningirika, akasisira;
- (e) kungwarira ruzhinji rweanthu kubve mukushandisirwe simba nemukutungamirirwa zvisizvo ngeUtongi hweNyika, mapazi eHurumende uye vanobate zvikhundhla zvemapazi eHurumende;
- (f) kutotorose mashandire eutungamiri kana munthu uri hakwe, panonga pazwi kodzero dzeanthu nesunthunuko zvasaishirwa, zvakabekwe mukuDudzwa kweKodzero kuti zvasaishirwa ngeutungamiri kana munthu wo;
- (g) kouna njira yakatodza yekunasirisa, kudhibanisira nekukurudzire kusungwa nekutongwa kweashaishi, apo kodzero dzeanthu nesunthunuko dzashaishwa.
- (h) kupangira Mukuru-mukuru wemapurisa kuti aferefete ndaa dzeanofungirwa kuti ari kupare ndaa dzine chekuita nekushaishwa kwekodzero dzeanthu kana sunthunuko uye kupe mishumo kuKhomisheni padera pezvinenge zvakabuda mukuferefeta ko;

- (i) kupe Palamendi mazano angadetsera pakukurudzira kodzero dzeanthu nesunthunuko;
- (j) kuite tsvakurudzo panda dzine chekuita nekodzero dzeanthu nekuzaniswa pamberi pemuthetho; uye
- (k) kuvhakachire nekutotorosa—
 - (i) matirongo, ndau dzeusungwa, ndau dzinogarwa ngeapoteri, nedzimweni dzakadarokwo; uye
 - (ii) ndau dzinongwarirwa anorwara ngefungwa kana anefungwa dzisikanasi kushanda kahle;

kuitire kuone maponere ari kuite vakangwarirwa mundau idzi uye kuti ape mazano padera pemaponere akhona kuGurukota rinoningire ngezvemirawu inosisoteedzwa mundau idzi.

(2) Mukuru-mukuru wemapurisa anosisoyaeya zviri hazvo zvaanonga azwi aite ngeKhomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanthu pashi peChidimbu 1(h).

244 Mishumo inopuwa neinopuwe kuKhomisheni yekodzero dzeanthu muZimbabwe

(1) Khomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanthu inokone kuda kuti munthu, sangano kana bazi, ungangwarirwa Utongi hweNyika kana rimweni boka—

- (a) aziise Khomisheni ngezvematantho aakatora kudzadzisa kodzero nesunthunuko yeanthu sezvakahinwa muKududzwa kweKodzero dzeanthu; uye
- (b) ape Khomisheni ruziwo rweinoda kuti inasire mishumo iri hayo inosisoendeswa kuboka renyika dzepashi reshe, pashi pechitenderano chiri hacho chakanyoreranwa kana kutenderanwa pakati peZimbabwe nedzimweni nyika.

(2) Padera pemishumo inosisoendeswa kweiteedzwa zviri muchikamu 323, Khomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanthu, inokona, kubudikidza ngeGurukota rakasisira, kupe mishumo kuPalamendi, kakurutu panda dzine chekuita nekodzero dzeanthu nesunthunuko, zveinoona kuti zvakasisira kuziiswa kuPalamendi.

CHUBIMVU 4

KHOMISHENI YEZVEANTHUKADZI NEAISA MUZIMBABWE

245 Kuemeswa nenthengo dzeKhomisheni yeAnthukadzi neAisa muZimbabwe

(1) Kune Khomisheni ichazikanwa seKhomisheni inoningira ngezveAkadzi neAisa inokumanidzira—

- (a) sachihlayo unobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekubvunze fungwa yekhomiti inoningira ngezve Mirawu neUrongwa; uye
- (b) nthengo sere pakati padzo pane—
 - (i) nomwe dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika kubve pamazina asiri pashi pegumi nemairi eanthu akakhetwa ngeKhomiti inoningira ngezveMirawu neUrongwa;
 - (ii) imweni inokhetwa ngeDare raana Mutape, inobekwa ngeMutungamiri weNyika.

(2) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezveAkadzi neAisa muZimbabwe, dzinosisokhetwa ngendaa yekugondeka kwadzo, ruziwo rwadzo nekuzwisisa ndaa dzeakadzi neaisa mundaramo, mune zvetsika nemagariro, zveufumi, nezvematongerwe enyika uye anthukadzi neaisa anosisoemererwa zvakaenzana muKhomisheni iyi.

246 Mishando yeKhomisheni yezveAnthukadzi neAisa muZimbabwe

Khomisheni inoningira ngezveAkadzi neAisa ine mishando inoteera—

- (a) kutotorose ndaa dzine chekuita nekuenzaniswa kweakadzi neaisa kuiteire kuti kuenzaniswa kweakadzi neaisa kwakahinwe muBumbiro reMirawu rineri kudzadziswe;
- (b) kuferefete kushaishwa kwekodzero dzine chekuita neakadzi neaisa kunokone kunge kweiitika;
- (c) kuashire nekutotorose zvichemo zvinobve kuruzhinji rweanthu uye kutore matantho ekunasirise zviro zvo akasisira;
- (d) kuite tsvakurudzo panda dzine chekuite neakadzi neaisa nekupona kahle nekupe mazana ezingada kunasirisa pamithetho nemaitire anoite kuti pae nerusarura mundaa dzeakadzi neaisa;
- (e) kupe mazano kumapazi eHurumende neamweniakadziemera maererano nematantho angatorwe kutinpae nekuenzaniswa pakati peakadzi neaisa;
- (f) kukurudzire zvirongwa zvekumurudzira kweinge akasarira kuitire kuti pae nekuenzaniswa pakati peaisa neakadzi;
- (g) kukurudzire kusungwa nekutongwe kweanomoshe kodzero dzine chekuita neakadzi neaisa;
- (h) kuone kuti panoparadzwe kodzero dzine chekuita neakadzi neaisa panasirisa zvakatodza; uye
- (i) kuite zveshe zvakasisira pakukurudzira kuenzaniswa pakati peaisa neakadzi.

247 Mishumo inobve kuKhomisheni yeakadzi neaisa

Padera pemishumo inosisoendeswa kweiteedzwa zviri muchikamu 323 Khomisheni inoningira ngezve aisa neakadzi muZimbabwe, inokone, kubudikidza ngeGurukota rakasisira, kupe mishumo kuPaliyamendi padera penda dzine chekuite neaisa neakadzi, dzeinoningira kuti dzakasisira kuziiswe kuPalamendi.

CHIBIMVU 5

KHOMISHENI INONINGIRA NGEZVEKUHAMBIWA KWEMASHOKO MUZIMBAWE

248 Kuemeswa nenthengo dzeKhomisheni yezveKuhambiswa kweMashoko

(1) Kune Khomisheni ichazikanwa seKhomisheni inoningira ngezvekuhambiswa kwemashoko muZimbabwe inokumanidzire—

- (a) sachihlayo unobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekubvunza fungwa dzeKhomiti oinoningira ngezveMirawu neUrungwa;
- (b) dzimweni nthengo sere dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika kubve pamazina asiri pashi pegumi nemairi eanthu akakhetwa ngekhomiti inoningire ngezveMirawu neUrungwa.

(2) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezveKuhambiswa kweMashoko muZimbabwe dzinosisokhetwa ngendaa yekugondeka kwadzo uye kukone kwadzo kutungamirira uye ruziwo nekuzwisisa ndaa dzezvekodzero dzeanthu nekushanda kahle mundaa dzezve kuhambiswa kwemashoko.

249 Mishando yeKhomisheni yezveKuhambiswa kweMashoko

(1) Khomisheni inoningira ngezveKuhambiswa kweMashoko muZimbabwe ine mishando inoteera—

- (a) kukoshesa, kukurudzira nekuvandudza sunthunuko yekuhambiswa kwemashoko;
- (b) kukurudzira nekugwinyisa mashandire akanaka uye unthu pakuhambiswa kwemashoko;
- (c) kutotorosa kutepfenyura kunodetsere ruzhinji uye kakurutu, kubate gwinyiso kuti kusiyana kwemaonere eanthu ari munyika yeZimbabwe kwakosheswa;
- (d) kukurudzira kuumbwa kwemithetho inosisoteedzwa ngeanthu anoshande mukuhambiswa kwemashoko uye, kana mirawu yakhona isipo, umwe uumbwe nekusimbiswa;
- (e) kuashira nekutotorose zvichemo zvinobve kuruzhinji rweanthu uye, kuti pakasisira patorwe matantho ekurangwa kwakasisira kweatapi emashoko neamweni anoshande mumapepa-nhau kana nhepfenyuro anonga ashaishe muthetho urihawo kana zvimweni zvinoningirirwa pamashandire awo;
- (f) kubate gwinyiso kuti anthu emuZimbabwe aona mashoko akaenzanirana uye anobate ndau dzakapaukana;
- (g) kukurudzire kushandiswa nekuvandudzwa kwemitauro yakaashirwa kuti ndiyo inoshandiswe muZimbabwe;
- (h) kukurudzire kushandiswa kwemichini mitsva mumishando yezvekuhambiswa kwemashoko;
- (i) Kukurudzire kukwikwidzana ngekubudiswa kwefungwa dzakapaukana mumishando yezvekuhambiswa kwemashoko; uye
- (j) kuite tsvakurudzo dzine chekuita nesunthunuko nezvekuhambiswa kwemashoko nekubhuya zveunoda, uye kana takancondana nendaa iyi, kukurudzire kuchichwa kwemirawu.

(2) Murawu wePalamendi unokone kupe simab kuKhomisheni inoningira ngezvekuhambiswa kwemashoko muZimbabwe kuti—

- (a) itotorose nekubvunzurudza zvine chekuite ne—
 - (i) nemashandire kana maemero ezviro zviri hazvo angangoshaishire sunthunuko yekuhambiswa kwemashoko;
 - (ii) mashandire ekuhambiswa kwemashoko; uye
- (b) kutore kana kukurudzire kutorwa kwematantho ekupanga atapi emashoko panonga aoneka eishaisha muthetho uri hawo kana amweni mashandire aanoningirirwa.

(3) Murawu wePalamendi unokone kuti pae nemirawu inosiso kuteedzwa mumishando yezvekuhambiswa kwemashoko.

250 Mishumo kubve kuKhomisheni yezveKuhambiswa kweMashoko

Padera pemishumo inosisoendeswa kweiteedzwa zviri muchikamu 323, Khomisheni inoningira ngezveKuhambiswa kweMashoko muZimbabwe, inokone, kubudikidza

ngeGurukota rakasisira, kupe mishumo kuPaliyamendi padera penda dzine chekuite nekuhambiswa kwemashoko dzeinoningira kuti dzakatodza kuziiswa kuPalamendi.

CHIBIMVU 6

KHOMISHENI YEZVERUNYARARO NEKUKUNGURIRANA MUNYIKA

251 Kuemeswa nenthengo dzeKhomisheni yezveRunyararo neKukungurirana muNyika

(1) Kwemukuwo unoguma makore gumi, sure kwezuwa rekuambe kushanda kweBumbaro reMirawu, kuchaa neKhomisheni ichazikanwa sekhomisheni inoningira ngezverunyararo nekuyanana kweanthu muZimbabwe inokumanidzire—

- (a) sachihlayo unobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekubvunza fungwa dzeKhomisheni inoningira ngezvekutongwa kwenda neKhomiti inoningira ngezveMirawu neUrongwa; uye
- (b) dzimweni nthengo sere dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika kubve pamazina asiri pashi pegumi nemairi eanthu akakhetwa ngeKhomiti inoningire ngezveMirawu neUrongwa.

(2) Sachihlayo weKhomisheni inoningira ngezve runyararo nekuyanana kweanthu muZimbabwe anosionga ari muthu anemakore manomwe kana kudarika akasisira kushanda segweta muZimbabwe.

(3) Kana kuiswa kwasachihlayo weKhomisheni inoningira ngezverunyararo nekuyanana muZimbabwe kusika wirirani nemaonere ekhomisheni inoningira ngezveUtongi, Mutungamiri weNyika anosisoite kuti khomiti inoningira ngezveMirawu neUrongwa iziiswe ngekukasika.

(4) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezverunyararo nekuyanana muZimbabwe dzinosisokheterwa kugondeka, ruziwo nekuzwisisa uye kua nenguwa yakareba eishanda mune zvekuyanana, kudziirira nekupedza kupesana, kuyanana sure kwekurwisana kana zvekuunze runyarao.

252 Mishando yeKhomisheni yezveRunyararo neKukungurirana muNyika

Khomisheni inoningira ngezve runyararo nekukungurirana muZimbabwe inoite mishando inoteera—

- (a) kubate gwinyiso kuti pane ruenzaniso, kurekererana nekukungurirana sure mwekurwisana kana kusawirirana;
- (b) kuamba nekuparure zvirongwa zvinokurudzira kurekererana, kubatana nekuepamwepo muZimbabwe, uye kupedze kusawirirana murunyararo;
- (c) kuunze kuyanana munyika kubudikidze ngekukurudzira kuti anthu abhuye gwinyiso maereranao nezvakaitike kudhaya nekuite kuti pae nekunasirisa kwezvaka shaishika uye kuoneswe kweruenzaniso;
- (d) kunasirwa kwezvinosiso kuteedzwa ngemasangano kana mapoka munyika yeshe kutipae nekubhura pakati pemapato ezvematongerwe enyika, dzintharaunda, masangano neamweni mapoka kuitire kudziirire kupesana nekusawirirana muneramangwani;
- (e) kuambe zvirongwa zvinoite kuti anthu akatambudzwa nekurwadziswa uye kuitirwa zvimweni zvakashata awonwswe ruyamuro netsigiro yekuti agadzikana;

- (f) kuashira nekutotorosa zvichemo zvinobwe kuruzhinji reweanthu uye kuti zvichemo izvi zvinasiriswe nhganjira yakasisira;
- (g) kuumbe njira dzekukasika kuone peshe pangangopesana anthu nekutore matantho ekudziirire kupesana;
- (h) kuite chimweni chiro chiri hacho pakuedze kudziirire kupesana;
- (i) kunyaradza nekuyanana ari kupesana muntharaunda, mumasangano, mapoka, neanthuwo; uye
- (j) kupe mazano maererano nemithetho inoite kuti rudetsero kukumanidzira kubharwa pashi kwezvakaitika, rupewe kuanthu akashaishirwa, ngekurwa, zvirwere nezvimweni zvinoshaishisa runyararo.

253 Mishumo kubve kuKhomisheni yeRunyararo neKukungurirana muNyika

Padera pemishumo zvinosisoendeswa kweiteedzwa zviri muchikamu 323, Khomisheni inoningira ngezve runyararo nekuyanana muZimbabwe, inokona, kubudikidza ngeGurukota rakasisira, kupe mishumo kuPalamendi padera penda dzine chekuita nerunyararo nekuyanana munyika dzeinoona kuti dzakasisira kuziiswe kuPalamendi.

CHIPAUKO 13

MAPHANDHLA ANORWISA URIMBWI NEKUPARWA KWENDAA

CHIBIMVU 1

KHOMISHENI INORWISA URIMBWI MUZIMBABWE

254 Kuemeswa nenthengo dzeKhomisheni inorwisa urimbwi muZimbabwe

(1) Kune khomisheni ichazikanwa sekhomisheni inorwisa urimbwi muZimbabwe inokumanidzira—

- (a) sachihlayo unobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekubvunzwa fungwa dzeKhomiti inoningira ngezveMirawu neUrongwa;
- (b) dzimweni nthengo sere dzinobekwa ngeMutungamiri weNyika kubve pamazina asiri pashi pegumi nemairi eanthu akakhetwa ngeKhomiti inoningire ngezveMirawu neUrongwa.

(2) Nthengo dzeKhomisheni inoningira ngezvekurwisa urimbwi dzinosisokhetwerwa kugondeka uye ruziwo nenguwo yakareba mumushando yekutungamire kana kutonga kana kuferefeta kupumbhwa kwenda kana kuti ngenda yezveangori zvinoite kuti aya akasisira kuhinwe mushando uye—

- (a) nthengo imwe kana kudarika inosisowa munthu aanemakore manomwe kana kudarika akasisira kushande segqeta muZimbabwe;
- (b) nthengo imwe kana kudarika inosisowe munthu akasisira kushanda semunthu akafundira zvekutotorose kushandiswa kwemare kahle muZimbabwe uye ane makore manomwe kana kudarika ari pashi pemushando wekutotorose zvemare; uye
- (c) nthengo imwe kana kudarika inosisowe munthu anemakore anoguma gumi kana kudarika echiite mushando wekuferefeta ndaa.

255 Mishando yeKhomisheni inorwisa urimbwi muZimbabwe

(1) Khomisheni inoningira ngezvekurwisa urimbwi muZimbabwe inoite mishando inoteera

- (a) kuferefeta nekubudisa pambhene zvine chekuita neurimbwi mumishando yeHurumende nemaKhambani akadziemera;
- (b) kurwisana neurimbwi, kuba, kusashandiswa zvakanaka kwemare, kusashandiswa avakasisira kwesimba neumweni unthu usina kuisira mumishando yeHurumende nemaKhambani akadziemera;
- (c) kukurudzire kugondeka, kushandiswe kwemare zvakasisira nekuitire zviro pamphene mumishando yeHurumende nemaKhambani akadziemera;
- (d) kuashira nekutotorose zvichemo zvinobve kurizhinji rweanthu uye kutore matantho akasisira maererano nezvichemo izvi;
- (e) kupange Mukuru-mukuru wemapurisa kuti uaferefete ndaadinofungirwa kuti pane urimbwi uye kuziise Khomisheni zvinenge zvabuda mukuferefeta uku;
- (f) kuendese ndaa kuboka rinoningire ngezvekufereretwa nekutongwa kwenda;
- (g) kutsvake rudetsero kubve kumapurisa neamweni mapazi eUtongi hweNyika; uye
- (h) kupe mazano kuHurumende neamweni anthu maererano nematantho anosisotorwa kuitire kukhundidzira kugondeka kuphahlangura mashandire nekudziirire mashandire asikazikusisira muHurumende nemumaKhambani akadziemera.

(2) Mukuru-mukuru wemapurisa anosisoite zveanonga azwi aite ngeKhomisheni inoningira ngezvekurwisana neurimbwi muZimbabwe sezvakahinwa pashi peChidimbu (1) (e).

(3) Hurumende inosisobate gwinyiso, kubudikidza ngematantho ezverawu neamweniwo, kuti Khomisheni inoningira ngezvekurwisana neurimbwi muZimbabwe in simba rekuti munthu asungwe nekutongwa kana achinge afungirwa zvine umboo kuti akaite urimbwi, ari kushandise simba zvisizvopi uye kuite zvimweni zvakashata zvinoenderana nezvinoningirwa ngeKhomisheni iyi.

256 Kushandisika kweimweni mirawu iri muChipauko 12 muKhomisheni inorwisa urimbwi muZimbabwe

Zvikamu 234, 235, 236 ne 237 zvinoshande kuKhomisheni inoningira ngezvekurwisa urimbwi muZimbabwe nenthengo dzayo zveite ingatei iKhomisheni yakadziemera yakaemeswa ngeChitsako 12.

257 Mishumo kubve kuKhomisheni inorwisa urimbwi muZimbabwe

Padera pemishumo inosisoendeswa kweiteedzwa zviri muchikamu 323, Khomisheni inoningira ngezvekurwisa urimbwi muZimbabwe inokona kubudikidza ngeGurukota rakasisira kupe mishumo kuPalamendi maererano nendaa dzine chekuita nemashandiro asikazi kunaka mumishando yeHurumende nemaKhambani akadziemera, dzeinoningira kuti dzeinoona kuti dzakasisira kuziiswe kuPalamendi.

CHIBIMVU 2**BANDHLA RINONINGIRA NGEZVEKUPIRA NDAA MUDARE****258 Kuemeswa nemishando yeBandhla rinoningira ngezvekupira ndaa mudare munyika**

Kune Bandhla rinoningira ngezvekupirwa kwendaa mumatare awo anoningira ngezvekuhambiswa nekuizwa kwemishando wezvekutongwa kwendaa rakaemerera Utongi hweNyika uye kuite mishando iri hayo yakasisira kana inongomuka ine chekuita nekutongwa kwendaa.

259 Unopira ndaa mudare mukuru neamweni ashandi

(1) Kune mukuru weachuchisi anotungamire Bandhla rekupirwa kwendaa mumatare munyika.

(2) Chihlayo chemukuru weachuchisi chihlayo cheruzhinji asi achisi chikamu cheashandi eHurumende.

(3) Mukuru weachuchisi unobeka ngeMutungamiri weNyika sure kwekubvunza fungwa dzeKhomisheni inoningira ngezveUtongi kweitedzwa Urongwa hunosiso kutedzwa pakubekwa kweMutongi.

(4) Mukuru weachuchisi anosisonga ari munthu akasisira kua mutongi weDare rendaa Gurutu.

(5) Mukuwo wekua pachihlayo kwemukuru weachuchisi makore matanthatu semutongi weDare Gurutu.

(6) Asati aamba mushando, mukuru weachuchisi anosisitora, pamberi peMutungamiri weNyika kana umweni munthu unenge ahinwa mvumo ngeMutungamiri weNyika, mphiko yechihlayo ngenjira yakabekwa muUrongwa hweChitatu.

(7) Mithetho ine chekuita nekuduswa kwemutongi pachikundhla, ndiyo inoteedzwawo pakuduswa kwemukuru weachuchisi.

(8) Mashandire emukuru weachuchisi, kukumanidzire muhora wake, unosisopuwiwa mumuthetho wePalamendi, asi muhora wakwe ausiso kudzasirwa panguwa yeononga ari pachihlayo chekuwa mukuru weachichisi.

(9) Mutuso wemukuru weachuchisi unobve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende.

(10) Murawu wePalamendi unosiso kuite kuti pabekwe bandhla reachapinze anthu mushando, adetsere mukuru weachuchisi mumishando yakwe, uye anosiso kupe—

- (a) zvinodikanwa kuti munthu ae akasisira kuite mushando uyu;
- (b) mashandire, unthu nekupangwa kweanthu aa;
- (c) kuti mukuite mushando wao, anthu aa anosisoe akadziemera uye asika rerekeri dii uye eitedze muthetho basi negwara nekutungamirirwa kweanoizwa nemukuru weachuchisi;
- (d) maemere nematongerwe ebandhla rekupirwa kwendaa mumatare munyika;
- (e) nezvekushanda kwakanaka uye nekukone mushando weBandhla rekupirwa kwendaa mumatare munyika.

(11) Mukuru weachuchisi anokone kupange mukuru wemapurisa kuti aferefete uye kuzomuziise zveshe maererano nemaonere emukuru weachuchisi, zvine chekuita nendaa kana kufungirwa kuti pane ndaa, uye mukuru wemapurisa anosiso kuite zveanonga aronzerwa.

260 Kudziemera kweunopira ndaa mudare mukurutu

(1) Zveienderane nezviri muBumbiro reMirawu rineri—

- (a) mukuru weachuchisi akadziemera uye aatungamirirwi kana kupangwa naani hakwe, uye
- (b) anosiso kuite mushando wakwe zvisina kurerekera dii uye pasina kutya, tsvete kana ruvengo.

(2) Mukuru weachuchisi anosisoumbe nebudise kuruzhinji mirawu yakapaukana yeanoshandise pakutonga nekutotorose ndaa.

261 Mushandire weabati ezvikudhla muBandhla rinoningira ngezvekupira ndaa mudare munyika

(1) Mukuru weachuchisi neashandi eBandhla rekupirwa kwendaa mumatare munyika anosisoshande eiteedze Bumbiro reMirawu rineri nemirawu.

(2) Akuna mushandi weBandhla rekupirwa kwendaa mumatare anokone, mukute mushando wakwe—

- (a) kurerekera dii rimwe;
- (b) kukhundidzira zvido zvebato rematongerwe enyika kana ndaa iri hayo;
- (c) kushaishire zvido zvebato rematongerwe enyika kana ndaa iri hayo; kana
- (d) kushaishire kodzero dzakakosha kana sunthunuko yemunthu uri hakwe.

(3) Ashandi eBandhla rekupirwa kwendaa mumatare aasisiri kue nthengo kana abati ezvihlayo mubato rezvematongerwe enyika kana sangano riri haro.

(4) Murawu wePalamendi unokone kuemese zvimweni zvinoite kuti ashandi ebandhla rekupirwa kwendaa mumatare asarerekera dii rimwe mune zveematongerwe enyika.

262 Unopira ndaa mudare mukurutu unosiso kupe mishumo kuPalamendi pagore

Mukuru weachuchisi anosiso kupe kuPalamendi, kubudikidze ngeGurukota reHurumende rakasisira, mishumo yepagore yemashandire nezvirongwa zveBandhla rinopira ndaa kumatare munyika uye mishumo iyi inosisoendeswa mukati memwedzi mutanthatu kubve pakuamba kwegore rinoteere rine mushumo.

263 Amweni masimba eanthu anopira ndaa mudare

(1) Murawu wePalamendi unokone kupe masimba ekutonge ndaa kune amweni anthu asiri Bandhla rekupirwa kwendaa mumatare munyika, asi masimba aya aasisiri kushaishire kana kupesana nemasimba eBandhla rekupirwa kwendaa mumatare riri pashi pechikamu chinechi.

CHIPAUKO 14

HURUMEMDE YEMATUNTHU NEMADHOROBHA NEMUNTHARAUNDA

MAAMBO

Kunyazwi hazvo zveidikanwa kuti pabatwe gwinyiso;

- (a) Kungwarirwa kwekubatana kweanthu muZimbabwe, uye kudziirire kusabatana kwemhando dzeshe, uye kupaurana;

- (b) Kusunthunuka kweagari eshe nentharaunda dzeshe dzemuZimbabwe kupinde muzviitiko zveHurumende nganjira inokoshesa zvido zveruzhinji rweanthu;
- (c) Kupanana zvakaenzana kwezviwanikwa zvemunyika uye kupinde kweagari edzintharaunda mukukhete zvakakosha zvakandana nebudiriro yentharaunda dzao,

panosisonga, pakumoshwa kwemasimba nemishandoyeHurumende dzematunhu eZimbabwe.

CHIKAMU 1

KUBEURA NDAA

264 Kupaurwa kwemasimba nemishando yeHurumende

(1) Peshe pezvakatodza, masimba nemishando yeHurumende inosisohinwa kumakhanzeli ematunthu neemadoropa neentharaunda anokone kuite mushando uwu kahle.

(2) Zvinangwa zvekupatsanurwa kwemasimba nemishando yeHurumende kumakhanzuru ematunthu emaguto neentharaunda ngeizvi;

- (a) kupe masimba ekutongwa kwentharaunda kuanthu nekututsire mikana yekutiaone zveanoitawo mukushandiswa kwemasimba eHurumende pazviro zvine chekuita neupenyu hwawo.
- (b) kukurudzire Hurumende yeZimbabwe kuti iteedze zvido zveruzhinji, inoshando zvinogutsa, inoitire zviro pambhene inophahlangura mashandire uye inechisungo chimwe;
- (c) kungwarira nekukurudzire runyararo, kubatana munyika nekue pamwepo muZimbabwe;
- (d) kukoshesa kodzero yeagari emuntharaunda pakudziitire zviro zvao pachao uye kukhundidzire budiriro yao;
- (e) kubate gwinyiso pakugowerwa kwakaenzanirana kwezvinoonekwa muntharaunda nezvemunyika yeshe; uye
- (f) kuparadzira masimba nezvimweni zvinooneka zveibve kuHurumende kuitire kuemese hwaro hwemare hwakagwinya mumakhanzeli ematunthu uye emadoropa, uye entharaunda imwe ngaimwe.

265 Urongwa hweHurumende yeMitunthu neyamadhorobha nemuntharaunda

(1) Makhanzuru ematunthu neyamadhorobha uye entharaunda anosiso, mukushanda kwawo—

- (a) kubate gwinyiso kuti mushando urikhambe kahle, urikuitirwe pamphene, kuphahlangure mashandire nekue nechisungo chimwe;
- (b) aite basi mushando waakazwi aite ngeBumbaro reMirawu rineri kana Murawu wePalamendi;
- (c) aite mushando ngenjira inoitire kuti asadarike migano yawo yezvendau nechiremera pamashandire awo sebandiko reHurumende;
- (d) ashande pamwepo neamweni, kakurutu nge—

- (i) kuziisane nekubvunzane, pandaa dzingadarokwo dzine chekuita nawo eshe;
- (ii) kuzwanana nekushande pamwepo muzvirongwa zvao
- (e) angwarire runyarao kubatane munyika nekusapatsanurika muZimbabwe;
- (f) kungwarira maponere eruzhinji;
- (g) kubate gwinyiso kuti pae nekuemererwa kwakaenzanirana kweanthu mundau dzawo.

(2) Nthengo dzeshe dzemakhanzuru entharaunda, dzinosisokhetwa ngeanthu akabharise kuti akheti mundau dzinoemererwa ngemakhanzuru aa.

(3) Murawu wePalamendi unosiso kuonesa njira nemaitire akasisira ekuhambiswa kwemushando nekuryidzana pakati pehurumende yenyika, makhanzuru ematunthu, emadhorobha neentharaunda.

266 Mushandire weashandi veHurumende yeMitunthu, madhorobha nemuntharaunda

(1) Ashandi emakhanzuru yematunthu neyemadhorobha uye yentharaunda anosiso kushanda eiteedza zviri muBumbiro reMirawu rineri nemurawu.

(2) Apana mushandi wekhanzeli yedunthu kana yedhorobha kana yentharaunda anokone, mukute mushando wakwe—

- (a) kurerekere dii rimwe;
- (b) kukhundidzire zvido zvebato rematongerwe enyika kana ndaa iri hayo;
- (c) kushaishire zvido zvebato rematongerwe enyika kana ndaa iri hayo; kana
- (d) kushaishire kodzero dzakakosha kana sunthunuko yemunthu uri hakwe;

(3) Ashandi emakhanzeli ematunthu neemadoropa uye entharaunda aasisiri kue abati ezvihlayo zvevatongerwe enyika zviri hazvo.

(4) Murawu wePalamendi unosisoite kuti pae nemirawu inoite kuti ashandi emakhanzuru ematunthu nemadhorobha uye ntharaunda asae nechekuita nezvemapato ezve matongerwe enyika.

CHIBIMVU 2

MATUNTHU NEMAKHANZURU EMATUNTHU NEMADHOROBHA

267 Matunthu makuru nematunthu madoko muZimbabwe

- (1) Nyika yeZimbabwe yakapatsanurwa mumatunthu anoti—
- (a) Dhorobha reBulawayo;
 - (b) Dhorobha reHarare;
 - (c) Dunthu reManikalendi;
 - (d) Dunthu repakati peMashonalendi;
 - (e) Dunthu reMashonalendi rekuMabudazuwa;
 - (f) Dunthu reMashonalendi rekuMabhirizuwa;
 - (g) Dunthu reMasvingo;
 - (h) Dunthu reMatebelelendi rekuChamhembe;
 - (i) Dunthu reMatebelelendi rekuMaodzanyemba, uye
 - (j) Dunthu reMidilenzi;

uye miganu yematunthu awa yakaemeswa pashi pemuthetho wePalamendi

(2) Murawu wePalamendi—

- (a) Unosiso kuite kuti matunthu apatsanurwe kuite atunthu madoko; uye
- (b) unokone kuti mugani yematunthu madiko achichwe;
- (c) sure kwekubvunza fungwa dzeKhomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe, uye anthu ari mumatunthu nematunthu madoko anonga eide kuchichirwe miganu.

268 Makhonzuru ematunthu makuru

(1) Kune khonzuru yedunthu rimwe ngarimwe, kubanze kwematunthu emadoropa anokumanidzire—

- (a) sachihlayo wekhonzuru, unokhetwa kweiteedzwa zviri muchikamu 272;
- (b) maSeneta anoketwe mudunthu rakhona;
- (c) anaMutape anowa maSeneta mairi anokhetwa kubve mudunthu rakhona kweiteedzwa zviri muchikamu 120(1)(b);
- (d) mutungamiri nemuteedzeri weBandhla raanaMutape muNyika, awo ndau dzawo dzinowa dziri mumatunthu awao;
- (e) nthengo dzeshe dzeBandhla reanoemese Mirawu dzinoemerera ndau dziri mudunthu iroto;
- (f) nthengo dzeakadzi dzeBandhla reanoemese Mirawu dzakakhetwe kweiteedzwa zviri muchikamu 124(1)(b) kubve mudunthu rakhona;
- (g) maMeya naana sachihlayo, kana rimweni zina reanga daidzwa ndiro remakhonzuru emadhobha neemaKhanyi ari mudunthu rakhona, uye
- (h) anthu gumi akakhetwa ngenjira inoite kuti pae nekuemererwa kwakaenzanirana sezvakaronzwe muChidimbu 3.

(2) Munthu akasisire kukhetwe kupinde mukhonzuru yedunthu kweiteedzwa chidimbu I(h) kana eisisiri kukhetwa senthengo yeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika.

(3) Kheto dzemakhonzuru ematunthu dzinosisoizwa zveienderana neMurawu weKheto uyo unosiso kuite kuti munthu waronzwa muchidimbu 1(h) akhetwe kweiteedzwa zinoite kuti pae nekuemererwa kwakaenzanirana kwemapato ezvematongerwe enyika—

- (a) zveibve pakheto dzakaonekwa pakukheterwa kweanthu anoemerere mapato ezvematongerwe enyika mudunthu iroto pakheto dzakaizwa pakutsvaka vaemereri muBandhla reanoemese Mithetho yeNyika.
- (b) zvinoite kuti vaemereri vechiisa neechikadzi anonga eikwikwidza mukheto abharwe pamazina eipaniswa uye gwaro rimwe ngarimwe remazina rechiamba nezina remunthukadzi.

(4) Chihlayo chenthengo yekhonzuru yedunthu charonzwa mu—

- (a) ndima (b), (c), (e) kana (f) yechidimbu (1) chinozwi achisisina munthu kana mubati wachi asiye chihlayo chakwe muPalamendi
- (b) ndima (g) yechidimbu (1) chinozwi achisisina munthu kana mubati wacho asisiri Meya kana sachihlayo wekhonzeli yentharaunda mudunthu rakhona;
- (c) ndima (h) yechidimbu (1) chinozwi achisisina munthu ngendaa yezvakabekwe muchikamu 129, sekuti nthengo iyi yainge nthengo yePalamendi.

269 Makhanzuru emadhorobha

- (1) Dhorobha rimwe ngarimwe rine khanzuru yedhorobha inokumanidzira—
- (a) teiningira Bulawayo, Meya wedhorobha reBulawayo, anoa sachihlayo wekhanzuru yedhorobha reBulawayo;
 - (b) teiningira Harare—
 - (i) Meya wedhorobha reHarare, anoe sachihlayo wekhanzuru yedhorobha reHarare; uye
 - (ii) Meya kana sachihlayo wedhorobha rinoteere dhorobha guru pakukura mudunthu rakhona ari ena muteedzeri wasachihlayo wekhanzuru yedhorobha reHarare;
 - (c) nthengo dzeshe dzeBandhla revanoemese Mithetho yeNyika dzinoemerere ndau dziri pashi pedunthu redhorobha iroro;
 - (d) akadzi ari nthengo dzeBandhla reanoemese Mithetho yeNyika akakhetwa kubve mudunthu redhorobha iri kubudikidze ngezviri muchikamu 124(1) (b);
 - (e) maSeneta akakhetwe kubve mudunthu redhorobha iri; uye
 - (f) maMeya neateedzeri emaMeya naana sachihlayo neateedzeri aana sachihlayo, kana amweni mazina aangaidzwa ndiwo mumakhanzuru entharaunda eshe ari mudunthu redhorobha iri.
- (2) Chihlayo chenthengo yekhanzuru yaronzwa ngezvayo mu—
- (a) ndima (a) kana (b) dzechidimbu (1) chinozwi achisisina munthu kana mubati wacho asisiri Meya kana muteedzeri waMeya kana sachihlayo zveienderane nezviripo panguwayo;
 - (b) ndima (c) (d) kana (e) yechidimbu (1) chinozwi achisisina munthu kana mubati wacho asiye chihlayo chakwe muPalamendi;
 - (c) ndima (f) yechidimbu (1) chinozwi acisisina munthu kana mubati wacho asisiri Meya kana muteedzeri waMeya, sachihlayo kana muteedzeri wasachihlayo zveienderane nezvinenge zviripo panguwa iyoyo, mukhanzuru iri mudunthu redhorobha iroro.

270 Mishando yemakhanzuru ematunthu nemadhorobha

- (1) Khanzuru yedunthu kana yedoropa ine mushando wekukwidiridza magarire eanhu uye mune zveufumi hwedunthu rayo, zveikumanidzire—
- (a) kuhleya nekuite mishando inomurudzire budiriro yeufumi negugare kahle kweanhu mudunthu rao;
 - (b) kuhleya nekudzadzise mishando yeurongwa hweHurumende mudunthu rayo;
 - (c) kuhleya nekutore matanthe ekungwarira kuvandudza nekushandise zvine ungaru zviwanikwa zviri mudunthu rayo;
 - (d) kukurudzire zvekushanyirwa kwedunthu iroro, uye kunasire zvinoite kuti mushando uwu uhambe kahle;
 - (e) kutotorosa nekunan'anidza mashandisirwe ezviwanikwa mudunthu rayo; uye
 - (f) kuite uri hawo mushando, kukumanidzire zvemithetho, inokone kubekwa ngemuthetho wePalamendi.
- (2) Murawu wePalamendi unosisope kuemeswa, zvekurongwa uye zveashandi emakhanzuru ematunthu nemadoropa uye munjira yeanoite mushando wao.

(3) Nthengo dzekhanzuru yedunthu kana yedoropa dzinosiso kuphahlangura mashandire, sebandhla kana dzakadziemera kuagari edunthu nehurumende yenyika maererano nemashandire awo.

271 Khomiti yemakhanzuru ematunthu

Kuti mushando wao uhambe kahle, makhanzuru ematunthu neemadhorobha anokone kuemese maKhomiti asi Khomiti imwe ngaimwe inosisotungamirirwe ngenhengo yaronzwa ngezvayo muchikamu 268(1)(h) kana 269 (1)(h), zveienderane nezvinenge zviripo.

272 Nduna dzemakhanzuru ematunthu

(1) Pamuhlongano wekuamba sure mwekheto huru, khanzeli yedunthu inosisokheta sachihlayo kubve pamazina eanthe airi akasisira anenga ahinwa nge –

- (a) bato rematongerwe enyika rine zvikundhla zvakawanda kudarike zveamweni muBandhla reanoemese Mirawu yeNyika muZimbabwe mudunthu iroto;
- (b) kana pasine bato rezvematongerwe enyika rakatodzana nezvaronzwa mundima (a), bato rakaashire kheto dzakawanda kudarike amweni mudunthu iroto mukheto dzekutsvake nthengo dzeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika;

(2) Munthu akasisira kukhetwa sasachihlayo ekhanzuru yedunthu kana echisisira kukhetwa senthengo ye Seneti.

(3) Chihlayo chasachihlayo wekhanzuru yedunthu, chihlayo cheruzhinji asi achisi chikamu cheashandi eHurumende.

(4) Asati aamba mushando, sachihlayo wekhanzuru yedunthu anosisotore, pamberi pemubhari wekhanzuru yedunthu, mphiko yekugondeka, uye yechikundhla ngenjira yakabekwe muUrungwa hweChitatu.

(5) Sachihlayo wekhanzuru yedunthu anokone kusiye mushando ngekuziise ngezvekusiye mushando kwakwe semunthu kukhanzuru yedunthu.

(6) Sachihlayo wekhanzuru yedunthu anosisosiye mushando—

- (a) zuwa rinohlongana khanzuru yedunthu kekuamba sure kwekheto huru;
- (b) kana einge azwi aachasisiri kurambe ari nthengo yekhanzuru yedunthu;
- (c) kana paizwa chisungo ngezvikamu zviiri kubve muzvitanu zventhengo dzeshe dzekanzuru yedunthu chekuti abve pachihlayo; kana
- (d) kana aduswa kubve pachihlayo bandhla reatongi rinoronzwa ngezvaro muChidimbu (7).

(7) Murawu wePalamendi unosiso kubhuye ngezvemaemeserwe ebandla rakadziemera reatongi kuti riite mushando wekudusa anaana sachihlayo emakhanzuru ematunthu kubve pazvihlayo, asi kuduswa kuri hakwo kunosiso kuitike ngendaa yeizvi basi—

- (a) kushaishe kuite mushando wakwe ngendaa yekurwara kwemuiro kana kushaisheke fungwa;
- (b) kushaishe mushando zvakanyanya;

- (c) kuite zvisikaningirirwi;
- (d) kuonekwa ane ndaa inokhombidze kusagondeka, urimbwi kana kushandise simba rechihlayo chakwe zvisizvo; kana
- (e) kushaishire murawu aida, uye eiziya kukumanidzire mithetho yemakhanzeli.

(8) Sachihlayo wekhanzuru yedunthu aasii mushando kubanze kwekunge aite zvakaphahlangurwa muchikamu chinechi.

273 Imweniwo mithetho ine chekuita nemakhanzuru ematunthu nemadhorobha

(1) Murawu wePalamendi unosiso negwara rinowirirana neChipauko chinechi kuti pae nekuemeswa uye nemushando wemakhanzuru ematunthu neemadhorobha uye, kakurutu, ne—

- (a) urongwa hwemakhanzuru ematunthu neemadhorobha;
- (b) mishando yaana sachihlayo emakhanzuru ematunthu neemadhorobha;
- (c) mashandire enthengo dzemakhanzuru dzematunthu neemadhorobha; uye
- (d) mapindire emishando, mashandire nemadusirwe eashandi emakhanzuru ematunthu neemadhorobha.

(2) Muthetho weKheto inosisonasira gwaro rinoenderane nezviri muChitsauko chinechi kuti mishando yezvikudhla zvezvihlayo zvisina nthengo dzemakhanzuru dzematunthu aronzwa muchikamu 2668(1)(f) uye muzvihlayo zvaana sachihlayo emakhanzuru ematunthu, zvihlayo zvinosisodzadziswa—

- (a) ngeanthu anoe ebato rematongerwe enyika rimwe rega seawo ainge akabate chihlayo ichocho; uye
- (b) kubanze kwekunge sachihlayo, nemunthu wemuhlobo umwe (mukadzi kana muisa) neainge akabate chihlayocho.

CHIBIMVU 3

HURUMENDE YEMADHOROBHA NENTHARAUNDA

274 Makhanzuru emumadhorobha

(1) Kune makhanzuru emadhorobha anoemera nekutungamirire urongwa hwemagarire eanthu mundau dzemadhorobha eshe emuZimbabwe.

(2) Makhanzuru emadhorobha anotungamirirwe ngemakhanzuru anodhibanisire makhanzera anoketwa ngeekhetu akabharisa kukheta mundau dzemadhorobha dzakona uye eitungamirirwa ngemaMeya kana anasachihlayo akakhetwa kana ngerimweni zina reangadainzwa ndiro.

(3) Makhanzuru akapaukana entharaunda anokone kuemeswe mundau dzemadhorobha dzakapaukana, uye ndau dzemadhorobha mbiri kana kudarika dzinokone kubekwe pashi peutungamiri hwekhanzuru imwe.

(4) Zvikwanisiro nemaitirwe hwekheto dzeanthu aronzwa muChidimbu (2) zvinosisobekwa mumurawu wekheto.

(5) Murawu wePalamendi unokone kupe masimba makuru kuna Meyu kana sachihlayo wekhanzuru yedhorobha, asi Meyu kana sachihlayo uri hakwe unenge ahunwa masimba aa anosisonga akakhetwa ngeanthu akabharise kuti akhete mundau ine khanzuru iyoyo.

275 Makhanzuru emumakanyi

(1) Kune makhanzuru emakanyi, akaemeswa kweiteedzwa chikamu chinechi anoemerera nekutungamirira zviro zveanhu ari umakanyi.

(2) Murawu wePalamendi unosisoite kuti—

- (a) paemeswe makhanzuru emakanyi;
- (b) pakhetwe ngeanhu akabharise kuti akhete mumakanyi awawo, makhanzeli kuti atungamirire kuizwa kwemishando mumakhanzuru sekuronzwa kwazvakaizwa mundima (a);
- (c) pakhetwe anaana sachihlayo, kana amweni mazina aangadainzwa ndiwo kuti atungamirire kuizwa kwemishando mumakhanzuru sekuronzwa kwazvakaizwa mundina (b); uye
- (d) zvikwanisiro zventhengo dzemakhanzuru zvakaronzwa ngezvazvo mundima (b).

(3) Mihlobo yemakhanzuru akapaukana mumakanyi inokone kuemeswe mundau dzemakanyi akapaukana, uye ndau dzakapaukana mbiri kana kudarika dzinokone kubekwe pashi peutungamiri hwekhanzuru yentharaunda imwe.

276 Mishando yemakhanzuru

(1) Kweiteedzwa Bumbiro reMirawu rineri neMurawu wePalamendi uri hawo, khanzuru yentharaunda ine masimba ekitaungamira yeshsandise mazano ayo, ndaa dzine chekuite neanhu ari mundau yeyakazwi itungamiri, uye inemasimba eshe anoningirirwa pakuite izvi.

(2) Murawu wePalamendi unokone kupe makhanzeli entharaunda, kukumanidzire—

- (a) simba rekunasire mithetho, mithetho kana zvininingirirwa pakutungamirira kahle ndau dzeyakazwi itungamirire;
- (b) simba rekuripise mare dzekuhambiswa kwemishando nemithero uye kutsvake njira dzekuunganidze mari dzinoite kuti mishando nezvinangwa zvekhanzeli zvidzadziswe.

277 Kukhetwa kwemakhanzuru

(1) Kheto dzemakanzera emakhanzuru entharaunda dzinosisoizwa—

- (a) teiningire kheto huru dzemaMeya nemakhanza pamwepo neKheto huru dzenthengo dzePalamendi neMutungamiri weNyika;
- (b) teiningira imweniwo kheto, isiri kheto huru, inoizwa ngechinangwa chekutsiye anhu ainga ari pazvikhundhla ngekukasika kunokoneka kweiteere kubouka kwezvikhundhla.

(2) Kheto dzemaMeya naana sachihlayo emakhanzuru emakanyi asiri maMeya kana ana asachihlayo anopuwe masimba asinga phikiswi pashi pechikamu 274(5), dzinosisoizwa pamuhlongano wekuamba wemakhanzuru zveiteere kuizwa kwekheto huru.

(3) Kubanze kwezvapuwe muchidimbu (2) kana muMurawu wePalamendi, maMeya, anasachihlayo nemaKhanzera emakhanzuru entharaunda anoambe mushandopazuwa rechupfumbamwe sure kwekuiziiswe zvakabude mukheto huru umwo makhanzera akakhetwa.

278 Kureba kwemukuwo wenthengo dzekhazuru dziri pachikundhla

(1) Chihlayo chaMeya, sachihlayo kana khazera wekhazuru yentharaunda chinozwi achisisina munthu kana zvakabekwe muchikamu 129 zvaizwa, sekuti wainge ari nthengo yePalamendi, zveshe zvinoronzwa ngezvazvo padera peMutungamiriri wePalamende kana Mutungamiriri weSeneti muchikamu 129(1)(k) zvinongoshanda sezvazviri asi parizvino zvakandana neGurukota rinoningira ngezveHurumende dzematunthu.

(2) Murawu wePalamendi unosisope maemeserwe ebandhla reatongi akadziemera rinoite mushando wekudusa pazvikundhla maMeya, anasachihlayo nemakhazera asi izvi zvinoizwa basi ngenda yeizvi—

- (a) kushaishe kuite mushando wakwe ngenda yekurwara kwemui kana kushaishike fungwa;
- (b) kushaishe mushando zvakanyanya;
- (c) kuite zvisikaningirirwi;
- (d) kunonekwa nenda inokhombidze kusagondaka, uori kana kushandise simba rechihlayo zvisizvo; kana
- (e) kushaishe muthetho eida, kukumanidzire mithetho yemakhazuru entharaunda.

(3) Meya, sachihlayo kana khazera wekhazuru yentharaunda aasii chikundhla chakwe kubanze kwezvakabekwa muchikamu chinechi.

279 Zvinoteedzwa ngemakhazuru

Muthetho wePalamendi unosisope urongwa unoteedzwa ngemakhazuru wentharaunda

CHIPAUKO 15**ANAMUTAPE****280 Utungamiri hwaanamutape**

(1) Utungamiriri, chireremera nemishando yaanamutape pashi pemuthetho wetsika nemagarire zvinokosha.

(2) Mutape unoningirirwe kuite mushando yezvetsika, magarire neunthu zvinoizwa ndiMambo, sadunthu, kana sabhuku sezvingangowapo, muntharaunda yakwe.

281 Muthetho inosisa kuteedzwa ndianamutape

- (1) Anamutape anosiso—
 - (a) kushande eiteedze Bumbiro reMirawu rineri neMirawu yeZimbabwe;
 - (b) kukoshesa tsika dzine chekuite neutungamiri hwaana mutape nekuite mushandowao nechinangwa chekudzadzise zvinoningirirwa ngeBumbiri reMirawu rineri pautungamiriri hwetsika nemagarire echianthu; uye
 - (c) kubate anthu eshe ari mundau zvakatodzana, nekuenzanirana.
- (2) anaMutape aasisiri—

- (a) kuwe nthengodzebato riri haro rematongerwe enyika kana kupinde muzviitiko zvakahlondana nezvematongerwe enyika.
- (b) kuite zvaka rerekere dii rimwe;
- (c) kukhundidzire zvido zvenato rezvematongerwe enyika riri haro; kana
- (d) kushaishe kodzero nesunthunuko dzakakosha dzemunthu uru hakwe.

282 Mishando yaanamutape

(1) Anamutape ane mushando mundau dzawo dziri pashi pawo—

- (a) kukurudzira nekoshesa tsika, unthu nemagarire akanaka muntharaunda dzawo uye, kakurutu kukurudzire kugare khahle kwembhuri;
- (b) kutore matantho ekungwarire tsika, ndaramo, nthoroondo nenthaka yezvionekwa zviru mundau dzawo kukumanidire ndau dzinoera;
- (c) kuite kuti pae nebudiriro;
- (d) kweiteedzwa Murawu wePalamendi, kue angwariri eminda mundau dzeanotonga uye kungwarira ntharaunda;
- (e) kupedze kuphambana kungaapo pakati peanthu ari muntharaunda dzawo eiteedze mithetho yechianthu;
- (f) kuite uri hawo mushando weanohinwa kubudikidza ngeMurawu wePalamendi.

(2) Kubanze kwekunge zvapuwiwa muMurawu wePalamendi anamutape anesimba, anotonga nekuningira minda dzentharaunda kana dzimweni ndau dzeaningira, uye padera peanthu ari muminda dzentharaunda kana ndau dzo.

(3) Paanoite mushando wao, anamutape aasungirirwi kutungamirirwe kana kubhuirwe zvekuita ngeumweni munthu uri hakwe, kubanze kwekunge kweiteedzwa zvakabharwe muMurawu wePalamendi.

(4) Murawu wePalamendi unosiso kupe mithetho yezvinoningirirwa pamashandire aanamutape.

283 Kubekwa nekuduswa kwaanamutape

Murawu wePalamendi unosiso kupe zvinoteera zveienderane netsika, magarire, unthu nezvinoizwa muntharaunda yezvinenge zveiizwa—

- (a) kubekwa, kuemeswa, kutsiwa, nekuduswa kwaana mutape;
- (b) kuamba nekumusiridzwa kwemamba; uye
- (c) kunasiriswa kwekusawirirana kune chekuita nekubekwa kuemeswa kutsiwa nekuduswa kwaanamutape;

asi –

- (i) kuiswa, kususwa nekuemeswa kwaMambo kunosisoizwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekunge zvatsigirwa ngedare reaanamutape redunthu kubudikidza ngeBandhla raanaMutape muNyika neGurukota rinoningiira ngezvaanamutape kweiteedzwe njira yetsika dzechianthu muntharaunda yakhona;
- (ii) kusawirirana padera pekuiswa, kuemeswa nekuduswa kwaanamutape kunosisopedzwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekunge zvatsigirwa ngebandhla remadzimambo redunthu kubudikidza ngeGurukota rinoningira ngezvaanamutape.

- (iii) murawu unosisope matantho ekubate gwinyiso kuti ndaa dzeshe idzi dzanasirwa zvakaenzanirana uye pasina kupinze ndaa dzezve matongerwe enyika.
- (iv) murawu unosisope matantho ekungwarira chireremera chematare emadzimambo nekudziemerera kwao kubve mukusa shaishirwa ngezvine chekuita ngezvematongerwe enyika.

284 Mare yemuhoro nezvimweni zvinopuwe anamutape

(1) Murawu wePalamendi unosiso kupe mutuso kana zviwanikwa zvinoashiriswe madzimambo zvinoemeswa ngemvumo yeMutungamiri weNyika sure kwekunge zvatsigirwa ngeGurukota rezvemare uye Gurukota rinoningira ngezvaanamutape rabvunzwa.

(2) Mutuso wemadzimambo unosisobve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende.

(3) Mutuso wemadzimambo ausisiri kudzasirwa panguwa yeanonga ari pachikundhla.

285 Bandhla reNyika neMbungano dzeMadzimambo mumatunthu

(1) Kue Bandhla reMadzimambo eNyika rinoubwa kweitedzwa zviru mumuthetho wePaliyamendi, kuti riemerere Madzimambo eshe muZimbabwe.

(2) Murawu wePalamendi unosisoemese Bandhla reMadzimambo edunthu rinokumanidzira Madzimambo edunthu ro mudunthu rimwe ngarimwe, risiri dunthu redoropa.

(3) Nepanokoneka peshe, Madzimambo ari mudunthu rimwe ngarime anosisoemererwa zvakaenzanirana muBandhla reMadzimambo eNyika.

(4) Kheto dzeMutungamiri, Muteedzeri nenthengo dzeBandhla reMadzimambo eNyika rinosisotungamirwa ngeKhomisheni yeKheto yemuZimbabwe.

(5) Bandhla reMadzimambo edunthu rimwe ngarimwe rinosisokhetwa kweitedzwe zviru mumuthetho weKheto, madzimambo anoemerera dunthu muSeneti sezvakahinwa muchikamu 120(1)(b).

(6) Mutungamiri neMuteedzeri weMutungamiri weBandhla reMadzimambo muNyika unokhetwa kwemukuwo wemakore mashanu uye anosisira kukhetwa zve kwemukuwo wakadaro kamwe, asi munthu waka tungamire kairi seMuteedzeri weMutungamiri weBandhla reMadzimambo anokone kukhetwa seMutungamiri.

(7) Murawu wePalamendi unosiso kupe—

- (a) kheto dzemadzimambo kuBandhla reMadzimambo reNyika, uye zvikwanisiro nezvinokorerera anokwikwidza kupinde mukheto;
- (b) mbhiko dzechihlayo dzinotorwe nenthengo dzeBandhla reMadzimambo muNyika neBandhla reMadzimambo redunthu;
- (c) kureba kwemukuwo wechihlayo chenthengo dzeBandhla reMadzimambo muNyika;
- (d) mutuso, phenjeni nezvimweni zinopuwiwa Mutungamiri, Muteedzeri weMutungamiri nenthengo dzeBandhla reMadzimambo muNyika;
- (e) urongwa unoteedzwa pamihlongano yeBandhla reMadzimambo muNyika neBandhla reMadzimambo redunthu;
- (f) kuemeswa kwechihlayo chekubhara cheBandhla remadzimambo munyika ne bandhla remadzimambo redunthu.

286 Mishando yeBandhla reNyika neMbungano dzemadzimambo mumatunthu

(1) Bandhla remadzimambo muNyika mudunthu iroro, nadhla remadzimambo redunthu rine mishando inoteera—

- (a) kungwarira, kukurudzira, nekukhundidzira tsika nemagarire eZimbabwe;
- (b) kuemerere fungwa dzanamutape nekuone kuti kurudziro yechireremera nekukosha kwezvechinyakare;
- (c) kungwarira, kumurudzira nekukhundidzira zvido zvaanamutape;
- (d) kuningira fungwa nezvichemo zvinopuwe kweriri ndianamutape;
- (e) kuphahlangurwa nekugwinyisa unthu netsika dzakanaka munaana mutape uye kuandudza ruziwo rwawo rwekutungamira;
- (f) kudetsere pakupedze kusawirirana pakati, uye zvinechekuita naana mutape;
- (g) kuite iri hayo mishando inokone kuhinwa kweiriri ngeMurawu wePalamendi.

(2) Murawu wePalamendi unosiso kubate gwinyiso kuti—

- (a) Bandhla reMadzimambo eNyika nematare aanamutape ematunthu ari kukone kuite mishando yawo akadziemera uye kahle;
- (b) anthu anoshandire Bandhla reMadzimambo eNyika nematare emadzishe anoite mishando eiziye zveanoita asikazi kurerekera dii.

287 Khomiti yekugondeka neunthu

Murawu wePalamendi unosiso kuite kuti paemeswe nthengo neurongwa hwekugondeka netsika dzeKhomiti yemadzimambo inoningira ngezve chireremera neunthu, kuti aite mushando inoteera—

- (a) kunasire nekugwinyisa kugondeka neunthu mumashandire emadzimambo;
- (b) kupeise kusawirirana kungaapo pakati pemadzimambo;
- (c) kuningire zvichemo zvinopumbwa anamutape.

CHIPAUKO 16

MINDA YEKURIMA

288 Kuphahlangurwa kweChipauko 16

MuChipauko chinechi—

“Minda yekurima” ine phahlanguro yakahinwa ngechikamu 72.

289 Mithetho inoteedzwa pandaa dzezveminda yekurima

Ngechinangwa chekunasirise kusaenzanirana nekusatodzana kweuridze hwevhu hwakaunzwa ngeutongi hweaYungu, uye ngendaa yekuunza urongwa utsva hwekugarise anthu patsva nekugowerwa zvakaenzana kwezviwanikwa zvemunyika kuanthu eshe emuZimbabwe, mithetho inechekuita neminda yekurima inosisoteedze zvinoteera—

- (a) ivhu chiwanikwa chinoenda cheipera uye inthaka yeanthu eshe emuZimbabwe;
- (b) kweiteedzwe chikamu 72, mugari weshe wemuZimbabwe anekodzero yekua, kana kubata, kugara, kushandise, kuchicha uridzi, kubatise

pachikwerete, kurojesa kana kutengesa munda wekurima zvisinei nemuhlobo wake kana ruara;

- (c) kupuwiwa kweminda yekurima kunosisoizwa zvakaenzanirana uye kweikosheswe kuenzaniswa kweakadzi neaisa nekupaukane kwezinokosheswa ngeagari entharaunda;
- (d) kureba kwenguwa inokone kushandiswe munda ngemunthu kunosisira kukurudzire kututsirwa kwegoho nekubekwa kwemare nenguwa muminda yekurima ngezvibarwa zveZimbabwe;
- (e) kushandiswa kweminda yekurima kunosisire kumirudzire kuwanikwa kwekurya kwakakwana, utano hwakanaka nekurya kunoake muiro nekuunza mishando, asi pane kudziirira nekungwarirwa kwentharaunda kuitira zvibarwa zvichauya;
- (f) apana munthu anokone kushaishirwe kodzero dzakwe dzekushandise munda kana kugara pamunda wekurima zvisima zvikonzero.

290 Kuhambira mberi kwekodzero yenyika paminda yekurima

(1) Minda yekurima yeshe—

- (a) yakabharwe muUrungwa 7 hweBumbiro reMirawu raimbowapo kudhaya; kana
- (b) zuwa rekuamba kushanda kweBumbiro reMirawu rineri risati raamba, yaionekwa zveienderana nechikamu 16(B)(2)(a)(ii) kana (iii) cheBumbiro reMirawu rekudhaya;

inorambe iri mumaoko eUtongi hweNyika.

(2) Kuphikisana kuri hako pakati pechiro chiri hacho mu—

- (a) chiziiso chakabharwe muUrungwa 7 hweBumbiro reMirawu rekudhaya; kana
- (b) chiziiso chine chekuita neminda yekurima chakadzinzirwa muchikamu 2(B)(2)(a)(ii) kana (iii) cheBumbiro reMirawu rekudhaya;

negwaro reuridzi unokhombwa kana rine chinangwa chekukhombwa, uye nechiri hacho chakashaishe chingadaro muchiziiso ichi, achishaisiri kushanda kwechidimbu (1) kana kutamisa Utongi hweNyika uridzi hweminda yekurima inenge yeironzwa ngezvayo sekuhinwa kwezvakaizwa muChidimbu ichi.

291 Kuhambira mberi kwekodzero dzeanonga ari paminda yekurima

Zveienderana neBumbiro reMirawu rineri, munthu uri hakwe, zuwa rekuamba kushanda kweBumbiro reMirawu rineri risati raguma, kana ainga eishandise kana kugara ivhu rekurima riri haro ngendaa yekurojesa kana chimweni chitenderano ngeUtongi hweNyika anoramba anekodzero dzekushandisekana kugara paivhu iroro panguwa iyoyo kana sure kwezuwa rakabekwe riri kubhuiwa kana kurinzwa ngezvaro, zveienderana nezvakabharirwana kana chimweni chitenderano.

292 Kungwaririka kweunikazi hweanonga ari paminda yekurima

Utongi hweNyika hunosisotora matanho akasisira kukumanidzira matanho ezvemurawu kuti upe kungwaririka kweuridzi kumunthu umwe ngaumwe pamurawu unonga ari murudzi kana mugari wepamunda wekurima.

293 Kubuthwa kweminda yekurima ngeHurumende

(1) Utongi hweNyika hunokone kugovera munda uri hawo uri mumaoko ayo, kunaa kubudikidza ngekuchiche uridzi kune umweni munthu uri hakwe kana kubudikidza ngekurojesa kana imweni kodzero yekugara kana kushandise asi kugowera uku kuri hako kunosiso.kuizwa kweiteedzwa zvakakosha zvakaronzwa muChikami 289.

(2) Utongi hweNyika aukoni kugovera minda iiri kana kudarika kumunthu umwe basi meana ake kana aanongwarira.

(3) Murawu wePalamendi unosisoemese urongwa hwekugowerwa nekupuwa kweminda yekurima ngeUtongi hweNyika uye murawu uri hawo wakadai unosiso kuhambirana nezvakakosha zviri muchikamu 289

294 Kubutwa kweminda yekurima ngevanikazi kana aripo

Zveienderana nezvakarambidzwa zviri hazvo ngamuthetho, muridzi kana anogara pamunda wekurima anekodzero yekuchicha yekubatise pachikwerete, kurojesa kana kupe umweni kodzero yakwe pamunda wekurima.

295 Muripo wemunda wekurima unopuwa kumunikazi akatorerwa munda.

(1) Chibarwa cheshe cheZimbabwe chine munda wekurima wakatorwa ngeUtongi hweNyika uri kuronzwa ngezvawo isati yaguma anosiso kuripwa kubve kuUtongi hweNyika pamunda uyu nepacharipwazve zviakwa nebudiriro yakaizwa pamunda uyu usati watorwa.

(2) Munthu uri hakwe une munda wekurima wakatorwa ngeUtongi hweNyika zuwa rekuamba kushandakweBumbari reMirawu rineri risatiraguma uye panguwayo kodzero dzakwe kumunda uyu dzinge dzakavimbiswa kana kungwarirwa nechitenderano chakaizwa neHurumende yeZimbabwe neHurumende yeimweni Nyika, anosisoripwa ngeUtongi hweNyika eiripire munda uyu uye nezviakwa nebudiriro yakaizwa pamundawo urihawo, zveienderane nechitenderano ichocho.

(3) Munthu uri hakwe, kusiye kwemunthu aronzwa muchidimbu (1) kana (2) ane munda wekurima wakatorwe ngeUtongi hweNyika zuwa riri kuronzwa ngezvaro risati raguma unosisoripwa ngeHurumende muripo basi wakancondana nebudiriro yakaizwa pamunda uyu panguwa yawakatorwa.

(4) Muripo unoripwa pasi peChidimbu (1), (2) ne(3) unosisototoroswa nekuripwa zveienderane neMurawu wePalamendi.

296 Kuemeswa nenthengo dzeKhomisheni yeminda muZimbabwe

(1) Kune Khomisheni ichazikanwa seKhoisheni yeminda muZimbabwe inokimanidzire—

- (a) sachihlayo nemuteedzeri wasachihlayo;
- (b) dzimweni nthengo dzino ambire paairi kuguma paanomwe; dzinobekwe ngeMutungamiri wenyika.

(2) Nthengo dzeKhomisheni yeMinda muZimbabwe, dzinosiso—

- (a) kukhetwa ngendaa yekugondeka nekukone mushando kwadzo uye kuziye nekuzwisisa, zvakakosha mukushandiswa nekutungamirirwa kwezvevhu; uye
- (b) kupangidze kupaukana kwakaite anthu emuZimbabwe, kakurutu zvido zveematunhu uye zvekadzi neaisa.

(3) Chikamu 237 chinoshande pakuduswa pazvihlayo kwenthengo dzeKhomisheni yezveminda muZimbabwe sekunge iKhomisheni yakadziemera yakaemeswa ngeChipauko 12.

297 Mishando yeKhomisheni yeminda muZimbabwe

- (1) Khomisheni yeminda muZimbabwe ine mishando inoteera—
- (a) kubate gwinyiso kuti pae nekuphahlangura mashandire, kuenzanirana nekuitire zviro pamhene mukushandiswa kweminda yekurima iri mumaoko eHurmende;
 - (b) kuningire mashandisirwe eminda yekurima nguwa ngenguwa;
 - (c) kupe mazano kuHurumende maenrerano nge—
 - (i) kutorwa kweminda isiri yeHurumende kuti ishandiswe muurongwa hweHurumende’
 - (ii) kuoneswa kwemikana yakaenzana pakuona kana kugara paminda yekurima, kakurutu—
 - A. kudusa mihlobo dzeshe dzerukhetwa rwakashata , kakurutu rukhetwa runoizwa pakati peasisa neakadzi;
 - B. kugwinyiswa kwemuthetho uri hawo unorambidza uwandu hweminda yekurima inokone kubatwa ngemunthu uri hakwe kana veMbhuri imwe.
 - (iii) mashandisirwe nemakurire eminda yekurima;
 - (iv) kureruswa kwezvinodiwa nekuchichwa kodzero yemunda;
 - (v) njira ndine chekuita neurefu hweuridzi paminda;
 - (vi) kuripwa zvakaenzanirana kweminda yekurima nebudiriro inenge yakaizwa paminda isati yatorwa;
 - (vii) kugowerwa nekupfuudzwa kune umwe kwekodzero dzeminda yekurima;
 - (d) kutotoroswa nekutonga ndaa dzezvichemo nekusawirirana kune chekuita nekutungamirirwa kwemishandoyeminda uye kugowerwa kweminda yekurima.

(2) Khomisheni yezveminda muZimbabwe ngemvumo yeinohinwa ngeGurukota rinoningira ngezveminda, inokone kuumba mithetho yakancondana nebiningidzo riri haro rakabekwe michidimbu (1).

(3) Khomisheni yezveminda muZimbabwe inosiso kuite mushando wayo yeitedze mithetho yakabharwa iri hayo yeinokone kupiwa ngeGurukota rinoningira ngezveminda.

(4) Pakuite mushando wayo, Khomisheni inoningira ngezveminda muZimbabwe, inosiso kutungamirwa ngezvakakosha zvakabekwa muchikamu 289.

(5) Utongi hweNyika nemasangano nemapazi eHurmende pamatantho eshe kubudikidza ngemurawu neamweni matantho anosisodetsera Khomisheni yezveivhu muZimbabwe kuite mushando wayo uye inosisongwarira kudziemerera kwayo kusarerekeri dii, chireremera nekushande kahle.

(6) Hurumende inosisoumbe dantho rakasisira, rakakwana kubudikidza ngemurawu nedzimweni njira dzakasisira kubate gwinyiso kuti—

- (a) khomisheni inoningira ngezveivhu muZimbabwe inokone kuite mushando wayo kahle uye yakadziemera; uye
- (b) anthu anoshandire Khomisheni inoningira ngezve ivhu muZimbabwe aite mushando wao eiziya, zvakaenzanirana uye asikarekeri dii.

CHIPAUKO 17

ZVEMARE

CHIBIMVU 1

KURONGA ZVEMARE

298 Mithetho yemashandisirwe emare dzeruzhinji

(1) Zvinoteera ndizvo zvinosisoteedzwa pane zveshe zvine chekuita ngemare dzeHurumende muZimbabwe—

- (a) panosioe nekujeka nephahlanguro panda dzeshe dzine chekuita ngemare dzeHurumende;
- (b) mare yeHurumende inosiso kudetsera budiro yenyika, uye kakurutu—
 - (i) mutoro wekubatirwa mare yemithero unosisogowerwa zvakaenzana
 - (ii) mare inenge yaunganidzwa ngenyika inosisogowerwa zvakaenzanirana pakati pehurumende yenyika nehurumende dzematunthu uye omapazi ehurumende; uye
 - (iii) mare inosisoshandiswa muzviro zvine chekuita neburidiro yeZimbabwe uye kushandiswa kwemare kunosisoonekwa kuti apana ere kukanganikwa kwaeanthu nendau dzakasaririra;
- (c) mitoro nezvinoonekwa kubve mukushandiswa kwemare nezvimweni zviwanikwa, zvinosisogowerwa zvakaenzanirana pakati pakati peanthu aripo nyamashi nechauya;
- (d) mare yeHurumende inosisoshandiswa zvakajeka, zvine ungaru yeingwariridzwa kahle;
- (e) kushandiswa kwemare kunosisoizwa ngechido uye kuphahlangura mashandisirwe emare kunosisojeka; uye
- (f) kukwereta mare kweHurumende nekubharirana pashi kune chekuite nechikwereti chenyika kunosisoizwa ngenjira iri pamphene uye inodetsere nyika yeZimbabwe.

(2) Akuna mitero icharipiswe anthu kubanze kwekunge basi zvatenderwa ngeBumbiro reMirawu rineri kana Murawu wePalamendi.

299 Mushando wePalamendi pakutotorosa ngezvemare inounganidzwa ngenyika nemashandire ayo

(1) Palamendi inosisototorosa nekuningira mashandisirwe emare ngeUtongi hweNyika uye maKhomisheni eshe nemasangano nemapazi eHurumende pamatantho eshe kukumanidzira mapokaanonoringira ngezvemuthetho ndau dzinoshanda dziri pashi pemasimba eHurumende, makhanzuru ematunthu neemadoropa neentaraunda, kuitire kubate gwinyiso kuti—

- (a) mare yeshe inounganidzwa ionekwe mashandirwo ayakaitwa;
- (b) mare yeshe yakashandiswa ionekwe kuti yakashandiswa ngenjira kwayo; uye
- (c) zvinosiso kuthlabangwa nekuizwa pamare yeshe yakagowerwa zvaizwa.

(2) Murawu wePalamendi unosisope njira dzinoshandiswa ngePalamendi dzekutotorosa nekuningira mashandisirwe emare aronzwa muchidimbu (1).

300 Panogumira mare ingakweretwa ngenyika, kukura kwegaa remare ringaizwa ngeHurumende negondiso yekuzobhadhara magaa

(1) Murawu wePalamendi unosisobeka panogumira—

- (a) mare nezvimweni zvingakweretwa ngeUtongi hweNyika;
- (b) chikwerete cheHurumende; uye
- (c) zvikwerete nezvinogondiswa ngenyika kuti ichabhadhara kana kudzororwa zvinogondiswa ngeUtongi hweNyika; uye

pezvinogumira apasisi kudarikidzwa pasina kuhinwa mvumo ngeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika.

(2) Murawu wePalamendi unosiso kubeke zvinotenderwa nezvinoningirirwa pakugondesa kweHurumende kubhadhara zvekwerete.

(3) Mukati mwemazuwa makumi matanthatu sure kwekunge Hurumende yate chitenderano chekukwereta mare kana kugondesa kuzobhadhara, Gurukota rinoningira ngezvemare rinosisoite kuti zvakatenderwana zvibudiswe muGazeti.

(4) Gurukota rinoningira ngezvemare rinosiso—

- (a) Kairi kana kudarika pagore, kubhuire Palamendi mashandire ezviro izvi –
 - (i) zvikwerete zvakatorwa ngeUtongi hweNyika; uye
 - (ii) zvikwerete zvakagondiswa kuzobhadharwa ngeUtongi hweNyika;
- (b) Panguwa imweyo inenge yeiziiswa ngezvemare inofungidzirwa kuti ichaunganidzwa neinofungidzirwa kuti ichashandiswa kuBandhla reanoemese Mirawu yeNyika kweitedzwa chikamu 305, kutura kuPalamendi phalanguro yakakwana maererano nechikwerete chenyika yeZimbabwe.

301 Mahambisirwe emare pakati peHurumende dzematunthu nemakhanzuru

(1) Murawu wePalamendi unosisope—

- (a) kugowerwa zvakaenzanirana kwemare dzekushandisa pakati pemakhanzuru ematunthu nemakhanzuru emadoropa nemakhanzuru entharaunda; uye
- (b) zvimweni zviri hazvo zvingagowerwa kumakhanzuru ematunthu nemakhanzuru entharaunda uye zvinoningirirwa pakugowerwa kwezviro izvi.

(2) Murawu wakaronzwa muchikamu (1) unosisoningirirwa kukumanidzire zvimweni—

- (a) zvido zvenyika;
- (b) urongwa hungaapo maererano nechikwerete chenyika nezvimweni zvinosisoizwa ngenyika;
- (c) zvinodikanwa nezvinodetsere hurumende yenyika zvinobekwa ngenjira yakasisira;
- (d) chido chekuti paenezvinodetsere anthu, kukumanidzire zvikora, nezvibhedhlera, mvura, mapato, ndau dzekuaraidzira uye magetsi kundau dzakasarira;
- (e) kuapo kwemare nekuizwa kahle kwemishando nemakhanzeli ematunthu, nemakhanzeli emadoropa uye makhanzuru entharaunda;
- (f) zvebudiro zvinodikanwa ngemakhanzuru ematunthu, nemakhanzeli emadoropa nemakhanzuru entharaunda;

- (g) kusaenzana munezveufumi kunoonekwa pakati pematunthu uye mukati mwematunthu.

(3) Mare isisi pasi pezvikamu zvisihanu kubve muzana inenge yaunganidzwa ngenyika mugore rezvekushandiswe kwemare iri hayo inosiso kugoverwa kumatunthu nemakanzuru entharaunda semugove wayo mugorero.

CHIBIMVU 2

CHIKHWAMA CHEMUUNGANIDZWA WEMARE YEHURMENDE

302 Chikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende

Pane chikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende icho chinosisobekwe mare dzeshe dzinobhadhariswe anthu dzemithero nedzinenge dzakweretwa kukumanidzire dzimweni mare dzinoonekwa ngeHurumende dzeibve kwakapaukana kubanze kwekunge Murawu wePalamendi—

- (a) weida kana weitendera kuti mare inge yeibekwa mune chimweni chikhwama chakaemeswe chakaningirana nechimweni chiro; kana
- (b) weitendera bazi rakaashire mare iyi kuti riingwarire, kana kungwarira chemweni chikamu chayo kuitire kuti rikone kuishandise pane zveinoda pakuizwa kwemishando

303 Kuburwa kwemare kubve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende

(1) Akuna mare ichatorwa kubve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende kubanze kwekunge yeiende koobhadhare zviro zvinotenderwa ngeBumbiro reMirawu rineri kana ngeMurawu wePalamendi.

(2) Mare inenge yatorwa kubve muchikhwama chemuunganidzwa weMare yeHurumende inosisoendeswa basi kumunthu anosiso kubhadharwa.

(3) Murawu wePalamendi unosisobeke njira dzinosiso—

- (a) pakutorwa kwemare kubve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende uye chimweni chikhwama cheHurumende;
- (b) pakungwarira nekushandiswe kwemare inenge iri muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende uye chimweniwo chikhwama cheHurumende.

304 Miripo unoduswa kuchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende

(1) Miripo yeshe inobhadhariswa pachikwerete cheUtongi hweNyika inosisotorwa muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende.

(2) Mare dzeshe dzinenge dzashanda pakuunganidzwa kwemare nekuite kuti chikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende ishande kahle dzinosisobve muchikhwama chakhona.

(3) Ngenda yeChidimbu (1)—

“Miripo inobhadhariswe pachikwerete” inokumanidzire mare inobara, mare inobatwa semuripo pamare inenge yakweretwa, mare inobekwe padii kuti izo detsere kubhadhara zvikwerete neimweni mare ingatsvakwa

peishandiswa chikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende segondiso yekuti mare yakhona ichapetudzwa, nekuripwa nekudzikinurwa kwemare dzakakweretwa.

CHIBIMVU 3

MVUMO YEKUSHANDISE MARE KUBVE MUCHIKHWAMA CHEMUUNGANIDZWA WEMARE YEHURUMENDE

305 Kupuwa kwemare kubve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende

(1) Gore rimwe ngarimwe, Gurukota rinoningira ngezvemare rinosisophahlangura kuBandhla reanoemese Mirawu yeNyika mushumo wemare inofungidzirwa kuti ichaunganidzwa neichashandiswe ngeHurumende mugore remare rinoteera.

(2) Mare inofungidzirwa kuti ichaunganidzwa neinofofungidzirwa kuti ichashandiswa inosisopuwe kuBandhla reanoemese Mirawu yeNyika kweiteedzwa Chidimbu (1) pazuwa rinohlongana nthengo dzeBandhla gore remare risati raamba. Kana mazuwa makumi matanthatu asati adarika kubve panoambire gore rezvemare rimwe ngarimwe, asi kana Palamendi ikamoshwa zvekuti zvinenge zvisisaiti kuti mushumo wemare inofungidzirwa kuti ichaunganidzwa iziiswe kuBandhla iri pnguwa iyoyo, zvinenge zvaakubhura kuBandhla reanoemese Mirawu yeNyika mukati mwemazuwa makumi matanthatu kubve pakahlongana Bandhla iri kekuamba kubve perakamoshwa.

(3) Zvikamu zvakasiyana zvinosisoziisa mare yezvinofungidzirwa kuti zvichaona uye yezvinofungidzirwa kuti zvichashandisa—

- (a) Khomisheni imwe ngaimwe yakaemeswa ngeBumiro reMirawu rineri;
- (b) Chihlayo chemukuru weanotorosa kushandiswa kwemare;
- (c) Chikamu cheaningira ngezvekutongwa kwenda;
- (d) Bandhla raanaMutape;
- (e) sangano rimweni riri haro rakabekwe muMurawu wePalamendi.

(4) Kana Bandhla reanoemese Mirawu yeNyika rikatenderana nemare inofungidzirwa kuti ichaunganidzwa neinofofungidzirwa kuti ichashandiswa mugore remare, tisikaningiri mare inobude kubve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende pashi paBumiro reMirawu rineri kana Murawu wePalamendi, Gurukota rinoningira ngezvemare rinosisoite kuti Bhiri richaziikanwa kuzwi Bhiri rekugowerwa kwemare ripuwiwe muBandhla reanoemese Mirawu yeNyika, uye Bhiri ro rinosiso—

- (a) kuti pae nemare ichatorwa muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende kuti ishandiswe kubhadhare zvinoda mare zinenge zvatenderwana;
- (b) kuti mare igowerwa kuzviro zvinenge zvakadudzwa panezvinofungidzirwa kuti zvichade mare, kweitedzerwa zvikamu zvakapaukana zvinode mare zvinenge zvatenderwa.

(5) Kana mare inonga yagowerwa kuti ishandiswe pane zvakadudzwa mumurawu wekugowerwa kwemare isikakwani kana kuti mare yeidirwa zviro zvinge zvisikazi kugowerwa mare, Gurukota rinoninhira ngezvemare richaone kuti paturwe kuBandhla reanoemese Mirawu yeNyika imweni mushumo yezvemare inofungidzirwa kuti ichadiwa kana Bandhla reanoemese Mirawu yeNyika raashira mushumo uyu Gurukota rezvemare richaite kuti Bhiri rekugowerwa kwemare rinoteera rekuamba ribekwe kuBandhla reanoemese Mirawu yeNyika kuitire kuti mare inodikanwa kubve kuchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende ibudiswe.

306 Mvumo yekushandise mare isati yapuwiwa

(1) Murawu wePalamendi unokone kutendera Mutungamiri weNyika kuti ape mvumo yekutorwa kwemare kubve muChikhwama cheMuunganidzwa weMare yeHurumende yekushandise kubhadhara zvinode mare zvainge zvisikazi kuziikanwa kana kuti zvinode mare yakawanda kudarike yainga yagoerwa pashi pemurawu umweni uri hawo, asi—

- (a) murawu ausisiri kutendera kutorwa kwemare inodarike chikamu chimwe basi nechidimbu kubve muzana chemare yeshe yakagowerwa pakugowerwa kwakapeisira kuizwa mumurawu wekugowerwa kwemare;
- (b) mare iri hayo inotorwa pashi pemurawu inosiso kudhibaniswa kana nemare inotutsirwa pane inofungidzirwa kuti ichaunganidzwa neinofungidzirwa kuti ichashandiswa muurongwa wekugowerwa kwemare, uye kana Bandhla reanoemese Mirawu weNyika raashira urongwa hwemare uhu, mare iyi inosisobve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende peishandiswe umweni muthetho unoteera wekuamba wekugowerwa kwemare.

(2) Kana murawu wekugowerwa kwemare mugore rezvemare usati waakushanda pakuamba kwegore rezvemare-ro, Murawu wePalamendi unokone kupe Mutungamiri weNyika mvumo yekuti mare ikone kutorwa kubve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende kuti pae nemare yekushandisa mumushando yeHurumende mumwedzi murongomuna yekuamba kwegore rezvemare, asi—

- (a) murawu ausisiri kutendera kutorwa kwemare inodarike chikamu chemwe basi kubve muzvitu chemare yaifungidzirwa kuti ichashande mugore rezvemare rakadarika;
- (b) mare iri hayo ichatorwe pashi pemurawu uyu inosiso kukumanidzirwa mumurawu wezvekugowerwa kwemare wegore rezvemare rakhona pashi pezvikwama zvapakaukana zvakancondana nezvinangwa zvapakaukana.

(3) Kana Palamendi ikaparadzwa pasati paane mare yakakwana inodikanwa pakuite mishando yeHurumende, Murawu wePalamendi unokone kutendera Mutungamiri wenyika kupe mvumo yekuti mare itorwe kubve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende kuitire kuti zvinode mare zviizwe kuguma kwpera mwedzi mitatu sure kwekunge Bandhla reanoemese Mirawu yeNyika raamba kuite mihlongano zveiteere kumoshwa kwero, asi mare iri hayo inenge yatorwa peishandiswe muthetho uyu, inosisobekwe mumurawu wekugoiwerwa kwemare asi yakapurwa yeibekwe muchikamu zvapakaukana zvekushandiswa kwemare.

307 Kushandise mare zvisina mvumo

(1) Kana zvikaonekwa kuti zvakashandiswe mare yakawanda kudarika yakagoerwa pashi pechikamu chinechi, kana zvikaonekwa kuti pane mare yakashandiswe pazviro zvainge zvisizi kugowerwa mare pashi pechikamu chinechi, Gurukota rinoningira ngezve mare rinosisoture Bhiri kuBadnhla reanoemese Mirawu yeNyika reikumbire mvumo yekudarikire mberi nekushandiswa kwemare uku kwakaamba kusina kutenderwa.

(2) Bhiri raronzwa muChidimbu (1) rinosisoturwe kubadnhla reanoemese Mirawu yeNyika ngekukasika uye kunyazwi zvaadinini mukati mwemazuwa makumi matanthatu kubve panguwa inenge yakaziikanwa kuti pakashandiswe mare yainge isikazi kutenderwa.

CHIBIMVU 4**KUNGWARIRWA KWEMARE NEFUMA YERUZHINJI****308 Mishando yevanongwarira mare nefuma yeruzhinji**

(1) MuChikamu chinechi—

“Mare yeHurumende” inokumanidzire mare chero iri hayo ine unikazi kana yakabatwa ngeUtongi hweNyika kana sangano kana rupande rweHurumende, kukumanidzira matunthu nentharaunda dzeHurumende, mapoka anoningira ngezvemurawu nepoka anoshanda ari pashi peHurumende;

“Fuma yeHurumende” inoronza fuma iri hayo ine unikazi kana yakabatwa ngeUtongi hweNyika kana ngesangano riri haro kana bazi reHurumende, kukumanidzire matunthu nentharaunda yeHurumende, mapoka anoningira ngezvemurawu, mapoka anoshanda ari pashi peHurumende.

(2) Mushando wemunthu weshe unoningira ngezvekushandiswa kwemare yeHurumende kungwarira mare iyi kuti ishandiswe pazviro zvakatenderwana zviri pamurawu basi uye muuwandu hwakatenderwa zviri pamurawu.

(3) Mushando wemunthu weshe unoningira ngezvekungwarirwa nekushandiswa kwefuma yeHurumende kungwarira fuma iyi nekuone kuti aizi kurashika kana kumoshwa kana kushaishwa kana kushandiswa pasiripo kana zvisizvo.

(4) Murawu wePalamendi unosiso kuite kuti kugurwa kwezviri muzvidimbu (2) ne(3) uye kurangwa nekupangwa kweanthu anonga atyora zviri muzvidimbu izvi kukasike uye, pakasisira kuti mare kana fuma inenge yakashaisha kushandiswa ipetudzwe.

CHIBIMVU 5**MUTOTOROSI MUKURU WEZVEMARE****309 Mutotorosi mukuru wezvemare nemishando yake**

(1) Panosiso kue nemutotorosi mukuru wezvemare uyo unoite mushando weHurumende asi asiri muushandi weHurumende.

(2) Mishando yemutotorosi mukuru wezvemare ngeinoti—

(a) kutotorose magwaro ezvemare, magwaro anopangidze mashandisirwe akaizwa mare nemashandisirwe akaizwa mare mumapazi eshe, mumasangano nemapazi eHurumende, makhanzuru ematunthu neemadoropa uye makhanzuru entharaunda eshe.

(b) kana akumbirwa ngeHurumende kutotorosa magwaro ezvekushandiswa kwemare, muboka rinoningira ngezve muthetho riri haro kana mapoka anoshanda ari pashi peHurumende;

(c) kuitire kuti patorwa matantho ekunasirisa zvisito kuema kahle mukushandiswa nekungwarirwa kwemare nefuma yeHurumende;

(d) kuite chero umweni mushando waanga hinwa kana kupangwa kuti aite ngeMurawu wePalamendi.

(3) Ashandi eHurumende anosisoite zveanonga apangirwa ngemutotorosi mukuru wezvemare sekuhinwa kwezvakaizwa muchidimbu 2(c).

310 Kubekwa kweMutotorosi mukuru wezvemare

(1) Mutotorosi mukuru unobekwa ngeMutungamiri weNyika sure kwekupuwe mvumo ngePalamendi.

(2) Mutotorosi mukuru anosisonga ari mugari wemuZimbabwe akakhetwa kweiningirwa kugondeka kwake uye anosisonga akasisira kushanda semutotorosi wemare kwemakore anogume kana kudarika gumi.

(3) Kureba kwemukuwo unotenderwa kuti aepachikundhla chemutotorosi mukuru wezvemare makore asikadariki matanthatu uye munthu uyu aasisiri kududzwa kua mutotorosi mukuru wemare sure kwekunge akamboite mushando uyu kwemakore matanthatu kana kudarika akateedzana, kana kuti asina kuteedzana asi makore aya aguma gumi nemairi kana akabatanidzwa.

(4) Asati aamba mushando, mutotorosi mukuru wezvemare anosisoitse mphiko yekugondeka nekudzipira kumushando ari pamberi peMutungamiri weNyika kana umweni munthu unenge atenderwa ngeMutungamiri weNyika sekubekwa kwezvakaizwa muUrungwa hweChitatu.

311 Kudziemera kwemutotorosi mukuru wezvemare

Pakushanda mushando wakwe, mutotorosi mukuru wezve mare aasisiri kubhuirwa zvekuita ngeumweni munthu kusiye kwekuteedza zviru mumurawu.

312 Mare inoashirwa ngemutotorosi mukuru wezvemare

(1) Murawu wePalamendi unosiso kuziise mutuso nezvimweni zvinoonekwa ngemutotorosi mukuru wezvemare izvo zvinobekwa pamwepo nekutenderwa ngeMutungamiri weNyika zveiteera mazano eGurukota rinoningira ngezvemare.

(2) Mutuso wemutotorosi mukuru wezvemare unosisobve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende uye ausisiri kudzasirwa paanonga a pachikundhla chakwe.

313 Kuduswa pachikundhla kweMutotorosi mukuru wezvemare

(1) Mutotorosi mukuru wezvemare unokone kuduswa pachikundhla ngenda ye izvi—

- (a) kushaishe kuite mushando wakwe ngenda yekurwara ngefungwa kana mui;
- (b) kushaisha kuite mushando zvakananyanya
- (c) kukhombhidza unthu hunoshooreka.

(2) Kana Gurukota rinoningira ngezvemare reiwirirana neKhomiti yePaliyamendi inoningira ngezvemare yeHurumende, rikaziise Mutungamiri weNyika kuti ndaa yekuduswa pachikundhla kwemutotorosi mukuru wezvemare inoda kuningirisa, Mutungamiri weNyika unosisoumbe bandhla reatongi rinoningirisa ndaa iyi.

(3) Bandhla reatongi rinenge raumbwa pashi peChidimbu (2) rinosiso kukumanidzira nthengo dzinoguma nthatu kana kudarika dzinodudzwa ngeMutungamiri weNyika, idzo—

- (a) umwe basi wao unosisonga ari munthu akamboshanda semutongi; uye
- (b) umwe wao unosisokhetwa kubve paanthu atatu anonga akhetwa ngerupande kana sanganao rakaambwa kubudikidza ngemurawu kuemerera atotorosi emare eHurumende muZimbabwe.

(4) Rupande kana sangano raronzwa muChidimbu 3(b) rinosiso kukheta kundhla yaronzwa ichi kana reinge razwi rite izvi ngeMutungamiri weNyika.

(5) Bandhla reatongi rinoubwa pashi pechidimbu (2) rinosiso kutotorese ndaa yekuduswa pachikundhla kwemutotorosi mukuru wezvemare, radaro rinosisoziise zvinenge zvabuda mukuningirisa nyaya uku kune Mutungamiri weNyika uye rope fungwa dzaro maererano nekuti mutotorosi mukuru wezvemare oduswa pachikundhla ere kana kuti kwete, uye kana bandhla iri rikati mutotorosi mukuru wezvemare unosiso kuduswa, Mutungamiri weNyika, kubudikidzwa ngezveanobhuya izvo zvinodhindwa ngechidhindo cheNyika unodusa mutotorosi mukuru wezvemare pachihlayo.

(6) Bandhla reatongi rinoubwa pashi paechidimbu (2) rine kodzero nemasimba akatodzana neemaKhomishena pashi pemurawu wezvemaKhomisheni anoningira ngezvekutotorosa [*Chitsauko 10:07*], kana uri hawo umweni murawu unotsiya murawu uyu.

314 Ashandi ari pashi peMutotorosi mukuru wezvemare

Murawu wePalamendi unosisope njira dzekubekwa kwebandhla rinopinze anthu anodetsere mutotorosi mukuru wezvemare mushando, uye unosisoziise maererano ne—

- (a) zvinodiwa kuti anthu aa azwi akasisira kuite mushando;
- (b) mashandire aanoita, zveanoninhgirirwa kuite nezvinoizwa pakupangwa kweanthu aa;
- (c) kushande zvakasunthunuka zvisina kurerekera dii nekugondeka kweanthu aya;
- (d) marongerwo nemashandiro anoemurika echihlayo chemutotorosi mukuru wezvemare.

CHIBIMVU 6

ZVIMWENI

315 Kutengwa kwezviro nekubhadhara zvimweni zvitenderano zvinoizwa ngeHurumende

(1) Murawu wePalamendi unosisoemese zvinosisoteedzwa pakutengwa kwezviro nezvekushandisa ngeHurumende uye masangano eshe nemapazi eHurumende pamatantho eshe, kuitire kuti kutengwa kwezviro nezvekushandisa kuizwa ngenjira iri pambhene yakaenzanirana, yakagondeka inegwinyiso isikatambisi mare neinokwikwidza.

(2) Murawu wePalamendi unosisoite kutipae nehurukuro uye kushanda kahle kwezvitenderano zvinoizwa ngeUtongi hweNyika zvinoteera—

- (a) zvitenderano zvekushande pamwepo neamweni ;
- (b) zvitenderano zvekuaka nekushandiswa kwezviakwa nezvekushandisa; uye
- (c) zvitenderano zvekutsa zvicherwa nedzimweni kodzero;

kuti pae nekuitire zviro pambhene mugwinyiso, pasikatambiswi mare zvine kukwikwidzwa.

316 Mahambisirwe ekundhla dzinoningira ngezvemirawu

Murawu wePalamendi inosiso kuite kuti pae nemashandire anoemurika emapandhla anoningira ngezve murawu uye, kakurutu, unosiso kuite kuti atungamiriri ezvihlayo izvi atungamire kwenguwa yakabekwe kuti kana eipetudzwa pazvihlayo zviitewa ngendaa yekukona mushando kwao;

317 Bhengi Guru reZimbabwe

(1) Kune Bhengi Guru, richaziikanwa seBhengi Guru reZimbabwe, rine mabiningidzo e—

- (a) kupangidza mashandisirwe emare;
- (b) kungwarira mare yeZimbabwe reikoshese kuandudzwa kweufumi ngenjira yakaenzana uye inoenderere mberi kwenguwa yakareba; uye
- (c) kuumbe nekudzike mirawu yezvemashandisirwe emare.

(2) Murawu wePalamendi unokone kubeke maemere nematongerwe eBhengi Guru reZimbabwe nekupe imweni mishando reinosisoita.

CHIPAUKO 18

MIRAWU IMWENI NEIMWENI YAKATUTSIRWA

CHIBIMVU 1

MIRAWU IMWENI INOENDERANA NEMAKHOMISHENI

318 Mashandisike eChibimvu 1

Chibimvu chinechi chinobate maKhomisheni akaumbwa ngeBumbiro reMirawu rineri uye kunthengo imwe ngaimwe yeKhomisheni iyi.

319 Makhomisheni anosisa kushanda semakhambani akadziemera ega

MaKhomisheni masangano akaumbwa ngeMurawu, ane mushando usingaperi uye anokone kumangara kana kumangarirwa ndaa kumatara endaa.

320 Nthengo dzeKhomisheni nemushandire wadzo

(1) Kubanze kwekunge zvakabharwa muBumbiro reMirawu rineri, nthengo imwe ngaimwe yeKhomisheni inohinwa mushando kwemukuwo unoguma makore mashanu panguwa imwe basi uye yeikone kututsirwa amweni makore mashanu basi.

(2) Nthengo dzemaKhomisheni, kubanze kwaaya—

- (a) Khomisheni dzakazviemerera;
- (b) Khomisheni inoningira ngezveUtongi;
- (c) Khomisheni inoningira ngezvekurwisana neurimbwi; uye
- (d) Khomisheni inoningira ngezveminda; dzinoshanda kwenguwa inodiwa ngeMutungamiri weNyika.

(3) Ngenjira inoenderane neBumbiro reMirawu rineri, nthengo dzePalamendi nenthango dzemakhanzuru ematunthu neemadoropa, makhanzuru entharaunda nemarupande anoshande ari pashi peHurumende, aatenderwi kua nthengo dzemakhomisheni.

(4) Kana Khomisheni iina sachihlayo nemuteedzeri wasachihlayo anosisonga umweni ari mukadzi umweni ari muisa.

(5) Dzisati dzaamba mushando nthengo dzemaKhomisheni dzinosisoite mbhiko yekugondeka uye yemushando yemushando pamberi peMutungamiri weNyika kana umweni munthu akahinwe mvumo yekuitise izvi ngeMutungamiri weNyika sekubharwa kwezvakaizwa muUrungwa hweChitatu.

(6) Nthengo dzemaKhomisheni dzinosisoashidzwa muhora, zviwanikwa nezvimweni zveanopuwa sezvinokone kuhinwa nge kana pasi pemurawu wePalamendi uye mutuso ausisiri kudzasirwa panguwa yeanaonga ari pazvihlayo.

(7) Mutuso nezvionekwa zvinoashidzwa nthengo dzeKhomisheni zvinobve muchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende.

321 Mishando nemushandire wemaKhomisheni

(1) Murawu wePalamendi unokone kupe imweni mishando kuKhomisheni uye unokone kuziise zvinosisoizwa nezvisingasisiri kuizwa ngeKhomisheni, ndokunge sunthunuko nekuite mushando kahle kweKhomisheni iyi kusikashaishwi.

(2) Murawu wePalamendi waronzwa muChidimbu (1) unokone kutendera Khomisheni kuti ipe Mushando wayo kune amweni anthu asi Khomisheni aitenderwi kuti peinope mushando wayo kune amweni anthu iape masimba ayo akupinze mishando kana ekupe mazano kuchihlayo chiri hacho chakaumbwa kubudikudza ngeBumbiro reMirawu rineri.

(3) Kweiteedzwe Bumbiro reMirawu rineri, fungwa iri hayo yeKhomisheni inosiso kuwirirana neyeruzhinji rwentengo dzeKhomisheni dzinenge dziripo panobekwe chisungo.

(4) Murawu uri hawo wePalamendi unokone kupe urungwa hunosisotorwe neKhomisheni, uye kana pasina zvapuwa nemurawu Khomisheni inokone kubeka zvinosisoteedzwa, asi urungwa uri hawo unosisotodzanisa nekumurudzira kuita zviro pambhene mukushanda kweKhomisheni.

322 Kuoneswa mare kwamaKhomisheni

Palamendi inosiso kubate gwinyiso kuti mare dzakakwana dzagowerwa kumaKhomisheni kuti akone kuite mishando yawo kahle.

323 MaKhomisheni anosiso kupe mishumo kuPalamendi pagore

(1) Khomisheni imwe ngaimwe inosisotura kuPalamendi kubudikidza ngeGurukota reinoshando iri pasi paro, gwaro rinophahlangura zvakadzara mashandire nemishando yaro yerakaita pagore, gwaro iri rinosisoturwe kuper kwemwedzi waKurume wegore rinoteera rine gwaro riri kuronzwa.

(2) Murawu wePalamendi unokone kuti Khomisheni ipewo amweni magwaro padera pegwaro rinophahlanguea zvakadzara mashandire erakaita pagore raphahlangurwa muChidimbu (1), uye unokone kubekenjira yekuti magwaro anohinwa sei.

CHIBIMVU 2**ZVIMWENI****324 Kutsamwirira kushanda pane zvinoningirirwa ngeBumbiro reMirawu**

Zveshe zvinosisoizwa zvakathlondana neBumbiro reMirawu zvinosisoizwa ngemwoyo weshe ngekuksaika.

325 Mare yekushandisa inopuwe marupande akaumbwa ngeBumbiro reMirawu neamweni marupande

(1) Hurumende inosiso kuone kuti mare dzakakwana dzahinwa—

- (a) kumaKhomisheni neamweni masangano akaemeswa ngeBumbiro reMirawu rineri kuti akone kuite mishando yawo kahle;
- (b) kuPalamendi kuti iyo nemaKhomiti ayo akone kuite mihlongano panguwa dzeshe dzkasisira; uye
- (c) kumarupande amweni eshe eUtongi hweNyika neHurumende, kuti akone kuite mushando wao sezveanosiso kuita pasi peBumbiro reMirawu rineri.

(2) MaKhomisheni neamweni masangano akaemeswa ngeBumbiro reMirawu rineri anosiso kupuwe mukana unozwisika kuti aziise kuKhomiti yePalamendi pane zvemare dzeachapuwa mugore rezvemare rimwe ngarimwe.

326 Mirawu inonyanya kushandiswe munyika dzepashi reshe

(1) Mithetho yechigarire yeNyika dzepashi reshe iri chikamu chemurawu wemuZimbabwe kubanze kwekunge isikawirirani nezviri muBumbiro reMirawu rineri kana kuti neMurawu wePalamendi.

(2) Kana murawu weiphahlangurwa, Dare rendaa nebadnhla reayongi rimwe ngarimwe rinosisoashira maphahlangururo anozwisika amuthetho anoenderana nemithetho yechigarire yeNyika dzepashi reshe inohambirana nemithetho yemuZimbabwe, reisiye amweni maphahlangururo anophikisana nemurawu uyu.

327 Mihlongano yenyika dzepashi reshe, zvitenderano nezvigurwa

(1) Muchikamu chinechi—

“Sangano repashi reshe” zvinoronga sangano rine nthengo mbiri kana kudarika renyika dzakasunthunuka kana kuti rine vaemereri venyika mbiri kana kudarika dzakasunthunuka ari aemereri;

“Chitenderano chenyika dzepashi reshe” zvinoronga chitenderano, chisungo, mahambisirwe, kana chiga pakati penyika kana Hurumende kana masangano epashi reshe.

(2) Chisungo chepashi reshe chakagurwa kana kuti chaizwa ngeMutungamiri weNyika kana kuti pasi pemasimba eMutungamiri weNyika—

- (a) achina simba rekubate Zimbabwe kubanze kwekunge chatenderwa ngePalamendi; uye
- (b) achiashirwi semurawu muZimbabwe kubanze kwekunge chabekwa mumuthetho kubudikidza ngeMurawu wePalamendi.

(3) Chitenderano chisiri chisungo chepashi reshe asi—

- (a) chitenderano kana chakaizwa ngeMutungamiri weNyika kana pasi

pemasimba eMutungamiri weNyika nesangano kana boka rimwe kana kudarika rekubanze kwenyika; uye

(b) chinode kuti pae nemare dzinoduswa ngeZimbabwe; achibati kana kusunga Zimbabwe kuguma chetenderwa ngePalamendi.

(4) Murawu wePalamendi unokone kuti zvidimbu (2) ne (3)—

(a) azvishandi pachisungo chenyika dzepashi reshe kana chitenderano kana kundhla yezvisungo kana zvitenderano izvozvo zviri hazvo; kana

(b) zvinoshande sure kwekunge zvambonasiriswa kuti zvihambidzane nechisungo chepashi reshe kana chitenderano kana zvikundhla zvezvisungo kana zvitenderano izvozvo zviri hazvo.

(5) Palamendi inokone, ngesure kwechitenderano, kududza kuti chisungo chepashi reshe kana kundhla yezvisungo zvepashi reshe azvidi mvumo pashi peChidimbu (2) asi chitenderano ichi achishandi kuzvisungo maitire nemashandire ane chekuita ne—

(a) kutorwa kana kugowerwa kwemare inobve kuchikhwama chemuunganidzwa wemare yeHurumende;

(b) kunasiriswa kwemuthetho weZimbabwe uri hawo.

(6) Kana kweiphahlangurwa murawu, Dare rendaa kana bandhla reatongi rimwe ngarimwe rinosisotora kuphahlangura kunozwisika kwemurawu zvinohambidzana nechitenderano chenyika dzepashi reshe chiri hacho, chisungo kana chitenderano chinobate Zimbabwe, reisiye amweni maphahlangurirwo anophikisane nechitenderano, chisungo kana chiga ichi.

328 Kunasiriswa kweBumbaro reMirawu

(1) MuChikamu chinechi—

“Bhiri reBumbaro reMirawu” zvinoronza Bhiri rekathlondana nekunasirise Bumbaro reMirawu rineri;

“Murawu wemukuwo wakabekwa” zvinoronza mithetho yeBumbaro reMirawu rineri inotendera kuti munthu ange ari pachikundhla mumishando yeHurumende.

(2) Murawu wePalamendi unonasirisa Bumbaro reMirawu rineri unosisoite izvi zvakajeka.

(3) Bhiri reBumbaro reMirawu arikoni kuturwa muSeneti kana muBandhla reanoemese Mirawu yeNyika sezviri muchikamu 131 kubanze kwekunge Mutungamiriri wePalamende ape chiziiso chemazuwa anogume kana kudarika makumi mapgimbanwe muGazeti echiziise zvinangwa zveBhiri iri.

(4) Sure kwekunge Mutungamiriri wePalamendi achangobva mukuziise ngezveBhiri reBumbaro reMirawu sezviri muChidimbu (3), Palamendi inosiso kukoke ruzhinji kuti ruupe fungwa dzarwo maererano nezviri muBhiri iri pamihlongano yeruzhinji rweanthu uye kubudikidze ngefungwa dzakabharwa, uye inosisokoke mihlongano nekunasire Ndau dzinoite kuti athu ape fungwa dzawo.

(5) Bhiri reBumbaro reMirawu rinosisoashirwa, perinoerengwa kekupeisira ngeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika neSeneti, kubudikidze ngekheto dzezvikamu zviiri kubve muzvitatu zventhengo dzedare rimwe ngarimwe.

(6) Kana Bhiri reBumbaro reMirawu reide kunasiriswa, murawu uri hawo uri muChipauko 4 kana Chipauko 16—

(a) mukati mwemwedzi mitatu sure kwekunge raashirwa ngeBandhla

reanoemese Mirawu yeNyika neSeneti zveienderana nezviri muchidimbu (5), rinosisoitirwa referendamu yenyika yeshe; uye

- (b) kana rikaashirwa ngeruzhinji rweakheti mureferendamu, Mubhuyiri weBandhla reanoemese Mirawu yeNyika anosiso kuite kuti riendeswe kuMutungamiri weNyika ngekukasika, uyo anosisoritendera uye kudhinda kuti waa muthetho kubve apapo.

(7) Kusikaningiri zvimweni zviri hazvo zvinopuwe muchikamu chinechi, kunasiriswa kwemurawu wenguwa yakabekwa uyo unoite kuti kureba kwenguwa inotenderwa kuti munthu ange ari pachikundhla mumishando yeHurumende itutsirwe akubati munthu wainge ari pachikundhla ichi kana chimweni chikundhla chakatodzana neichocho, kunasiriswa kwemurawu uyu kusati kwaizwa.

(8) Zvidimbu (6) ne(7) azvisiso kunasiriswa zveshe muBhiri reBumiro reMirawu rimwe uye kunasiriswa kwezviku izvizve akusiso kuendeswa kureferendamu imwe.

(9) Chikamu chinechi chinokone kunasirisa basi kweiteedzwe urongwa hwakabekwe muzvidimbu (3), (4), (5) ne(6), sezvinoronzwa muchikamu chinechi muChipauko 4.

(10) Kana Bhiri reBumiro reMirawu rikaendeswa kuMutungamiri weNyika kuti ari ashire nekuridhinda, rinosisonge rine zvinoteera-

- (a) gwaro rinobve kuMutungamiri wePalamendi rinokhombidza kuti raashirwa kekupeisira rakatsigirwa neuwandu hwezviku zviiri kubva muzvitu zventhengo yePalamendi; uye
- (b) gwaro rinobve kuMutungamiri weSeneti rinokhombidza kuti raashirwa kekupeisira rakatsigirwa neuwandu hwezviku zviiri kubva muzvitu zventhengo dzeSeneti.

329 Kuqaya kushanda kweBumiro reMirawu, mithetho yekuambuka nezvinongwarirwa

Urongwa hwechiTanthatu hunoshanda panoambire kushanda Bumiro reMirawu rineri, panonga pamoshwa Bumiro reMirawu rekudhaya uye paakuuye zvitsva zvinenge zvaemeswe ngeBumiro reMirawu rineri.

CHIBIMVU 3

PHAHLANGURO

330 Mashandisirwe eChibimvu 3

Chikamu chinechi chinoshande kuphahlangurwa kweBumiro reMirawu rineri kubanze kwekunge zviripo zvine amweni mazwisiro.

331 Mirawu yekuphahlangurwa kweBumiro reMirawu

Chikamu 46 chinoshande, chine kuchichwa kuri hakwo kakatodza mukuphahlangurwa kweBumiro reMirawu rineri kusiya kwezviri muChipauko 4.

332 Maphahlanguro

Mubumiro reMirawu rineri—

“Murawu wePalamendi” unoronze—

- (a) murawu wakaashirwa ngePalamendi uye ukaendeswa koodhindwa ngeMutungamiri weNyika kweiteedzwe Bumbiro reMirawu rineri kana;
- (b) murawu waishande muZimbabwe semurawu wePalamendi zuwa rekuambe kushandise Bumbiro reMirawu risati raguma, kukumanidzire—
- (i) murawu uri hawo uri mugwaro remuthetho rakanasiriswa remurawu weZimbabwe rakaizwa mugore ra1996 pashi pemasimba emurawu wekunasira nekunasiriswa kwemurawu [*Chipauko 1:03*]; uye
- (ii) murawu uri hawo ungaro kubudikidze ngekusiirirwa mugwaro remurawu wakanasiriswa waronzwa ngezvawo mundima doko (i), wakaramba weishanda kunyazwi wakasiirirwa kudaro, uye
- (iii) murawu uri hawo wakabekwa ngeParamende yeZimbabwe sure kwegwaro remuthetho rakanasiriswa raronzwa ngezvaro mundima doko (i) asi zuwa rekuti uambe kushanda risati raguma;
- “unthu pakuizwa kwemishando yeutungamiri” zvinokumanidzire iri hayo fungwa, maitire kana kusiirira kwemushandi weHurumende kana munthu wainge eiita mushando une chekuita neHurumende, nekorerera kana kuramba kwemunthu uwowo kuti agume pakufunga ko kana kuite zvakadarokwo;
- “kunasirisa” zvinokumanidzire kupaukanisa, kunasirisa, kuchicha, kututsira, kudzima, kana kuite kuti zvihambidzane nezviripo;
- “kheto doko” zvinoronze kheto yekutsvaka ungapinde panonga paite mukana wambomuka mumushando wePalamendi kana mukhanzuru yentharaunda;
- “Mambo” zvinoronza Mambo aronzwa ngezvakwe muChipauko 15; “Mushando weHurumende” Une phahlanguro yakahinwa muchikamu 199; “Khomisheni” zvinoronze Khomisheni yakaemeswa ngeBumbiro reMirawu rineri;
- “Khomiti inoningira ngezvemirawu neurongwa” zvinoronze Khomiti ine zina iroro yakaemeswe pashi pechikamu 151;
- “Minda yekumakanyi” zvinoronze ndau yakabekwe pashi pemurawu wePalamendi uye yakabatwe kweiteedzwe muthetho wechigarire ngenhengo dzenthengo dzentharaunda pashi peutungamiri hwamambo;
- “Bhiri reBumbiro reMirawu” zvinoronze Bhiri rekuti, kana rikabekwa, rinokonzera kunasiriswa kwemithetho iri hayo yeBumbiro reMirawu rineri;
- “Dare reBumbiro reMirawu” zvinoronze Dare reBumbiro reMirawu rakaemeswe ngechikamu 162 (a);
- “nda ine chekuita neBumbiro reMirawu” zvinoronze ndaa ine chekuita nemaphahlangurirwao, mangwaririrwo kana kushandiswa kweBumbiro reMirawu rineri;
- “murawu wechigarire” zvinoronze murawu wechigarire wechikamu kana ntharaunda yeanthu emuZimbabwe iri hayo;
- “murawu wekupanga” zvinoronze murawu wakabharwe unotonge mapangirwe enthengo dzinongwarira nyika, kudhibanisira nthengo dzinoshanda ngenguwa, pedzinge dzeiite mushando kana pedzinokorerera kuite mushando sekufundiswa kwedzakaizwa;
- “bandhla revanongwarira nyika” zvinoronze—
- (a) masoja emumvura, epashi neemuchadenga;
- (b) mapurisa;

- (c) vanongwarira matirongo; kana
 - (d) rimweni bandhla riri haro rakaemeswa ngezvinangwa zvekuite mushando weHurumende kubudikidza kana pasi pemurawu wePalamendi uye zvikasiiswa ngemurawu uyu kuti ichi chikamu cheanongwarire nyika;
- “Zuwa rekuamaba kushanda kweBumbyiro reMirawu” zvinoronze zuwa rinoambe kushanda Bumbyiro reMirawu rineri kweitedzwa ndima 3(2) yeUrungwa hwechiTanthatu;
- “Murawu wekheto” zvinoronze muthetho wePaliyamendi unotungamire kuizwa kwekheto kweitedzwe Bumbyiro reMirawu rineri;
- “Gore rezvemare” zvinoronze mukuwo wemwedzi gumi nemiiri inoguma musi wa31 Zvita;
- “Mushando” zvinokumanidzira simba nemushando;
- “Gazeti” zvinoronze gwaro riri pamurawu weHurumende uye kukumanidzira zvimweni zvingatutsirwa kuGazetiro;
- “Khetu huru” zvinoronze khetu huru—
- (a) eMutungamiri weNyika, atedzeri eMutungamiri weNyika nenthengo dzePaliyamendi;
 - (b) nthengo dzeBandhla reanotungamire makhanzuru entharaunda “Hurumende” zvinoronze Hurumende yeZimbabwe;
- “Mapazi ari pasi peHurumende” zvinoronze sangano kana khambani zvinoshande kana kuite mishando yazvo zveironzerwa zvekuita ngeUtongi hweNyika kana ngemunthu akaemerere Utongi hweNyika, kungaa kubudikidza ngekuwa neunikazi weugove hweufumi hwakakura musangano kana khambani iyikana zvimweni zvakadaro;
- “Mphatso” kubanze kwekunge zvaandudzwa, zvinoronze Seneti kana Bandhla reanoemesa Mirawu yeNyika;
- “Khomisheni yakadziemera” zvinoronzwe Khomisheni yakaronzwa ngezvayo muchikamu 232;
- “Mutongi” zvinoronze mutongi weDare reBumbyiro reMirawu, Dare Gurutu, Dare Guru, Dare reashandi neashandirwi kana weDare rezveutungamiri;
- “Khomisheni inoningira ngezveutongi zvinoronze Khomisheni ine zina iri yakaemeswe ngechikamu 189;
- “Murawu” zvinoronzwe—
- (a) murawu uri hawo weBumbyiro reMirawu rineri kana kuti weMurawu wePalamendi;
 - (b) murawu uri hawo uri murawu wakabharwa; kana
 - (c) murawu usito kubharwa uri hawo weishanda muZimbabwe, kukumanidzira muthetho wechigarire; uye “zvinotenderwa”, “sezvinotenderwa”, “zviri pamurawu”, “sezvinotenderwa” zvinozwisiswa nezvezvinoronzwa;
- “Gqeta” zvinoronze munthu unotenderwa kushanda mushando wezvemurawu muZimbabwe;
- “Khanzuru yentharaunda” zvinoronze khanzuru yakaronzwa ngezvayo muchikamu (3) cheChipauko 14;
- “Nthengo”, zvinoenderera ne—
- (a) Khomisheni kana rimweni bandhla rakaemeswe ngeBumbyiro reMirawu rineri kukumanidzira sachihlayo nemuteedzeri wasachihlayo;

- (b) bandhla rezvemirawu, khanzuru yedunthu kana dhorobha kana khanzuru yentharaunda zvinoronze munthu wakabekwa kana kukhetwa kue mukhazuru, bandhla kana rimweniwo rupande—
- (i) ibandhla rezvemurawu, khanzuru yedunthu kana yedhorobha kana khanzuru yentharaunda; kana
- (ii) ine mushando wekutungamire mushado webandhla rezvemurawu khanzuru yedunthu kana yedhorobha kana khanzuru yentharaunda;
- “Nthengo yePalamendi” zvinoronze Seneta kana nthengo yeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika;
- “Khanzuru yedhorobha zvinoronze khanzuru yakaemeswe ngechikamu 269 yechiumbirwa dunthu redhorobha;
- “Dunthu reguta” zvinoronze dunthu redhorobha reBulawayo kana dunthu redhorobha reHarare, sezvingangowapo
- “Gurukota” zvinokumanidzire munthu uri kuite mushando weGurukota, zvisinei nezina reangadainzwa ndiro;
- “Murawu weNyika” zvinoronze murawu wePalamendi kana murawu wakabharwa wakanasirwa pathi pemurawu wePalamendi;
- “Mphiko” inokumanidzira kutendera “Offense” zvinoronze ndaa inosungisa;
- “Nguwa yejichimiru” zvinoronze nguwa yekuti kuziiswe kuti yae nguwa yekusagarisika munyika pathi pechikamu 113 yaapo.
- “Munthu” zvinoronze munthu akadziemera kana bandhla reanhu angaa akaungana kana asizi;
- “Mutungamiri weNyika” zvinoronze Mutungamiri weNyika yeZimbabwe;
- “Mutungamiri weSeneti wakakhetwa kweiteedze zviri muchikamu 122;
- “Khanzuru yedunthu” zvinoronze khanzuru yakaemeswe ngechikamu 268 yedunthu risiri dunthu redoropa;
- “Chikundhla cheruzhinji” zvinoronze chikundhla chine muhora chinoitirwe Utongi hweNyika;
- “Mushandi weveruzhinji” zvinoronze munthu unoite mushando kana akabate chikundhla chezveruzhinji;
- “Mushando wekungwarirwa kwenyika” zvinoronze mushando wezvekungwarirwa kwenyika wakaronzwa muchikamu 207;
- “Mambo Seneta” zvinoronze mambo akakhetwa kua Seneta kweiteedzwe zviri muchikamu 120(1)(b) kana (c);
- “Kuhlongana” zvinoronze nguwa yekuti nthengo dzeSeneti nedzeBandhla reanoemese Mithetho yeNyika dzinenge dzechiite mihlongano pasina kumbodzorora kukumanidzire nguwa yekuti Dare reSeneti neBandhla reanoemese Mirawu yeNyika anonga eishanda mumaKhomiti;
- “Zuwa rekuhlongana” zvinoronze zuwa riri haro repakati peviki rakabekwe ngeMuthetho weUrungwa unoteedzwa ngeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika kana Seneti, sezvingangowapo kuti izuwa rekuhlongana, kungaa kana kusaa, mpatso inohlongana pazuwa ro;
- “Mutungamiri wePalamende” zvinoronze Mutungamiri weBandhla reanoemese Mirawu yeNyika wakakhetwe kweiteedzwe zviri muchikamu 126;
- “Mirawu yeUrungwa,” inoenderana ne hachi chinosisoizwa nge—
- (a) Seneti, zvinoronze mithetho yeurongwa ye Seneti
- (b) Bandhla reanoemese Mirawu yeNyika, zvinoronze mirawu yeurongwa

yeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika;

- (c) Seneti neBandhla reanoemese Mirawu yeNyika zvakabatana zvinoronze mirawu yakabatanidzwa yeurongwa

Yakanasirwe kweiteedzwe zviri muchikamu 139;

“Bandhla rezvemurawu’ zvinoronze –

- (a) Khomisheni yakaemeswe ngeBumbiro reMirawu rineri; kana
 (b) sangano kana khambani yakaemeswa pashi peMurawu wePalamendi nezvinangwa zvakaronzwa muMurawu uwowo, rine nthengo dzinokumanidzira anthu anodudzwa ngeMutungamiri weNyika, Muteedzeri weMutungamiri weNyika, Gurukota, Muteedzeri weGurukota, rimweni bandhla rezvemirawu kana ngeKhomisheni yakaemeswe ngeBumbiro reMirawu rineri;

“Zvinoshandiswe pamurawu” zvinoronze zviri hazvo zvinoshandiswe pamurawu uye zvinonasirwa ngeMutungamiri weNyika, Muteedzeri weMutungamiri weNyika, Gurukota kana umweni munthu uri hakwe kana simba pashi peBumbiro reMirawu rineri kana murawu wePalamendi;

“Mutero” unokumanidzire mare dzinobhadharwa pakupinze zviro munyika, mare dzinobhadharwa nguwa ngenguwa kana mare dzinobhadharwa dzakancondana nechirongwa kana mare dzininingirirwa kubhadharwa;

“Mutape” zvinoronze munthu wakabekwe apapo kweiteedzwe chikamu 283; “Zimbabwe” zvinoronze nyika yeZimbabwe;

“Khomisheni inoningira ngezvekheto muZimbabwe” zvinoronze Khomisheni ine zina iroro yakaemeswa ngechikamu 238;

“Khomisheni inoningira ngezvekodzero dzeanthu muZimbabwe” zvinoronze Khomisheni ine zina iroro yakaemeswe ngechikamu 242.

333 Zvakaningirana neZvipauko, Zvibimvu nezvimweniwo

Kushandiswa kuri hako kweBumbiro reMirawu rineri, kusingakhombidzi ku –

- (a) Chipauko, chikamu kana Urongwa, kuchatorwe sekuti kunoronzwa ngezveChitsauko kana chikamu kana Urongwa hweBumbiro reMirawu rineri;
 (b) chidimbu chinosisozwisiswa sechinoronze chidimbu chechikamu kuronzwa ngezvacho;
 (c) ndima, inosisozwisiswa seinoronze chidimbu chechikamu kuronzwa ngezvacho;
 (d) ndima doko inosisozwisiswa seinoronza ndima doko yendima iri kuronzwa ngezvayo.

334 Magama akabharwa ari muushoma anosisa kukumanidzira nearimuuzhinji zveipetukira

MuBumbiro reMirawu rineri mazwi ari muushoma anokumanidzire ari muuzhinji uye ari muuzhinji anokumanidzirawo ari muushoma.

335 Mathebhura nemisoro yendaa

Mathebhura ezviri mukati nemisoro yezviitsauko, zvikamu nezvimweni zvakabharwa muBumbiro reMirawu rineri azvisi chikamu cheBumbiro reMirawu zvakangoiswa basi kudetsere kuti zviro zviri muBumbiro reMurawu zvikone kuoneka nyore.

336 Zvakaningirana nenguwa

(1) MuBumburo reMirawu rineri, peshe pakaronzwa ngezvenguwa peishandiswe mazuwa—

- (a) kuamba pazuwa iroro kana kubve pazuwa rakaronzwa, zuwa racho iroro arierengwi panguwa inenge yeironzwa ngezvayo;
- (b) panoperere zuwa kana kuguma musi wakabekwa zuwa kana musi wacho unosisoerengwa panguwa iri kuronzwa ngezvayo.

(2) Zveienderana nezviri muBumbiro reMirawu rineri, peshe pekuti nguwa inosisoizwa chiro sezvakabharwa muBumbiro reMirawu rineri unenge uri musi weMugqubera, Soto kana zuwa rekudzorora renyika yeshe, nguwa yechainge cheisisoizwa itustirwe uye chiro ichocho chinozoizwa zuwa rinoteera risiri Mugqubera, Soto kana zuwa rekudzorora renyika yeshe.

(3) Panoronzwa ngezvemwedzi muBumbiro reMirawu rineri zvinenge zveironze mwedzi yepakalenda uye nguwa yemwedzi ichaamba kuerengwa musi uri kuronzwa ngezvawo kuguma pazuwa rakatodzana neiroro remwedzi panoperera nguwa iri kuronzwa ngezvayo.

(4) Kuronza muBumbiro reMirawu rineri pasina kujekesa kuti nguwa iri iri kuronzwa igore kunosiso kuzwiswa sekuti inguwa yakareba mwedzi gumi nemiiri.

337 Zvakaningirana neabati ezvikundhla

Peshe panoronzwa muBumbiro reMirawu rineri ngezvemubati wechihlayo kubudikidze ngezina rechihlayo zvinokumanidzire munthu uri hakwe unoshanda kana unotenderwa ngemuthetho kuite mishando wechihlayo ichocho.

338 Zvakaningirana nePalamendi

MuBumbiro reMirawu rineri, panodiwa kuti mushumo kana mamweni mgwaro ezvakaitika riendeswe kuPalamendi, mushumo kana gwaro rinosisohinwa kana kuturwe ku Seneti nekuBandhla reanoemese Mirawu yeNyika.

339 Mazano nekupangana

(1) Peshe panodiwa ngeBumbiro reMirawu rineri kuti munthu kana boka ritore matanthe kubudikidze ngemazano eumweni munthu, munthu kana boka iroro rinosiso—

- (a) kuziise umweni munthu ngekubhara zveanoningirira kuita uye robve rape munthu uyu ruziwo rwakadzara kuitire kuti munthu uyu azwisise maemere nezvinozoitika ngendaa yechiitiko iichi; uye
- (b) kuonesa umweni munthu mukana wakadzara wekuti adetsere nemazano;

uye munthu kana boka zvinoningirirwa kuteedzere mazano anonga ahinwa ngeumweni munthu.

(2) Peshe panodiwa ngeBumbiro reMirawu rineri kuti munthu kana boka ribvunze mazano kune umweni munthu, kana kutore matanthe sure kwekubvunze mazano kune umweni munthu, munthu wakhona kana boka iroro rinosiso—

- (a) kuziise umweni munthu, kubudikidze ngekunyora, zveanoningirirwa kuita uye robve rape munthu uyu ruziwo rwakadzara kuitire kuti munthu uyu azwisise maemero nezvinozoiika ngendaa yechiitiko ichi;
- (b) kuoneswa umweni munthu uyu mukana wakadzara wekuti adetsere ngemazano kana zveanothlabanga kuti ndizvo zvinosisoizwa; uye
- (c) kunasa kufungisisa padera pemazano kana zvinofungwa ngeumweni munthu uyu kuti ndizvi zvinosisoizwa panda iripo;

asi munthu kana boka parimaikidzwi kuteedzera zvinofungwa ngeumweni munthu uwu kuti ndizvo zvinosisoizwa.

340 Kubekwa kweanthu pazvikundhla

(1) Kubanze kwezvakaziiswe muBumbiro reMirawu rineri, simba rekuise munthu pachikundhla, pashi peBumbiro reMirawu rineri rinokumanidzire simba rakatodzana ne—

- (a) rekupetudza munthu pachihlayo chimwecho;
- (b) rekupe munthu chihlayo chepadera kana kumudusa kune chimweni chihlayo eipinde pachihlayo cho;
- (c) rekuti munthu afane kubate chihlayo;
- (d) rekupe munthu chihlayo pechinenge chichine umweni munthu wo akamboema mushando akaamera kuzosiye mushando zvamuchobodo;
- (e) rekudzike kana kupauranisa zvinoningirirwa pakushanda kwemunthu wakhona pamushando uwowo, kukumanidzira mutuso wemuthuwo, nguwa yechange ari pamushando nezvimweni zvakanaka zvinohinwa munthu peanosiyeye mushando; uye
- (f) peiteedzwe Bumbiro reMirawu rineri kuemesa kana kudzinge munthu uyu mushando.

(2) Kana anthu airi kana kudarika ari pachihlayo chimwe ngendaa yekuti umweni unenge ahinwa chihlayo ichi panguwa iyo munikazi wechihlayo ari padzoro akaamera kuzosiye chihlayo, munthu akapeisira kuhinwa chihkayo anosisotorwa ungati ndiye ega minikazi wechihlayo.

(3) Zveienderane nezviri muBumbiro reMirawu rineri, Murawu wePalamendi unokone kuti padudzwe muteedzere kana ateedzere emunthu uri hakwe une chihlayo pashi peBumbiro reMirawu rineri uye muthetho uyu unokone kuziise mishando yemuteedzere kana ateedzere aa sezveanosobhadharwa.

(4) Kana kwadudzwe kuteedzere kumunthu uri pachihlayo pashi peBumbiro reMirawu rineri, Muteedzere uyu unokone kuite mushando uri hawo unoningirirwa pachihlayo ichi peshe panonga munikazi wechihlayo asikakoni kuite mushando ngendaa yechikonzero chiri hacho.

(5) Zveienderane nemurawu uri hawo weBumbiro reMirawu rineri, unokone kudzasira nguwa kana mikana inokone kuti munthu ange ari pachihlayo, munthu unenge asiye chihlayo chakaemeswe ngeBumbiro reMirawu rineri anokone, ndokunga aka sisira, kupetudzwa kana kukhetwa zve pachihlayo.

341 Kusiye mishando

(1) Munthu uri hakwe akadudzwa kana kukhetwa kubekwe pachihlayo chakaemeswe ngeBumbiro reMirawu rineri unokone kusiye chihlayo ichi ngekubhare chiziiso kumunthu akamududzwa kana kumukheta, asi kana ari anthu aa—

- (a) Mutungamiri weNyika, ziiso inosisobharirwe kuMubhuyiri;
- (b) Mutungamiri weSeneti kana muteedzeri wakwe, ziiso inosisobharirwe kuMutungamiri wePalamendi kana kuziiswa kuSeneti;
- (c) Mutungamiri kana Muteedzeri weMutungamiri weBandhla reanoemese Mirawu yeNyika, ziiso inosisobharirwe kuMubhari wePalamendi kana kuziiswa kuBandhla reanoemese Mirawu yeNyika;
- (d) Seneta, ziiso inosisobharirwe kuMutungamiri weSeneti;
- (e) nthengo yeBandhla reanoemese Mirawu yeNyika, ziiso inosiso kubharirwe Mutungamir wePalamende;
- (f) nthengo yekhanzuru yedunthu, ziiso inosisobharirwe kuna sachihlayo wekhanzuru;
- (g) nthengo yekhanzuru yedoropa, ziiso inosisobharirwe kunaMeya wedunthu;
- (h) nthengo yekhanzuru yentharaunda, ziiso inosisobharirwe kumutungamiri wekhanzuru.

(2) Kusiye mushando kwemunthu eibve pachihlayo chakaemeswe ngeBumbiro reMirawu rineri kuno ambe pazuwa kana nguwa iri paziiso yekusiye mushando, kana kuti kana pasina zuwa kana nguwa yakabekwa, panoashirwa ziiso iyi ngemuthu akabharirwe kana ngemweni munthu akatenderwa neanga abharirwa kuti aashire.

342 Kuizwa kwemishando nezvimweniwo

(1) Simba, mvumo kana kodzero zvinohinwa ngeBumbiro reMirawu rineri zvinokone kuizwa uye pmushando wakahinwa ngeBumbiro reMirawu rineri unosisoizwa pezvinenge zvakatodza kuti zviizwe.

(2) Masangano eshe akaemeswa ngeBumbiro reMirawu rineri ane masimba eshe akasisira ekuti adzadzise zvinangwa zvawo nekuite mishando yawo.

(3) Panonga pakahinwa simba, mvumo kana kodzero ngeBumbiro reMirawu rineri, amweni masimba ari hawo kana dzimweni kodzero dziri hadzo dzakasisira dzinodetseredza mushando uwu, dzinotorwe sedzatohinwawo.

343 Kuti munthu asiri pachikundhla chemishando yeruzhinji

Ngezvingwa zveBumbiro reMirawu rineri, anthu aangazwi akabate zvihlayo zveruzhinji ngendaa basi yekuti anoashire mare yephejani, anoashira chidimbu chemihoro yawo anoashire mare yekurekera mishando kana imweniwo mare ine chekuita nemishando waakamboshanda muHurumende.

344 Uwandu hwenthengo dzinosisa kuapo kuti muhlongano uqxaye kana zvinoitika kana patamika anthu anobve kumarupande ari pashi peBumbiro reMirawu

(1) Bandhla rakaemeswa nge kana pashi peBumbiro reMurawu rineri rinokone kushanda pane umwe kana kudarika wenthango dzaro dzisipo, ndokunge nthengo dzo dzebandhla iri dzape mvumo kana dzinoite kuti zvinosisoizwa zviizwe dzine uwandu hunodikanwa.

(2) Kubanze kwekunge Bumbiro reMirawu rineri kana muthetho unozisa maitirwe emushando mubandhla iroro, ukati pae neamweni maitiro, uwandu hwechikamu pakati nepakati hwenthengo dzeshe dzebandhla riri haro rakaemeswa nge kana pashi peBumbiro reMirawu rineri ndiho uwandu hunodikanwa kuti mushando uizwa.

- (3) Pashe pano ronzwa, muBumbiro reMirawu rineri ngezvekheto dze—
- (a) uwandi hwechikamu pakati nepakati hwenthengo dzebandhla rine nthengo dzisikakoni kupaurwa kubekwe mumapoka mairi akaenzana;
 - (b) uwandu hwezvikamu zviiri kubve muzvitanu zventhengo dzebandhla rinenthengo dzisikakoni kupaurwa kubekwe mumapoka matatu akaenzana; kaka
 - (c) uwandu hwezvikamu zvitatu kubve muzvirongomuna zventhengo dzebandhla rinenthengo dzisikakoni kupaurwa kubekwa mumapoka marongamuna akaenzana;

